

Serie No. 976 a.

f 0.50

PĒPĒNDĒMAN NABI SOELAEMAN

KARANGAN

H. RIDER HAGGARD

DISOENDAKEUN KOE

MOH. AMBRI

(BALE POESTAKA)

DJILID II



NSISWA
KAAN
a Kirti Griya

BALE POESTAKA

BATAVIA-CENTRUM



Serie No. 976 a

PĒPĒNDĒMAN NABI SOELAEMAN

KARANGAN


H. RIDER HAGGARD

DISOENDAKEUN KOE

MOH. AMBRI

(BALE POESTAKA)

DJILID II



BALE POESTAKA — 1932 — BATAVIA-CENTRUM

*Hak noe ngarang disěngkěr noeroetkeun artikěl 11
tina wet, noe kaeoni dina Staatsblad 1912 No. 600*



XI. DIPENTAAN TANDANA.

Lieuk deui-lieuk deui, mani njëri beuheung sosonggeteun ngadago-dago Infadoes, teu geura djëboel. Aja kana doea djamna sarerea dioek pada ngabëtëm, hate pinoeh koe kagila, kawatir patjampoer djeung gëmës ka noe tëlëngës; deungdeuleueun koe noe dilaladjoan tea nëpi ka teu hajang ngomong; madjarkeun teh pesta ngadjagal djëlëma. Barang peuting ngagajoeh ka soeboeh, kadenge di loear aja noe leumpang. Teu lila djol Infadoes barëng djeung gëgëden Koekoeana gënëpan.

„Gamparan, moegi oelah djadi bëndoe, abdi dongkap nohonan djangdji teh rada lami,” omongna. „Ieu ngabantoen djëlëma gënëpan, gëgëden di nagara ieu, saerangna njangking tiloe reboe sërdadoe. Sapamëndak, noe katingal noe kakoeping parantos disanggëmkeun. Mangga Injosi, Radja Koekoeana anoe sah, tembongkeun naga sakti anoe meulit dina tjangkeng sarëng dongengkeun deui lalakon kang poetra, soepados arandjeunna gilig soeka hënteuna ngahidji sarëng oerang ngalawan Radja ajeuna.”

Injosi braj ngalaan saboekna, nembongkeun tjangkengna. Para gëgëden tea rob ka Injosi, nëlëk² gambar naga didamaran koe satjaang-tjaangna palita, geus kitoe maloendoer deui, tapi kabeh ngabarëtëm bae, teu ngomong sakëtjap-këtjap atjan. Sanggeus disaboek deui, pok Injosi njaritakeun deui lalakonna, tjara noe geus didongengkeun ka pamanna.

„Tah, ajeuna”, tjek Infadoes, „parantos kadarangoe toetoe-ranana. Koemaha kërsa atanapi moal, ngabantoe ngaroeboehkeun Radja Tëwala. Abdi-abdi parantos teu rësëpeun diradjaan koe Tëwala, geus seueur teuing noe dipaehan, badanna diparabkeun ka sato galak, dipake kasoekaan. Doean deui noe bade diadjak barëmpag teh di dieu, nanging kaboeroe adjal manten, kapan kataringali tadi. Moal lami oge arandjeun doegi kana mangsana kenging giliran sapertos para saderek noe parantos taja dikieuna, saopami teu kërsa ngalawan. Mangga geura pilih.”

Noe pangkolotna di antara noe gënëpan, kapala përang dedepe, boeekna geus dawoek koe hoeis, madjoe ka hareup, toeloej njarita: „Eta kasaoeran lërës pisan, teu aja lëpatna, Infadoes, nagara

teh parantos djoemërit, hajangeun lesot tina kadoliman. Doeloer simkoering pribados adjalna tadi, wëngi ieu keneh, barëng sarëng noe sanes. Nanging ieu noe dibarëmpagkeun teh përkawis pënting kabina-bina, sanes mokahakeuneun. Sësah ngajakinkeunana, jen lërës anoe dibelaan teh sanes djëlëma pangarahan, panipoean. Hanas oerang sosoroh oemoer, ahir² kalëdjokeun, kagëlo koe saer manis. Tadi parantos disëbatkeun ieu teh përkawis pënting, sadjabi ti kana mamanisna, oerang këdah emoet kana papaitna. Saha noe oeninga pibaloekareunana. Èngke teh bakal bandjir gë-tih, oerang taroeng sarëng batoer, margi tangtos seueur noe biloek ka radja. Kalimbrahanana djëlëma langkoeng soeka ngahormat srangenge anoe keur montjorong, hibar tjahajana ti batan srangenge noe tatjan bidjil-bidjil atjan. Kasakten oerang koelit poe-tih noe ti bentang hënteu aja papadana, ari Injosi ditangtajoengan koe arandjeunna. Saoepami lërës eta radja anoe sah, tjing njoe-hoenkeun tandana, tanda anoe boekti, anoe bisa kanjahoan koe djalma rea. Tangtos èngke djëlëma teh soeka biloekna ka oerang, margi tarërangeun oerang bentang noe sarakti nangtajoengan pi-radjaeun."

Tjek koering: „Kapan eta naga sakti dina tjangkeng."

„Kirang tjëkap," djawabna, „margi gambar mah tiasa didamël nalika keur boedak. Ajeuna mah bade njoehoenkeun tawisna noe tjëkap. Oepami teu kitoe moal ngiring kana pangërsa."

„Lërës, lërës," tjek batoerna noe limaan deui, „rëmpag sakoe-maha saer ki sëpoeh."

Mëg tjënah kana hate, bingoeng koemaha nja pidjawabeun. Sadjëroning nëpikéun pamentana ka sir Henry djeung ka toean kapten, hate mah poëk, ingët teh kana gorengna bae.

„Aja di koering," tjek kapten Goed giak nakër, „ke oerang tjokot. Tapi eta semah sina njingkah heula."

Koering menta tempo sakeudeung, rek badami heula tiloan. Oerang Koekoeana kabeh njingkah, ngadaragoan di loear. Toe-loej kapten Goed njokot pëti leutik wadah oebar-oebaran tea, heug diboeka. Soegan teh naon noe rek ditjokotna teh, horeng almënak leutik.

„Na asa kabënëran teuing," omongna, „isoekan teh lain tanggal 4 Juni?"

„Ènja, 4 Juni," djawab sir Henry.

„Tah, ieu 4 Juni samagaha boelan, poëk pisan katoetoep kabeh, mimitina poekoel 8 liwat 15 mënit, noeroetkeun waktöe Grinits. Djadi ti lëbah dieu mah kira² poekoel 10, tjaangna deui poekoel satengah doea wëlas, da ngan sadjam satengah lilana. Tanarippa, Afrika Kidoel djst. poëk. Tah ieu keur tandana oerang kawasa; bedjakeun wae oerang bisa mareuman boelan kitoeh.”

Aloes eta kapten make ingët ka dinja. Ngan aja kasalëmpang teh saeutik, moen salah almënak teh, koemaha nja pipëtaeun, sabab tangtöe leungit pangadji satëroesna. Injosi samar toeloes djadi radja.

„Lamoen eta almënak salah, koemaha?” tjek sir Henry.

„Ah, pirakoe, oelah hamham, sing përtjaja ka ahli palak. Samagaha kadjadianana dina waktoena, kapan waktoena beunang diitoeng. Noe geus kaloeangan katoekang-toekang tara mentjog tina itoengan. Ari ieu di dieu, tetela pisan make ditërangkeun lëbah-lëbahna noe kapoëkan.”

„Nja, moega² bae sing oelah njalahan,” tjek sir Henry.

Koering atöeh miloe wae rëmpeog, tapi ari hate mah keukeuh bingbang, sieun langit angkeub, sieun njalahan waktoena djeung rea-rea deui; anoe keur sieun babari njeun pikasieuneun sorangan, sagala disoeroepkeun, dipapantës matak sieun. Tapi nëgër-nëgër maneh, Oembapa sina ngala noe ngadaragoan tea, rek noeloejkeun badami. Pok koering njarita:

„Para menak Koekoeana, kitoe deui Infadoes, kaoela hënteu rësëp nembongkeun pangawasa, sabab matak roeksak boemi alam. Tatapi ajeuna kapaksa lantaran përéloe, mëtakeun noe dipikajëmboeng, bongan dipentaan tanda pikeun boekti anoe baris kanja-hoan koe sarerea. Kaoela noeroet kana pamenta arandika, sabab kaoela katjida teu ngeunahna koe Radja, make wani² rek ngarah patina mitra kaoela, Injosi. Djeung deui kaoela gëmës ka Radja, Gagoel djeung Isanoesis sabatoerna, doemeh kasoekaanana maehan djëlëma. Ajeuna kadariieu sarerea.”

Koering ka panto, ditoetoerkeun koe sarerea, toeloej noendjoek kana boelan, noe geus peang tereh kalindih koe tjahaja beurang.

„Itoe naon?” tjek koering.

„Boelan,” djawabna.

„Peuting isoe, kira² doea djam deui ka tengah peuting, boelan rek dipareuman, dilaan tjahajana. Tjing kira-kirana aja noe pi-

bisaeun, nitah boelan sina soeroep lain dina waktoena, boemi alam sina poëk mongkleng boeta radjin?"

„Teu aja pangintën, moal aja noe tiasa, margi boelan langkoeng kawasa batan manoesa, djalanna anggër tara robah noeroetkeun djëlëma.”

„Bënër,, tapi saksian nja, peuting isoek boektina saomong kaoela.”

„Weu, oepami Gamparan iasa kitoe,” omong menak kolot bari njerengeh seuri leutik, „tjékap pisan anggoëun tawisna, teu panasaran bela doegi ka pëgat njawa oge.”

Batoer-batoerna miloe seuri njerengeh, bawaning soeka djeung panoedjoe kana omong kokolotna.

Koering malik ka Infadoes: „Kareungeu noe bieu?”

„Kantënan kakoeping mah,” djawabna, „nanging pohara adjaibna, ngaleungitkeun boelan keur montjorong tjaang ngëbrak.”

„Ënja, saksian peuting isoek.”

„Mangga. Wëngi endjing teh waktosna sareureuh boedak, Gamparan bade dihatoeranan koe Radja, ningali badaja. Mana² noe panggeulisna tangtos dianggo wadal Embah Mënëng, noe linggih di ditoe di Goenoeng Tiloe tea. Logodjona Sëkrangga. Moegi wëlas ka baroedak awewe. Tah di dinja waktosna mareuman boelan teh, emoetan abdi mah. Tangtos abdi-abdi, rahajat Koekoeana sadaja pada pertjantën ka Gamparan.

„Soemoehoen,” tjek menak kolot teu tinggal ti njerengeh, oepami kitoe, tangtos abdi-abdi përtjantëna.”

Infadoes toeloelj deui njaritana: „Doea mel tēbihna ti dieu, aja goenoeng bongkok, bangoenna lir boelan toemanggal, noe katingali ti panglirenan, basa bade ka dieu tea. Pradjoerit tjangkingan abdi ngantos di dinja, disarëngan koe tiloe aleutan, tjangkingan ieu para saderek. Djabi ti eta bade ihtiar deui, soepados kening doea aleutan deui noe sanes. Oepami jaktos kadjantënan sasaoer Gamparan, boelan pareum, ti dieu Gamparan koe abdi bade dibantoen ka goenoeng eta. Ti lëbah dinja raos nēmpoeh Radja Tëwala sabaladna.”

„Hade.” tjek koering, „ajeuna oerang tigas babadamian teh, geus tereh beurang. Kaoela rek ngaso heula bari ngoempoekeun kasakten keur pasadiaan.”

Infadoes djeung menak Koekoeana noe gënëpan tea amit moendoer. Koe koering geus kaidinan.

„Para mitra,” tjek Injosi, „naha jaktos iasa kitoe teh, atanapi ngan bade ngabobodo bae ka para gëgëden noe ka darieu?”

„Aeh, aeh, naha teu përtjaja Oembapa, aeh Injosi?”

„Adjaib,” omongna, „tjatjak² oepami toean sanes oerang Inggris, tanggël teuing simkoering përtjantën. Parantos tërang, oerang Inggris noe bënëh tara njarios teu kantënan. Koe margi eta, asal dipaparinan salamët teu kasamboet dina pangparëngan, sing përtjantën simkoering bade nëmbongkeun katoemarimaan hate.”

„Injosi,” tjek sir Henry, „tjing menta djangdji noe pasti sapërkara.”

„Mangga,” djawabna djeung bari imoet, „soempah heula, sëdja nëdoenan naon sapamoendoet. Naon anoe këdah didjangdjikeun teh?”

„Ieu,” tjek sir Henry, „ëngke dimana parëng djadi radja di nagara ieu, leungitkeun eta atoeran neangan djëlëma keur wadal, tjara noe geus didjalankeun tadi; djeung oelah rek ngahoekoem djëlëma dipaehan, lamoen tatjan asak dipariksa koe pangadilan.”

Injosi ngadjawab: „Koemaha toean, rarasaan oerang dieu mah bentën deui sarëng oerang koelit poetih. Kana njawa djëlëma oerang dieu mah teu sapërtos bangsa toean. Nanging tadi parantos djangdji bade nëdoenan sapamoendoet, djadi satiasa-tiasa bade dileungitkeun adat neangan wadal sibir teh sarëng moal aja djëlëma noe gadoeh dosa dipaehan, samemehna dipariksa sarëng diragragan hoekoeman.”

Sir Henry: „Soekoer, djadi ajeuna oerang geus tjoetjog sapikir. Hajoe oerang ngaso heula, oerang sarare.”

Doeg sëk teh saënjana. Eta bae ingët teh ngan ngagolepakna djeung toeloej ngoeliat di ënggon, tëroesna walahoalam, lilir-lilir digeuingkeun koe Injosi; manahoreng geus beurang pisan, poekoel satëngah sawëlas. Sanggeus salse sagala, geus barangdahar nanaon, karalang-koeriling hajang njaho, koemaha atoerana nana oerang Koekoeana njieun imah, koemaha ngatoerna pangkeng-pangkengna djst. Nadjan teu ngahadja nitenan oge, da poegoeh kabireungeuh, nja djadi njaho adat tali paranti awewe oerang dinja. Geus teu aja noe djadi kapanasaran, boes deui ka pangkeng pamatoehan. Sabot karalang-koeriling. lantrak-lintrik tiloan, noe

djadi poko tjarita taja deui ngan pėrkara samagaha. Koering sareng sir Henry pėrtjajana mah pėrtjaja, ngan hate teu wėleh risi, salėmpang sieun njalahan waktoena. Lamoen heug samagaha teh lain harita, tangtoe menak² Koekoeana noe diadjak sailon tea, njarita ka Radja. Tah, pisakoemahaeun teuing wiwirangna, meureun koering di dinja teu aja adjen sagoweng. Koe sabab eta teu pėgat ngadoa, moega² kadjadian. Padahal samagaha teh moal kadjadian koe doa, tapi harita mah teu aja pikir kitoe teh, noe matak ngahantėm ngamoega-moega oge. Anoe tėgėr, jakin pėrtjajana kana almėnak ngan toean kapten, boeboehan oeroet opsir laoet, paham kana elmoe palak, djadi teu aja hamhamna sigana kana itoengan² pėrkara palak teh.

Tatjan lila dioek di pangkeng, boeroedoel semah noe sėdja narėpoengan. Semah disambat, diakoe teu dilalaworakeun, soepaja kabeuli atina. Boedal semah teu aja gawe djaba ti ngawang-kong, ngadagoan boerit. Geus boerit, panonpoė ėnggeus soeroep, koering ngadjėntoel tiloan pating haroelėng, pada teu hajang njarita.

Kira² satėngah salapan djol oetoesan Radja, ngangkir kana pesta, Radja rek mintonkeun sarimpina. Rap dangdan, badjoe kėre dipake, bėdil pestol teu tinggal. Model, aja rek laladjo ibing noe geulis, dangdan tjara rek ka pangpėrangan. Djoeng indit; datang ka aloen² njampak geus sadia ngan kari proeng. Peuting kamarina lėbah dinja teh sėsėk djėdjėl koe pradjoerit, ari ajeuna pinoeh koe awewe woengkoel, parawan keur mareudjehna. Kabeh tjėnah eta teh toekang ngigėl. Papakeanana ngan mangle kėmbang di-beulitkeun dina sirahna. Leungeunna noe sabeulah njėkėl tjongo daoen erang, noe sabeulah deui njėkėl kėmbang bakoeng bodas. Djaba ti eta teu aja papakean saėwir-ėwir atjan noe napėl dina badanna sakoedjoer. Radja anėgleng di tėngah, deukeut soekoena tjampėgo nini Gagoel; toekangeunana Infadoes djeung Sėkrangga, ditema koe doea wėlas pradjoerit kapėtėngan. Djaba ti eta aja sawatara gėgėden, malah noe dibawa badami soeboeh tea oge aja sawareh. Tajohna noe kaidinan atawa noe diondang koe Radja nongton noe gareulis teh ngan bangsa pangagoeng kadeuheus bae, da eta harita djoemblahna lalaki diitoeng djeung koering opatan moal aja tiloe poeloeh. Djadi saėnjana mah lain pesta, ngan njoe-kakeun manah Radja djeung bangsa pangagoeng kadeuheus ba-

bakoena, sakalian milih wadal, keur bakti ka Ĕmbah Mĕnĕng di Goenoeng Tiloe.

Barang djol aleutan koering, Radja njambat njalikkeun, ngahormatna tjara ka sasamana radja deui, boedina marahmaj manis. Ret ka Oembapa, boerĕlĕng panonna noe ngan hidji teh moentjĕrĕng; anoe tadi marahmaj manis rĕkĕtĕk djadi haseum bakĕtoet. Pangangkĕnna ka koering tiloean:

„Mangga, oerang bentang noe barodas geura lalinggih. Ajeuna mah titingalian teh bentĕn deui pisan sarĕng wĕngi kamari. Parawan gareulis, nanging lalaki langkoeng tarĕgĕp. Ditji-oem koe noe geulis ni'mat, sora istri raos kadangoena, nanging sora pakarang pĕrang langkoeng raos langkoeng ni'mat. Manawi aja noe kamanah eta diantawis noe gareulis, mangga njanggakeun, geura tjandak, bade sabaraha kĕrsa. Djĕp repeh kawas ngadagoan djawab.

Kapten Goed ditawaran teh siga-sigana aja manah, ma'loem oerang laoet mah loembrahna sok babari kagembang koe istri. Tapi geuwat koe koering dipiheulaan ngadjawab ka Radja, sabab geus kataksir pisesaheunana ĕngke mamawa awewe teh. Tjek koering: „Katĕda kasoehoen pisan pangasih Sang Radja, nanging bangsa koelit poetih nikahna ka bangsana deui. Parawan² di dieu jaktos tarĕgĕp, gareulis, nanging sanes adjangna.”

Radja seuri: „Teu sawios teu kĕrsa mah. Di dieu aja paripaos kieu: panon awewe salawasna aloes, masing noe koemaha bae oge roepana mah. Paripaos noe sanes kieu oenina: koedoe tjinta ka noe aja, noe euweuh mah biheung teuing, hianat ge teu moestahil. Nanging, ah, di bentang mah bentĕn deui sarĕng di dieu, sagala hĕnteu moestahil, padahal eta baroedak² parawan teh moal barangsoehoenkeun naon². Sakali deui hatĕr wilodjĕng soemping oerang bentang bodas koelit sarĕng andjeun oerang bentang hideung koelit. Saoepami karĕp Gagoel kamari ditoeroet, manawi salira teh ajeuna parantos djĕngkĕr, tiis tjambewek. Oentoeng hideung-hideung oge soemping ti bentang. Ha! ha! ha!”

Ana pok teh Injosi ngadjawab noe sĕnang tea: „Sang Radja, ieu noe njanggĕm tiasa nĕlasan Sang Radja, samemehna kapiheulaan koe Radja.”

Teu sangka kitoe djawabna, atĕh Tĕwala kaget, toeloej wĕra: „Lantjang sia! ngoetjap djangdji heuaj!”

„Lamoen anoe bidjil tina soengoetna bënë, meunang lantjang oge. Bënë teh lir oepama toembak seukeut, tara salah mëtjatna tina tēmpatna. Kitoe wasiatna oerang bentang.”

Těwala ngagidir napsoe, panonna tipopolotot, hoentoena kěkėrot, napasna ngarėnghos nahan amarah. Geus rada lėlė, hěnteu reng-hap randjoeg teuing, ngagorowok: „Geura prak ngarigėl.”

Torodjol baroedak awewe noe sirahna dibeulitan mangle tea ka tėngah, ngong ngarawih bari mēta, ngagėblaj-gėblajkeun daoen erang djeung kėmbang bakoeng bodas tea. Rengkenek ngarigėl, ngoeriling, moendoer-madjoe, ka ditoe-ka dieu, loetjoe matak rėsėp. Meunang sababak rėg eureun, maloendoer njampeurkeun deui noe rea. Torodjol saouerang tina goendoekan sedjen. Děr ngigėl, euleuh edas, igėlna rapat rikat, kėsit lain meumeueusan, tapi aloes, kewės pantės tea. ⁽¹⁾. Koe sangkaan igėlna moal katoeroetan koe batoerna. Geus tjapeun toeloej eureun, heug diganti koe noe sedjen; satoeloejna kitoe bae ganti-ganti meunang sababaraha oerang. Kabeh sakoer noe geus ngarigėl euweuh noe nėpi pangabisana ka noe mimiti. Teu njalahan panjangka teh nėpi ka dinja mah. Sanggeus pėtinganana pada meunang giliran, Těwala ngatjoengkeun leungeun, ngisarahan koedoe eureun. Pok nanja ka koering: „Manna noe pangsaena, oerang koelit poetih?”

„Noe kahidji,” tjek koering teu dipikir deui. Ari ģnggeus mah kadoehoeng, sabab ingėt kana tjarita Infadoes, jen noe kapilih pangtėgėpna didjieun wadal, koedoe dipaehan.

Radja Těwala: „Tjotjog, lėrės eta noe pangtėgėpna, oerang hěnteu pasalia pamėndak, noehoen parantos katėrasan koe oerang bentang. Nanging eta kageulisanana teh keur manehna mah djadi marganing pati.”

„Koedoe dipaehan,” tjek Gagoel. Matana geus moerėlėng bae ka boedak awewe. Ari ieu, rek didjieun wadal teh teu njaho, sėnang² bae, njoo kėmbang, beunang njaboet tina mangle noe dina sirahna.

„Aeh³,” tjek koering, „teu kahartos, koemaha margina? Asa teu oemoem noe panggeulisna, pangloetjoena, ngigėlna pangsaena, pikarėsėpeun pisan, anoe kėdahna digandjar bėt bade dipaehan.”

Radja njakakak goemoedjėng soeka sarta ngalahir:

„Parantos djadi kabiasaan di dieu. Ęmbah noe linggih di goe-

¹⁾ Handjakal teu kotjap tatabeuhanana. Vert.

noeng batoe kĕdah kenging bagianana. Oepami eta boedak awe-we wĕngi ieu hĕnteu dipaehan, tangtos bakal kataradjang balai sapiri-oempi. Sanggĕm pitoedoe: oepami radja dina wĕngian ngabadaja, hĕnteu ngawadalan koe parawan noe panggeulis-geulisna ka karoehoen noe linggih di Goenoeng Tiloe, moal lana djoemĕ-nĕngna ratoe sarta bakal lĕboer, toempoeroedĕs. Tjontona tingali poen lantjeuk. Djadina radja hĕnteu lami, margi djĕlĕmana leuleus hate, leumpeuh joeni, hatena gampil pisan lĕjoer koe tjipanon awe-we. Koe margi eta tara ngawadalan ka noe linggih di goenoeng tea. Wawalĕsna poen lantjeuk meunang mamala, tjilaka saanak-rabi. Pareum poen lantjeuk, nja pribados noe ngagĕntos. Noe mawi parantos bae ajeuna mah eta boedak awe-we teh kĕdah didamĕl wadal."

Repeh ngomong ngareret ka pradjoerit sarta njaoer ingkang poetra, Adipati Anom Sĕkragga: „Sĕkragga, bawa ka dieu eta awe-we teh. Asah toembak hidĕp."

Djol pradjoerit doean ka hareup rek newak noe geulis tea. Kotjeak, dĕngkek sasambat, malik ka toekang karĕpna rek loempat noe geulis teh. Tapi kaboeroe katewak manten koe pradjoerit. Adoeg-adoegan, tĕtĕrĕdjĕlan oge taja pedahna. Srog dideuheus-keun ka pajoeneun Radja.

„Saha ngaran maneh?" tjek Gagoel. „Aeh², ĕmboeng ngadjawab? Hajang geura dĕk dipoetoes koe Radja-poetra."

Sĕkragga madjoe ka hareup, toembakna ĕnggeus didjoengdjoeng. Njeueung toembak ngaborelak, katodjo tjahaja boelan, pĕr bae boedak awe-we teh ngadegdeg saloear badanna bari nanarik leungeunna hajang dilesotkeun koe noe njĕkĕlan. Keur kitoe kapten Goed ngoesiwĕl ngabidjilkeun pestol.

Sĕkragga: „Itoe-itoeh, kakara oge diamangkeun geus sieuneun, tatjan poegoeh karasana."

Kapten Goed: „Ke oedjang, aja karaosna geura tapak leungeun dewek." Ngoetjapna kitoe teh ngoetroek rada ngosom, djadi koe noe sedjen mah moal tetela kadengena.

Kasĕlang deui koe Gagoel nanja: „Tah, ajeuna mah rada lĕlĕr, tjing pok njai, geulis, saha ngaran teh? Pok bae, ĕntong asa²."

„Iboe," djawabna, awak ngadegdeg, sora ngĕlĕpĕr, panon teu tjitjing, neangan djalan geusan ngĕdjat, hajang leupas ti dinja,

„abdi wasta Polata, toeroenan Soeko. Lah iboe, naon dosa abdi, naha abdi bade dipaehan?”

„Sing sabar tawékal, njai,” djawab nini doekoen, „koedoe pasrah kana kadar. Énja njai teh koedoe adjal, tapi pati moelja, sabab dibaktikeun ka ditoe toeh, ka Émbah noe linggih di goenoeng. Djeung deui kapan maneh oge njaho, sĕnang hees tĕngah peuting ti batan tjape ti beurang, noe matak mĕnding paeh manan hiroep, toeroeg² maneh mah paeh teh koe poetra Radja.”

Dĕngék Polata tjeurik djeung teu repeh koemapang sasambat: „Alah tobat ieu, na kabina-bina teuing. Alaaah ĕmaaa, eueueuj, hĕĕĕĕ, hĕh hĕh hĕh. Alaaah bapaaa, hmĕh hmĕh, hmĕh hmĕh hmĕh. Ieu koe koe koe ring di di dika hĕh hĕ, hĕ hĕah dikaniaja.” Eureun sasambat diganti koe ngotjomang: „Laah ieu, koering teh ngora keneh, hajang keneh hiroep. Naha bĕt teu meunang nendjo srangenge bidjil, teu meunang neuleu bentang? Padahal naon dosa? Naha bĕt teu meunang neuleu bapa, teu meunang ngarangkoel indoeng? Kaniaja teuing, teu aja rasrasan.”

Bari tjeurik ngabangingik leungeunna ngatjoeng — ajeuna mah geus dilalesotkeun koe pĕrdjoerit — kawas moentang² ka noe di loehoer, menta toeloeng. Tjipanonna ragragan tina pipina. Sarerea sakoer noe aja di dinja pada wĕlas, watir ka noe geulis, tjeurik mĕlas-mĕlis. Pok deui-pok deui njĕboet kaniaja. Anoe katangen koe koering ngan tiloan, anoe teu aja rioek-rioekna; dina beungeutna teu katembong aja kawĕlas kawatir, nja eta hidji nini Gagoel, doea Sang Radja, tiloe logodjo Sang Adipati Anom. Pĕrdjoerit djeung kapalana, sakitoe parĕrĕngĕsna teh boga keneh rasrasan. Kaptan Goed geus tipĕpĕrĕkĕt peureupna. Eta awas djeung seukeut rasan² Polata, kataksir toean kaptan hajang noe-loengan. Koredjat, gabroeg ngarontok soekoe kaptan, toeloej njoeoeh, omongna: „Laaah abah, oerang koelit poetih noe ti bentang, abdi nĕda toeloeng, pangnjaitkeun ieu abdi tina balai. Pangleupaskeun itoe toeh ti nini Gagoel.”

„Heug, njai, koe abah ditoeloengan, geus geura tjĕngkat,” tembal kaptan, sorana pĕgat² doemareuda bawaning kagagas. Leungeunna Polata koe kaptan ditjĕkĕlan.

Tĕwala noendjoek, noedoehkeun ka Sĕkragga. Ari ieu tjara logo-

djo halabhab koe gëtih, teu antare deui sirilik njampeurkeun Polata, toembakna geus didjoengdjoengkeun, ngan kari brës.

Sir Henry ngaharewos: „Lain geura dëk; ngadagoan naon deui?”

„Ngantosan samagaha,” djawab koering.

„Lërës, nanging ajeuna përløe toean nembongkeun wawanen, tiwas ëngke, boedak awewe teh moal katoeloengan. Sigana Tëwala geus teu sabar.”

Geus aja satëngah djamna taksiran koering mëlong boelan, pangharëpan meh meh beak, tina sabab boelan estoening bërësih, tjahajana ngëmpraj, langit lenglang, teu aja mega keur pisarateun. Arek ngadjawab ka sir Henry, tanggah deui. Ahli palak oge taksiran pangharëpanana moal ngoengkoelan kana pangharëpan koering dina djamdjam eta. Rek ngadjawab nëpi ka poho ngadak². Djoeng nangtoeng ngoeatkeun maneh, gën nangtoeng hareupeun Sëkragga, ngahalangan Nji Polata.

„Radja!” tjek koering, „ieu kalakoean teh lain lampahkeuneun, lain antëpeun. Keun eta boedak awewe teh sina balik, oelah dipaehan.”

Ngadenge omong koering kitoe, Tëwala mani ngarendjag heran, toeloej nangtoeng, ambëk ngagidir. Baroedak awewe noe reatingkaroewës djeung batoerna, pradjoerit djeung para kapala tinggërëndëng. Haok Tëwala: „Naon, ngomong naon sia, andjing bodas? Sia mah andjing ngagogogan singa dina liangna. Sia wani mapalangan karëp aing? Saha sia teh? Si boeroeng teh loekak. Ati², modar sia djeung batoer sia kabeh. Heg rasakeun. Halik sia, montong ngahalangan. Hajoh Sëkragga, paehan eta awewe teh. Djagabaja! tangkëp eta manoesa teh kabeh.”

Torodjol noe marawa pakarang sababaraha oerang, djolna ti gigireun imah. Sir Henry, kapten Goed djeung Oembopa geus ngaberes ngarendeng djeung koering sarta pada ngawëngkang bédil.

„Tjitjing!” tjeuk koering, njëntak tarik tjara noe gagah, padahal hate mah peot. „Tjitjing! Dengekeun omong kami, oerang bentang, teu meunang maehan sakawënanng-wënanng. Tjoba pek madjoe salengkah, tangtoe boelan koe kami dipareuman, ditjokot tjahajana, nagara andika bakal poëk mongkleng. Saha noe teu noe-roet kana parentah kami, oelah madjar maneh, deuleu ieu iteuk djimat.”

Digébrag sakitoe teh ngaheunggeu kabeh, euweuh noe wanieun madjoe ngadeukeutan. Sêkragga ngadjanténg tjara artja di hareupeun, toembakna geus didjoengdjoeng kari blés noembakkeun.

Gerewek nini Gagoel: „Denge tah, omongna denge! Si rahoel ngawadoel, madjar bisa mareuman boelan, hi hi hi hih, heuheuj deuh. Keun antép, hajang njaho bisaeun. Moen énja bisaeun, meureun saralamét, moen hénteu paehan itoe awewe teh djeung maranehanana sakalian.”

Ret koering ka langit, neutep boelan. Ana plong teh hate, boengangang teu aja papadana. Bénéral alménak teh teu mentjog. Dina sisi boelan mimiti tembong noe ngéléméng hideung, di boemi tjahaja boelan ngoerangan. Lah, kasoekaan dina saat eta saemoer hiroep moal poho. Asa koemaha mah rarasaan teh harita. Tjara noe heueuh kapan ieu, tjoeng leungeun diatjoengkeun, dilémpéngkeun kana boelan. Ditoeroetan koe sir Henry djeung kapten Goed. Reup, reup beuki poék. Awewe pating aradoeh, tingdjewet sieuneun.

„Mangga tingali, Sang Radja, sing awas ningali nini Gagoel, tingali para kapala, awewe-lalaki sing awas pada njaksian. Bohong ari kitoe? Boelan beuki soerém, boemi beuki poék, sakeudeung deui nagara Koekoeana péténg, poék mongkleng boeta radjin. Para kapala, arandjeun maroendoet tawisna. Tah ajeuna kaboektian.”

Djéléma² geus teu poegoeh polahna, aja noe djédjéritan, gé-géroan, sawareh aja noe gégéroanana teh bari dékoe, sawareh deui nangtoengna tjara noe leungit ingéтан, saperti noe kasima. Radja ngabétéм bae dioek. Noe panggér keneh ngan nini Gagoel, omongna:

„Moal lila poék teh, éngke oge tjaang deui. Geus mindéng ngalaman kieu teh. Montong sieun, djéléma mah euweuh noe bisaeun njokot tjahaja boelan. Darioek bae tjitjing, moal lila oge tjaang deui.”

Tapi boelan beuki poék, noe tembong kari sabeulah. Djéléma taranggah ka langit, tapi rarepeh teu aja kétéj-kétéj. Nini Gagoel djémpe. Barang geus ngan kari réméng², pahareup-hareup oge teu awas kana beungeut, Sêkragga ngagéro: „Tjilaka! tjilaka! boelan pareum, dipareuman djéléma bodas toekang sihir. Tjilaka, oerang paéh sadjéroning péténg.” Meureun bawaning ambék pa-

tjampoer djeung sieun, oedjoeg² hioek, gēprak noembak ka sir Henry, teu teurak da make badjoe kēre tea. Kēk bahoe toembakna koe sir Henry, goeriwēl dipoeihkeun, pot lesot tina leungeun Sēkragga, koeliwing blēs kana angēn Sēkragga, Blak Sēkragga nangkarak bēngkang, teu ēngap deui, kapanggang toembak njozlagrang.

Gēr riboet baroedak parawan anoe sapirang-pirang tea nga-boeriak, birat laloempatan noe ngaler noe ngidoel, tēroes moeroe ka lawang, pagēlēk-gēlēk, hājang paheula-heula bidjil. Radja ngēloek toengkoel aboes ka karaton, diiring koe nini doekoen djeung kapētengan. Noe kari ngan koering opatan, Nji Polata, Infadoes djeung para menak noe rek biloek tea.

Tjek koering: „Para kapala, ajeuna geus katēdoenan djangdji pasini teh. Hajoe ajeuna oerang ka ditoe tea, ka goenoeng, meungpeung poēk, moal aja noe nangenan. Lila ieu poēk teh kira² sadjam satengah.

„Mangga,” walon Infadoes, „da parantos sajagi.”

Brēng sarerea noetoerkeun Infadoes. Kaptan Goed teu poho ka Nji Polata, ditoengtoen ditjēkēlan leungeunna. Tēpi ka lawang mērēdong pisan, nēpi ka leumpang teh ngantaj, patjēkēl-tjēkēl leungeun.

XII. SAMEMEH DĒR PĒRANG.

Sakitoe poēk teu katembong tjeroek² atjan teh, teu boeroeng tēpi ka noe didjoegdjoeg, lalampahan sadjam leuwih, boeboehan Infadoes djeung para kapala tea katjida apalna kana djalan. Ti lēbah loeareun dajeh Loe geus mimiti ramang² deui, madjoe kana tjaang. Toeloej nandjak ka goenoeng, teu woedoe tandjakanana rada nandjeur, tapi sēnang leumpang teh, da tjaang djeung tiis. Djol ka poentjakna, ngēplak datar, koerilingna kira² doea mel, ari bangoenna kawas talapok koeda. Di alas Afrika-Kidoel rea goenoeng noe kitoe bangoenna teh, loehoerna teu sakoemaha, da pontjlot noe pangloehoerna oge ngan oekoer doea ratoes kaki. Ari nēpi kana padataranana tea njampak djēlēma mangreboe-reboe, kakara haroedang tas ngagaloler dina djoekoet, sarieuneun koe samagaha. Di tēngah² padataran aja pondok, beunang njadiakeun. Ari soep ka dinja hookeun, reh sagala babandaan noe di-tinggalkeun di pangandjrēkan, di dajeh, geus aja dinja.

„Djabi ti ngadjoeroengan ngabantoen barang² teh,” tjek Infadoes, „sarëng ieu sakalian ngadjoeroeng ngabantoen ieu.” Tjoeng koe manehna diatjoengkeun tjalana kapten. Gëro teh noe bogana bawaning atoh, tjalana didjewang, adjrag-adjragan kawas boedak. Rap harita keneh garoedas-garidoes dipake.

„Ah, naha Gamparan sampean teh diboenian?” tjek Infadoes. Tapi kapten Goed api² teu ngadenge wae aja noe ngageunggeureuhkeun teh. Ti harita lapoer oerang Koekoeana teu bisa nendjo bitis bodas.

Sanggeus reureuh, sarerea geus darioek, pok Infadoes, njarita, soepaja isoekna ditërangkeun ka sakabeh noe biloek, sabab-sababna pangna para kapalana baha ka Radja Tëwala. Djeung koedoe ditoedohkeun anoe boga hak djadi radja di Koekoeana, nja eta Injosi boektina.

Isoekna waktöe mëlëtek srangenge, pradjoerit kabeh dibariskeun di noe lëga, lain saeutik-saeutik pradjoerit, doea poeloeh reboe. Ari koering sabatoer-batoer diroeboeng koe para opsir, nangtoeng di noe negla, awas ka sakabeh pradjoerit.

Pradjoerit diisaratana, rëp djëmpe tjara gaang katintjak. Ngong Infadoes njarita, sorana tarik, basana ngeunah. Kawasna oerang Koekoeana mah meh kabeh bae barisa njarita, aloes basana. Noe ditjaritakeun koe Infadoes, lalakon bapa Injosi, dipaehanana koe Tëwala, anak rabina dioesir sina paraeh. Tidinja dëk ditërangkeun, jen rajat geus ripoeh nandangan kadoliman Tëwala, disëboetan tjonto-tjontona saperti noe geus kadjadian peuting kamarina. Hënteu pilih menak koering dipaehan sakawënan-gëwang, dipadjarkeun goreng hate, djëlëma teu toeah teu dosa. Geus eta ditema koe njaritakeun oerang bentang toemoeroen ti langit, ngaronda doenja, rek ngariksa ngaraksa manoesa noe dikaniaja, teu tolih kana halangan haroengan, lara palangan anoe kasorang. Koe sabab eta Injosi, noe geus diboeang teh dibawa deui, njongrang leuweung loewang-liwoeng, toeroen goenoeng oenggah goenoeng. Tëwala geus kasaksian kakëdjëmanana, katëlëngësanana. Tandana jen wëlas asih Nji Polata geus ditoeloengan. Sëkrangga noe teu boga rasrasan geus dipaehan. Kasaktenna geus ditembongkeun bisa mareuman boelan. Tah ajeuna ngabantoe wadyabala përang, rek ngelehkeun Tëwala, soepaja Injosi bisa madëg radja.

Biantarana koe pradjoerit disoemoehoenan, teurak njërëp kana

atina noe ngarëgëpkeun. Tamat Infadoes, Injosi madjoe, ngong tjarita, beres deui bae pokpokanana teh. Mimitina malikan noe geus ditjaritakeun koe pamanna, dipilihan noe përloena, geus kitoe kieu pokna:

„Para menak, hoeloebalang, pradjoerit djeung rajat sakabeh. Omong kaoela geus kareungeu koe sarerea. Geura pilih, rek biloek ka kaoela atawa rek tètëp boemela ka noe ngalindih kaoela, noe maehan doeloerna, ngoesir anak-rabina? Saënja-ënjana radja di Koekoeana teh kaoela, meureun para kapala, hoeloebalang geus popojan ka arandika, sabab arandjeunna geus ningali naga sakti noe meulit dina tjangkeng kami. Lamoen kami lain radja naha kira-kirana kërsaean oerang bentang ngabidjilkeun kasaktenna pikeun ngabelaan kami? Arandika kabeh koedoe pada soedjoed ka arandjeunna. Lain pada njaho arandjeunna geus ngahalangan paniatan Tëwala, djeung soepaja kami aja tempo geusan ngëdjat, lantaran sakoeliah Koekoeana djadi pëtëng? Poëk mongkleng dina waktoe gëde boelan, anoe koedoena tjaang ngëbrak.”

„Lërës! lërës!” tjek pradjoerit saer manoek.

Injosi njamboeng deui: „Kami radja, tjek kami ka arandika, kami radja. Tjing saha noe teu roedjoek, ëmboeng ngangkën, madjoe ka hareup. Oerang diadoe djeung kami, soepaja gëtihna djadi tanda beureum, jen omong kami teh bënë. Sor madjoe ka hareup.”

Injosi ngomongna kitoe bari moeih² gobang loehoereun sirahna. Gobangna goegoerilapan katodjo koe tjahja pojan isoek². Kawasna euweuh noe wani ngadjadjal tanaga djeung pangabisa, ngajonan Injosi, da teu aja saerang-oerang atjan noe oesik, boro² madjoe ka hareup.

Injosi toeloej deui njarita:

„Sabënërna kami radja, koe sabab eta toetoerkeun kami dina pangpëranan. Lamoen kami meunang, arandika bakal moelja, meunang kaoentoengan djeung kawangikeun. Sapi djeung djariah gandjaranana pikeun arandika. Lamoen eleh, kami soempah moal tjidra, hajang paeh babarëngan djeung andika. Djeung deui ingëtkeun masing hade, kami djangdji, ëngke dimana kami geus ngagëm deui poesaka toetoeoenan ti karoehoen, moal aja gëtih ngotjor teu poegoeh-poegoeh. Kaadilan anoe bakal didjalankeun di sanagara ieu. Neangan toekang sibir paehaneun moal didjalankeun. Salianna ti noe ngarëmpak larangan nagara, moal aja djëlëma

noe dipaehan. Arandika bakal leupas tina sagala panganiaja. Ęngke sarerea bakal ngeunah dahar, ngeunah sare, sabab euweuh pikarisiun, nagara tangtoe kërëta, sabab kaadilan noe koe kami bakal dikoekeohan. Soeka, lamoen kitoe?"

„Soemoehoen! soemoehoen!" saer manoeuk.

„Hade. Ajeuna bireungeuh toeh, oetoesan Tëwala rabëng noe ngaler noe ngidoel, ngoempoelkeun wadyabala, arek nëmpeuh kami djeung arandika sarta ieu para mitra kami. Isoekan atawa pageto tangtoe datang rek ngajonan oerang. Tah di dinja kami bakal njaho, saha noe estoe pradjoerit lalaki, bela ka kami, bela ka nagara, tohtohan njait rajat noe keur dikaniaja. Kami moal poho kana kasatiaanana, kana kabelaanana, tangtoe Ęngke bakal nampa pamalës ti kami. Ajeuna geus toetoepr tjarita kami, heug geura maroelang ka pondok, sasadiaan baris përang."

Djoeng gëgëdoegna wadyabala saerang nangtoeng, pok ngoetjap: „Koem!" Ęr ditembalan koe pradjoerit djeung hoeloebalangna kabeh. Ti sëmët saat eta Injosi geus diangkën radjana. Ngan sakitoe-kitoena minangka ngistrenan radja teh harita mah, ngistrenan saheulaanan.

Salse ngistrenan toeloej barëmpeog përkara përang. Balad atoe-reun aja doea poeloh reboe koerang leuwih, tapi anoe toedjoeh reboe, nja eta tjangkingan Infadoes, pradjoerit sësëliran, tameng dada Koekoeana, pangadjina saroea djeung doea-kalieun noe sedjen. Sanadjan kitoe, tatjan reugreug keneh hate, teu bisa ngoentoepr ka moesoeh, sabab lawaneun teh lain lalaworakeuneun. Radja Tëwala geus kanjahoan ngiangkeun pirang² oetoesan ka manamëndi, ngoempoelkeun pradjoerit sasesana noe ngoempoel ka dajeh tea. Noeroetkeun Infadoes balad Tëwala di Loe aja tiloe poeloh lima reboe kira². Poë eta bisa nambahan lima reboe deui, djadi djoemlah kabeh² aja opat laksa, ngan aja pangharëpan, soegan ti noe sakitoe teh aja noe ngabëloet, tjoel Tëwala biloeck ka Injosi. Tapi ieu mah ngan lalamoenan, përkara biheung, teu beuneng dipastikeun. Djadi koedoe diitoeng hidji ngalawan doea. Tah ieu noe djadi pikir teh, koemaha ngatoerna balad, soepaja tanggoh nadah moesoeh, djoerit bisa oenggoel.

Di soekoe goenoeng geus nakleuk barisan moesoeh, sigana noe dipadjoekkeun ti heula teh bangsa këkëntong². Tapi taksiran Infadoes djeung hoeloebalang noe sedjen teu njalahan, jen poë eta

mah teu aja pikasalëmpangeun. Atoeh sapoë djëpoet pakëpoek sasadian, goenoeng teh didjieun benteng. Dëmi sasarina eta goenoeng teh tëmplat titirah noe gëring atawa noe koerang sehat, paranti ngadon tatamba. Dimana geus tjalageur, djaragdjang deui, kakara baralik ka salëmboer-lëmboerna, ari ajeuna didjieun pangpëranan. Geus soemawonna djalan, lampingna noe katimbang beunang dioenggahan mah kabeh direumpeuk koe batoe ditoempoek-toempoek djeung naon saaja-aja. Batoe keur panimboel pirang-pirang hoenjoedan. Kabeh pidjalaneun moesoeh didjaga koe pradjoerit satjoekoepna. Tjindëkna sagala akal tarekah, sakoer anoe kapikir mah, kabeh dipëtakeun. Teu woedoe tjape, sarerea teu aja noe nganggoer, dahar nginoem piligënti, soepaja pagawean oelah aja gontotna. Poë eta mani asa pondok kabina-bina. Kabënëran wantji toenggang-goenoeng rampoeng, sagala geus beres, saberes-beresna pagawean dibërëtëk. Kabeh teu aja noe kaliwat diroris.

Keur nangtoeng satoekangeun benteng, ngawaskeun ka lëbak, bët aja noe ngaleut-ngaleut, kawas kakara datang ti dajauh. Noe pangheulana bangsa gëgëden, da make badjoe koelit maoeng koembang, leungeunna noe sabeulah njëkël tjongo daoen erang.

„Oetoesan Tëwala ka oerang,” tjek Infadoes.

Barang oetoesan nëpi ka soekoe goenoeng, broel koering djeung para kapala noetoerkeun Injosi djeung Infadoes moedoen, rek nëpoengan oetoesan tea di soekoe goenoeng. Gok tëpoeng adoe hareupan. Oetoesan miheulaan oeloek salam, toeloj omongna: „Salam ti Sang Radja ka noe koemawani rek ngalawan përang ka andjeunna; salam ti singa ka adjag, noe gagag-gogog dina liangna.”

„Geura pok, rek naon?” tjek koering.

„Kieu timbalan Radja. Geura soemërah arandika kabeh, soepaja oelah pinanggih djeung lara wirang anoe bangët.”

„Koemaha përdjandjian Tëwala?” tembal koering.

Oetoesan: „Përdjandjianana aloes pisan. Kawantoe Radja agoeng, Radja moelja, rek nembongkeun wëlas asih. Dawoehanana, karoenja koe djëlëma, noe matak moal meuntjit loba², ngan rek njokot saorang tina sapoeloeh, noe sedjenna bebas tina hoekoeman. Djaba eta anoe dipoendoet patina koe Radja: 1. oerang koelit poetih noe nëlasan Sang Adipati Sëkragga; 2.

djëlëma hideung, nja eta boedjangna, anoe ngakoe² boga hak djadi radja, eta keur wadal Ĕmbah Mënëng noe di goenoeng; 3. Infadoes, sabab noe djadi oelon-oelonna ieu karoesoehan. Kito toe timbalan Sang Radja Tëwala, noe wëlas asih."

Koering badami sakeudeung djeung babatoeran. Geus gilig, haok ngadjawab: „Balik sia andjing, ka noe nitah sia, bedjakeun deuleu, aing sarerea, Injosi, Radja Koekoeana noe estoe; oerang bentang noe bidjaksana, noe bisa mareuman boelan; Infadoes menak agoeng; hoeloebalang djeung rajat sakabeh noe koempoel di dieu; teu soedi soemërah samemeh soroh amoekan. Bedjakeun deuleu koe sia, isoekan samemeh panonpoë soeroep Tëwala njawana geus patoeraj djeung ragana. Bedjakeun nja! Injosi kitoeh deuleu, rek madëg Radja ngaganti ramana. Djor geura mantog! bisi kaberoe disingkahkeun koe iteuk djimat. Sing iatna sia, wani² ngajonan bangsa aing!"

Tjakakak teh oetoesan seuri ngagakgak: „Alah, ëntong ngagëbrag deuleu! Moen ënja mah lalaki sia, isoekan tembongkeun djadjaten sia. Pek geura soekan² ajeuna, sing mangpang-meungpeung, meungpeung hiroep. Toelang-taleng sia geus dipatjokan gagak mah, moal bisa soekan². Ĕngke, lamoen oerang parëng papanggih di pangpëरणan, oelah ngëdjat kana bentang nja, oerang pëtjak ngadoe djadjaten djeung dewek, ha ha hah hah. Amit ajeuna rek balik."

Toetoep ngomong, teu ngadagoan djawab deui, malik toeloëj ngaleos, dangah kawas noe tas pasea meunang, diiring koe batoerna noe ngabarëngan. Bring deui koering sabatoer-batoer nonggoh. Nëpi kana benteng reup poëk, tapi teu lila ti wetan geus hibar boelan rek bidjil.

Peuting eta, tjape-tjape oge wajahna teu tjitjing, ngaroris pakarang, mariksa koeta² batoe; toeloëj nata gëlar, soepaja isoekan hënteu hese, bisi kasëlëmpëk koe moesoeh; ngatoer giliran noe ngadjaga, bisi moesoeh ngabongohan. Tëngah peuting poekoel sa-toe liwat kakara rengse, pradjoerit noe teu boga djagaan sarare, doeg sëk talibra pisan, ma'loem ëntas sakitoe tjapena. Sir Henry djeung koering diiring koe Injosi djeung hoeloebalang saouerang, ngoeriling itoeng² ngaronda heula samemeh sare teh. Tjahaja toembak kasorotan boelan, tembong tinggoerilap. Barang diisarahan, lës teu aja noe katembong, djadi noe ngadjaraga teu aja noe më-

leng. Balik ka pondok motong djalan, hēnteu balik deui ka oeroet. tapi ngaliwat ka tēmpat pradjoerit sarare. Djëlēma mangreboe-reboe gēmpar, sarare tibra, patoelajah di tēgalan noe teu aja pisan aling-alingna, katodjo boelan poernama.

„Tjing taksir, peuting isoekan kari sabraha deui ieu noe sa-kieu reana teh?” tjek sir Henry.

Koering gogodēg rek ngadjawab teh. Dina pikir teh eta noe keur gēmpar tjadang majit woengkoel, geus ditjatēt koe malakalmaot, isoekna bakal dikērid ka alam koeboer. Boa lain maranehanana bae noe isoekanana ngan kari ngaran teh, koering oge biheung teuing. Ras ingēt ka anak pamadjikanana anoe mangkoek di lēmboer. Leuheung basa, lamoen aja kabogana, hiroepna moal katalangsara, koemaha naradjang di noe teu boga, nja njēri katinggal hilang, nja soesah koe kahiroepan.

„Lah, doeka teuing, sir Koertis, ieu keur teu kantēnan pipikiran, soemēblak rarisi, sararieun.”

„Wah, ieu mah bakoe,” tjek sir Henry, ngoemis bari rada seuri, „eta koe babari nakēr ngoentjoeng.”

„Soemoehoen, lērēs pisan, malah ajeuna mah langkoeng-langkoeng ti noe parantos,” djawab koering. „Geura emoetkeun, oerang sakieu kaajaan, moesoh noe baris nēmpoeh sakitoe poharana, bilanganana wae parantos lipēt doea tiloe, djabi laloeasana, ari oerang modjok di poentjak goenoeng, ka mana geusan ngēdjat. Noe mawi lah, doeka teuing, wēngi endjing teh biheung aja keneh di kieuna, biheung moal.

„Lērēs ari diteang ka dinjana mah, nanging dalah dikoemaha, parantos kalēpasan djoerig, moal sae moendoer deui, wirang tēmēn kasēbatna. Ajeuna mah oentoeng-oentoengan, kari koemaha behna, aja milik pandjang oemoer, meureun salamēt, teu aja bae, teu koemaha, mana kitoe ge parantos nēpi ka takdir. Pikeun koering pribadi leuwih soeka kasamboet di pangpērangan tibatan adjal lantaran sedjen. Rek naon deui, njoesol² doeloer teu kapanggih. Nanging teu sae djëlēma teh poetoes pangharēpan, margi bagdja biasana tara djaoeh ti noe gēde wawanenna. Na matak naon oepami oerang pērang teh endjing kenging. Ari pērangna moal lēpat hebat. Oerang pērloe miloe pērang sakoeat-koeat, nembongkeun wawanen djeung pangabisa, soepaja oerang oelah

koengsi kawiwirangan, lantaran ngaran oerang parantos seungit, kasohor toer dipikaserab koe oerang dieu."

Tjek koering dina hate, birakaja hate djëlëma teh saroea; noe wani djeung noe sieun teu beunang disasaroeakeun. Kapikiran koe koering sir Henry mah harita sigana mani hajang geura dër-hajang geura dër përang. Boes ka pondok, ngarasa tjape djeung toendoeh, doeg ngëdëng, reup sare.

Tibra sare teh, da hoedang-hoedang geus beurang, sakitanan digeuingkeun koe Infadoes, kapaksa^e koe aja bedja përéloe. Manehna njaritakeun moesoh geus ngeungkeuj noedjoe ka soekoe goenoeng. Barisan gëde anoe dikapalaan koe Radja pribadi. Atoeh koering djeung noe pada kabeurangan dagdegdog, gësat-gësoet dangdan. Sir Henry dangdanna niron djendral Koekoeana, make topi boeloe², badjoe këre rap ditoetoep koe badjoe koelit maoeng koembang, tjangkengna dibeulit koe tambang bodas, tambang boeloe sapi; lëbah toeoerna make omjok boentoet sapi. Sok pakarangna ti Infadoes. Tjek sir Henry: „Ari aja di nagara Koekoeana, koedoe noeroetan oerang Koekoeana." ditëgës-tëgës koe koering, bët tëgëp, kewës pantës, sëgoet, pendekna sagala aja kapantësan hoeloebalang, noe djadi titindih djoerit. Djol Injosi beunang dangdan, patangtoeng-tangtoeng djeung sir Henry; dëdëg saroea, djangkoeng saroea, dangdanan saroea, matak rësëp ngalaladjoan, koe sapasang, ngan beda koelit bae, bodas djeung hideung.

Kitoena mah kitoe koering oge djeung kapten Goed dangdan teh, tapi lah edas, komo teuing tjeuk batoer meureun, koe sorangan oge karasa djaoeh kana tëgëp teh. Badjoe rangkëdoeh, pakarang ranggem, leungeun katoehoe njëkël toembak, leungeun kentja njëkël këpëng, gobang, bëdog sababaraha hidji, pestol teu tinggal; boes topi boeloe² noe pangdjangkoengna, lantaran koering di-djieun kokolotna koe sararea. Komo toean kapten mah, geus wae dibeakkeun koe sorangan goreng teh. Boeok ngariringkik, beungeut lenang sabeulah, sabeulah deui rabok, panon herang sabeulah, da ditasma sabeulah tea, badjoe goebrah-gabrih logor. Djëlëma petjekrek dangdanan rangkëdoeh, pakarang ranggem. Ari noe boga djinis, gawena ngan hahah-heheh, tjëngar-tjëngir.

Bada dahar bidjil ti pondok, tëroes kana batoe hideung, popontjlot noe lempar poentjakna. Ti lëbah dinja awas ka mana-mana.

Lëbakeunana nëba pradjoerit tjangkingan Infadoes, keur pasadiaan, ngabantoe anoe kapeped.

Barisan moesoeh anoe ngeungkeuj ti dajauh siga teu aja beakna. Aleutan noe pangheulana kira² sawelas atawa doea wëlas reboe pradjoerit mengkol ngentja; aleutan noe sapandeurieunana ngatoehoe, noe pangpandeurina lëmpëng noedjoe nëngah.

Weu!" tjek Infadoes, „oerang rek ditëmpoeh, diambreg ti tiloe madhab."

Teu samar sarerea tjojog kana pangira Infadoes, maksoed moesoeh geus katëgoeh. Gantjangan balad dibagi-bagi, para kapala djeung hoeloebalangna natakeun pradjoerit ngarobah gëlar noe geus dibadamikeun kamari. Satjangkinganana² geus mërënah dina tëmpatna.

XIII. DITËMPOEH.

Aleutan moesoeh noe tiloe boeboehan tea madjoena antare, leumpang sënang tjara barisan rek balik ka tangsi ëntas parada, djeung teu aja kagoembiraan kawas noe marësoem. Boeboehan noe madjoe nëngah kira² lima ratoes metër deui kana koeta batoe, panjalindoengan balad koering, rëg eureun di noe datar. Ti lëbah dinja djalan ka goenoeng teh mimiti nandjak.

„Leuh, euleuh," tjek kapten Goed, „mani hajang njapoe itoeh. Lamoen seug koe mariëm, doea poeloeh mënit oge lëdis tah!"

„Koemaha toean Koeatërmin, oepami njobi ngabëdil sadjedor mah?" tjek sir Henry. „Tjingtjing itoe toeh, noe gëde nënggang, djendralna taksiran."

Pek koering ngeusian bëdil, ngadago sakeudeung sina rada anggang meueusan ti noe rea. Pangiringna ngan saerang. Taksiran eta kiai pangandjoer teh rek biantara ka pradjoeritna, da ahli oerang Koekoeana mah kana biantara teh, djeung koe bararisa njarita deuih.

Dor bëdil, galeong pangiringna, goebrag nangkarak bëngkang. Sëblak koering angën ratoeg sakeudeung, tjeuli panas, era ditongton koe sapirang-pirang ngabëdil teu keuna. Ari noe teu diarah ngagoeling. Dëk deui ngetjeng, tapi hënteu oedjoeg² dor, ngadagoan repeh ratoeg. Ari noe diintjërna, ngadenge sora bëdil djeung neuleu batoerna ngagoeling, ngalieuk ka toekang, toeloej balik deui

ngadeukeutan baladna. Dor deui bédil, tjoeng ki pangandjoer teh leungeunna doeanana rantjoeng, bloeg laboeh tisoeksroek pisan. Gër baladna tinggarëro, tingdjarërit. Sir Henry djeung kapten noeroetan doerdor ngabédilan. Tiloean teh meunang dalapan, tapi teu djadi dangdanan meunang sakitoe teh, atoe da rontjong dalapan oerang tina wëlasan reboe, naon hartina. Repeh sora bédil noe panoetoep, gër soerak pradjoerit beulah katoehoe, gër deui ditema koe beulah kentja. Noe hareup brëng madjoe rampak. Tajohna bédil teh didjieun tangara ngahoetjoeheun. Tëroes koering tiloean nërëgtëg ngabékasan bédil. Tapi wah kalah wowotan, moesoeh sakitoe nakleukna ngangsg beuki deukeut, beuki deukeut, lain tadaheun bédil tiloe siki. Eureun bae ngabédilan teh, ka hamboer-hamboer obat djeung pelor, mangkaning pelor ngan kari saeutik.

Moesoeh nandjak, dër ngaroeksak koeta batoe, teu nolih ti tonggoh ditërëgtëg ditimboelan koe batoe teh. Anoe keuna sirahna djroetdjret, gëtih boborot, ngaroedoepoeng. Geuwat dipiheulaan koe batoerna. Brakbrekbrokna sora batoe ninggang këpëng kasawoer koe sora pakarang djeung soerak ajeuh-ajeuhan, geus teu poegoeh dengekeuneunana. Tjeuli mani asa torek. Balad koering noenggoe ti tonggoh, tapi teu tjitjing, nimboelan djeung ngagoeloetoeke-goeloetoekeun batoe ka lëbak, noe ti lëbak keukeuh nandjak. Gër soerak leuwih tarik, koeta batoe bédah, brah teu aja panghalang, gëro satakër tanaga pradjoerit² moesoeh:

„Tëwala! Tëwala! tjili! tjili!”⁽¹⁾

Gër balad koering ngagëro meh barëng: „Injosi! Injosi! tjili! tjili!”

Gok tëpoeng moesoeh djeung lawan, gër taroeng, djodjoh saroea wanina. Alah, teu poegoeh dedengean. Këtir njeueung tjongo toembak geus beureum, gobang tingäroelang, tingharioek teu aja noe bërësih, ngaborelak patjampoer djeung ngolepat beureum. Toembak potong djeung sësëntaran tameng rabëng tjara dongdoman dibabad. Sirah tinggëlëntjeng. Reok djadjaran noe hareup rëbah tiloe opat djadjar, brëg deui digëlëk koe noe pandeuri. Noe paeh teu dipalire, noe roeboeh dilaroeng batoer. Moesoeh tëroes ngangsg nonggah. Balad koering, nadjan djodjoh wani, toer ngeunah nimpah moesoeh, doemeh tjitjing di tonggoh, tapi pajah, eleh

¹⁾ Tjili = hantëm.

bilangan, djadi kapeped, moendoer lalaoenan. Tibarang dër tjampoeh oge teu bisa madjoe, da kandël barisan moesoeh. Samaroe-kna moesoeh moendoer teh baris bédah, soerakna maratan lëmah, teu njaho disadiaan tanaga weuteuh, sabab balad teh didjieun tiloe lapis, salapisna kira-kira doea reboe, antarana lima poeloech metër. Nadjan lalaoenan moendoerna ënjaan. Gër ngahidji djeung tanaga weuteuh, reok moesoeh rëbah, sër deui madjoe, da kagëlëk koe batoerna anoe ti lëbak. Reok madjoe, reok moendoer, lila-lila anggër, tagën sakeudeung, tëroesna balad teh moendoer lalaoenan, kawas ngadago panoeloeng noe di toekang. Panas koe batoer moendoer, haok gëgëdoeg balad lapisan katiloe ngahajoekeun. Brëg miloe tjampoeh.

Përdjoerit moesoeh, masing sakoemaha wanina oge, tanaga geus leuseuh, oeroet nandjak oge tjape, njanghareupan tanaga weuteuh, nja eungap. Seak moendoer, tapi rob deui madjoe awahing koe loba tea. Sod beulah dieu madjoe, ah beulah ditoe kapeped, ngan kitoe djeung kitoe bae meunang sababaraha djongdjongan. Sir Henry, tajohna geus teu tahan ngantëp, gëdjlig indit, leumpang djodjolan satëngah loempat, bari moeih-moeih gobang di loehoer. Kapten ngadigdig noetoerkeun. Barang balad neuleu noe rek madjoe përang, gër soerak mani asa kaindit, pokna: „Gadjah! gadjah! tjili! tjili!” Pradjoerit njingraj merean djalan. Gadjah njëwoek madjoe nëngah, dër ngamoek lir banteng bajangan. Sakoer noe kasorang teu aja noe manggapoelia, gëmpar djadi babatang. Koering ngawaskeun tina loehoer batoe, rerenghapan miloe tjape djeung gila moesoeh ditjatjar bolang. Sakoer noe kasabët rampal, noe di kadek sapat tilas patjing. Kakara sadjongdjongan ngamoekna di tëngah kalangan, perah gobang geus gegeberan koe gëtih. Pradjoerit dibere kitoe, atoe hatena ngadjol tambah wawanen, soerak ambal-ambalan, noe ngaramoek tjara noe aredan, taja kaeling. Noe di hareup moesoeh geus boengbang-bangbing, noe di toekang teu wani madjoe, antek-antekna moendoer, moendoer, brah barisana bédah, boeriak paboerisat, birat pasalëbroengan. Nëpi ka soekoe goenoeng bërësih, teu aja moesoeh. Djol oetoesan ti beulah kentja, ngalaporkeun oenggoel djoerit.

Biwir oge baseuh keneh, tas ngoetjap soekoer ka Pangeran, sarehna oenggoel djoerit, tingtorodjol oetoesan ti beulah katoehoe, ngalaporkeun balad kapeped. Injosi gantjang paparentah. Teu ka-

njahoan deui moesoeh geus handjat. Doeka teuing koemaha atoe, da koering geus kakëpoeng. Tjeuli geus torek koe soerak kasawoer koe sora tameng djeung pakarang. Doeroegdoeg noe loempat, djëlëma djangkoeng gëde, lëmpëng noedjoe ka koering, toembakna lamborok koe gëtih geus diatjoengkeun. Lënjap hate koering, brëk dëkoe. Dëk djoeralit gëboet si boeta tibeubeut, koredjat koering gantjang hoedang, da kadoepak ngagoelitik, moesoeh ngoredjat deui, rek nangtoeng djëdor dipestol lëbah palipisanana, bloek deui nangkoeban ngalangsoed. Ari malik, djëdak sirah aja noe mëpëg, lëng boemi asa ngoebëng, reup poëk, gölepak, lës teu ingët. Barang njah beunta, geus digolerkeun dina batoe lempar, asa ngimpi njeueung beungeut boeloean sabeulah. Heug koering ditjéngkatkeun meueusan, song dibere tjai, soepaja nginoem. Geus nginoem mah eling ënjaan, toeloej tjéngkat dioek njanghoendjar lambar.

„Koemaha doeloer?” tjek kapten.

„Aja bërakah, noehoen lah,” walon koering.

„Reuwas tadi teh, barang katingal dikëpoeng koe moesoeh. Beul palangsiang tjek dina hate. Enggal diboedjeng, kapëndak ngadjoprak. Noehoen hënteu parna mah,” tjarek kapten.

„Hënteu,” walon koering, „ngan ieu rada lëndëng sarëng sirah njëri. Koemaha përang teh?”

„Bërëkah, saajeuna mah oerang noe oenggoel. Tapi edas mahal pameulina, balad oerang kira² doea reboe djoemlahna noe maot sarëng noe tatoe, moesoeh moal kirang ti tiloe reboe karoek-sakanana. Toe geuning, toeh, ngeungkeuj tjikrak, ngagotongan anoe tatoe.”

Adatna oerang Koekoeana kana pangpëरणan pradjoerit koe-doe sadia tjikrak, sarta oenggal tiloe reboe gënëp ratoes pradjoerit, doktorna aja sapoeloe. Sadjolna noe taratoe tea gantjang dipariksa koe doktor. Anoe aja keneh oebaraneunana, nja dioebaran sabisa-bisa; noe katimbang pajah, parna tatoena, geus lain oebaraneun, siriwik koe doktor dirahëutan koe peso noe seukeut njëmpring, tjër gëtihna njërëllëng, noe pajah toeloej ngalëmpreh, këlëlëp lës, lastari njawa patoeraj djeung raga. Poë eta ratoesan pradjoerit noe kitoe maotna, sakarat didjoeroeng koe doktor. Ènja djadi pitoeloeng tea mah, tinimbang nandangan kanjëri lila², da tjageur deui moal, nja mënding kitoe. Biasana noe tatoe koe toembak oerang Koekoeana, lain oebaraneun, tara beunang diarëp-

arèp tjageur deui. Oepama dipaksa dioebaran teh, mandjangkeun lara bae woengkoel. Tapi doeka teuing koering mah, lah moal kadoega mètakeun tarekah tjara doktor di dinja teh.

Rada anggang ti koering, sir Henry njénjékél keneh gobang pinoeh koe gètih, ngarioeng djeung Injosi, Infadoes djeung saba-baraha oerang gègèden, kawasna keur baradami. Koering djeung kapten njampeurkeun ka noe keur ngarioeng.

Sir Henry: „Tah, kabènèran ki sèpoech ka dieu. Koering bingoaeng, tatjan ngarti kana pikarèpeun Injosi. Kawasna geus eléh teh, Tèwala mèpèk deui balad, rek ningkèr oerang, ngarah paéh langlajuseun.

„Beu, tiwas,” tjek koering.

Sir Henry: „Ieu tjek Infadoes deui, tjai beak.”

Infadoes: „Lèrès pisan, eta salahiran bieu teh. Doegi ka têngah wèngi tjai tangtos seep, doegi ka têngah wèngi oge boa. Djabi ti eta bèkél moeng kantoen saeutik, margi tadina teu maksad lami ngèndèk di dieu. Moegi kèrsa ngadangoekeun pihatoer, da Gamparan mah watjis, gède loeang gède elmoe sarèngna deui manawi parantos sèring ningalikeun pèpèrangan di bentang, oepami di ditoe sok aja mah pèrang. Kèdah koemaha ieu teh ladjèngna? Mangga geura dawoehkeun. Tèwala ngèloen deui pradjoeritna keur ngagèntos noe rontjong. Tèwala parantos tèrangeun, jen oerang tanggoh, tjek paripaos sanes lawaneun meméh njatoe. Koe margi eta Tèwala teu wantoeneun nèmpeuh deui, nanging bade ningkèr, soepados oerang tanpa polah, tanpa daja, sina gèmpar kalaparan. Koe emoetan teu aja deui piliheun kadjabi tiloe pèrkawis: kahidji, tètèp di dieu, ngantosan langlajuseun; kadoea, oendoer ti dieu, modos ka palih kaler; katiloe oerang madjèng naradjang ka moesoeh, meungpeung moesoeh tagajoer, balad oerang keur goembira. Sapèrtos tadi endjing sadaja pada heba, ningal ieu „Gadjah” ngamoek ngoewak-ngawik, noe kasorang boengbang-bangbing, pradjoerit Tèwala pating goepak, babatangna patoelajah, kawas leuweung digèmpoer koe angin poejoeh lilimboengan. Madjoel saoerna, tèras madjèng koe andjeun, pikagilaeun. Abdi ningal pribados.

Nanging tah, koemaha ajeuna. Koemaha panggalih Gamparan? Salèrèsna kèdah toemaros teh ka Injosi, margi hakna Radja noe kèdah moetoes. Parandene kitoe abdi hajang ngoepingkeun lahiran

noe widjaksana, anoe kiat tangi wēngi sarēng gamparan noe kagoengan sotja herang."

„Koemaha manah Sang Radja Injosi?" tjek koering ka oeroet boedjang, si Oembapa tea, tapi eta ajeuna mah geus dangdan sa-koemaha radja, toeroeg² djadi pamanggoelna djoerit.

„Doekā Ama," djawabna, „koe toeng poetra teu atjan ka emoet. Sadaja-daja njanggakeun, koemaha panggalih Ama, toeng poetra roemaos toena panēmoe."

Gantjangna koering tiloean badami. Poetoesanana dibedjakeun, ringkēs bae teu loba noe ditjatoer. Noe dipilih noe katiloe, sabab tjitjing ngadago langlajeujeun, teu kadoega; moendoer wirang, nja koedoe madjoe naradjang, sarta koedoe gantjang, oelah ngadago asona moesoeh, bisi kaboeroe beres djeung balad bisi leutik hate, hoream neuleu moesoeh sakitoe nojekna. Tapi poetoesanana dipasrahkeun ka Injosi. Sarerea mēlong ka Injosi. Pada mēlong toengkoel sakeudeung, mikir saliwat, tjēngkat deui, pok: „Lērēs, moepakat sapilahir Ama."

Ngan sirikna teu soerak noe ngadago poetoesan, ngadenge pok kitoe, mani giak njoemoehoenkeun djeung njēboet ngiringan pisan.

Gantjangna ngatoer-ngatoer pilampaheun. Balad Infadoes didji-eun poepoetjoek baris. Bisa djadi ieu barisan tjarēm bakalna, sabab bilanganana teu sabaraha, diteundeun di hareup, dina lengkob, lawangna ka goenoeng. Sasesana dibagi tiloe bagian; noe sabagian malipir goenoeng ka beulah katoehoe, kapapantjenan ngang-sēg kentjana moesoeh; noe kadoea malipir goenoeng ka beulah kentja, soepaja ngahantja katoehoena moesoeh; bagian noe katiloe baris naradjang ti hareup. Sir Henry ngareudjeungan Infadoes. Toean kapten koedoe marēngan balad katoehoe. Ari koering kaparēngkeun ngaping Sang Radja Injosi.

Geus rēmpoeg kitoe atoeranana, brak sarerea dalahar, pradjoe-rit njakitoe keneh. Sabadana para opsir meunang parentah, jen koedoe gantjang, soepaja moesoeh bēdah beurang², karēpna Injosi memeh soeroep panonpoë hajang geus aja di dajeh, Tēwala ēnggeus katangkēp.

Samemeh boedal kapten Goed njampeurkeun ka sir Henry djeung koering ngadjak andoem salam, pokna: „Doeloer, oerang teh bakal patoeraj, paanggang di pangpērangan, biheung bisa,

biheung moal, papanggih deui, marga eta nĕda dihampoera sa-moedaja kaloepoetan."

Didjawab koe sir Henry: „Bĕnĕr, ki silah oerang teh bakal papisah, boa² pikeun satĕroesna. Katoeroeg-toeroeg koering mah ngapalaan noe panghareupna, djadi pangheulana amprotan. Koe sabab eta teu ngarĕpkeun boga oemoer nĕpi ka isoek, ari pradjoerit barisan „si Megamĕndoeng" — kitoe katĕlahna barisan Infadoes teh — geus bibilasan rek pĕrang ngĕtohkeun pati. Ajeuna ki silah bĕnĕr oerang teh koedoe silih hampoera sarta moega² ki silah pinaringan bagdja, bisa ngagoeur intĕn anoe di djĕro goedang Nabi Soelaeman tea."

Koering mah teu kadoega njarita, dina tikoro bae njĕdĕk pi-omongeun teh, ari njeuweuweuw tjara boedak mah era, atoech da di hareupeun pradjoerit, siga naon meureun, tapi ngarĕmpih mah teu boeroeng. Toeloej tatabean, Kapten Goed leos, njampeurkeun barisanana, diiring koe hoeloebalang, Leos sir Henry diiring koe Infadoes. Koering djeung Injosi njampeurkeun barisan tĕngah.

XIV. SI MEGAMĔNDOENG PĔRANG PANOENGTOENGAN.

Anoe ngentja djeung ngatoehoe indit barĕng, leumpangna di-omat-omat koedoe malipir lamping, saloengkar-salingkĕr, soepaja moesoeh oelah nganjanaan rek didodoho ti gigir. Heuleut satĕngah djam si Megamĕndoeng madjoe, moeroe lengkob pahareup-hareup djeung pasanggrahan moesoeh. Satoekangeunana barisan „Si Moending-djarah." Ieu barisan doeanana kaitoeng weuteuh, sabab tadi isoek si Megamĕndoeng miloena tjampoeh ngan waktoe nganggeuskeun, ngabĕrik moesoeh. Ari si Moending-djarah weuteuh pisan, da tadi teu koengsi pipiloeĕun, sabab djadi pasadiaan. Noe matak ajeuna giliranana mandi gĕtih.

Infadoes, boeboehan kapala pĕrang geus rea loeang, ngarti, jen barisanana bakal toempoer, ditoempĕs koe moesoeh. Samemehna proeng pĕrang biantara heula ngabĕbĕrah hatena pradjoerit. Pokna koedoe soeka koedoe boengah, sabab si Megamĕndoeng meunang kamoeljaan tanpa tanding, pĕrang disenapatian koe hoeloebalang agoeng, anoe toemoeroen ti bentang. Ieu djadi kahormatan gĕde. Ngabelaan Sang Injosi nĕpi ka meunang, bakal digandjar. Moal tjidra djangdji Radja rek maparin gandjaran gĕde.

Bët keueung koering njeueung pradjoerit ngeungkeuj, sasat rek noetogkeun oemoer. Dina beungeutna teu katara aja noe hegar saorang-oerang atjan, oelat mësoem djalma iklas, toemarima kana kadar. Maranehanana oge ngarti, meunang parentah koedoe ngalakonanana kawadjiban teh ngabelaan Radjana, soepaja oenggoel përangna, sarta nja maranehanana noe koedoe djadi wadal, pamuli meunang. Tapi sigana teu aja noe katembong miris, teu gimir koe moesoeh loba, noe itoenganana aja sababaraha kalieun. Hatena tęgër teu rioek². Djeung eta aneh oerang Koekoeanana mah teu sieun koe paeh teh. Kakara koering mah manggih djëlma rido ngorbankeun djiwana dina ngalakonan kawadjiban, teu ngingëtkeun hade-goreng atawa oentoeng-roegi noe baris toemiba kana dirina. Ari koering karareueung, kalalëtir, hate hëmar-hëmir miris. Mani heran, koemaha pipikiranana eta djëlma, mana galède² teuing wawanen. Pantës koering rek era sorangan teh djeung kabita koe wawanenna.

Repeh Infadoes njarita, djëp djëmpling sakeudeung. Ana gër teh soerak, koering mani ngarendjag kaget, soerak ajeuh-ajeuhan dibarëngan koe sora tameng ditabeuh koe bahoe toembak, beuki tarik-beuki tarik, ngagoeroeh lir goenoeng roegroeg, boemi eundeur. Deudeuleuan, dedengean soerëm kasapoet koe gëdërna wadyabala. Koemaha teu rek eundeur barisan si Megamëndoeng soerak barëng djeung barisan si Moending-djarah. Tina tarik madjoe laoen, beuki këndor-beuki këndor, retok²-retok² djëp wae djëmpe. Eta tanda panghormat ka radja keur dipisoeka. Tjek dina hate, tada teuing boengahna Injosi, sabab sakanjaho koering ti baheula oge tatjan aja radja anoe sakitoe dihormatna koe baladna noe geus iklas boeboeang njawa nandakeun kasatiaanana; radja² di nagara Roem oge teu kitoe diagoeng-agoengna.

Djëp pradjoerit, tjoëng Injosi ngatjoengkeun pëdangna, tanda radja² ngawalon panghormat rajatna. Tidinja si Megamendoeng dibagi tiloe boeboehan: broel pangheulana sareboe, geus aja antarana broel deui sareboe, geus aja heuleutna nja ditoetoerkeun koe boeboehan noe pangpandeurina. Kira² geus lima ratoes meter djaoehna kakara Injosi nginditkeun si Moendingdjarah.

Këlar ngawaskeun ti tonggoh, pradjoerit ngeungkeuj ka lëbak, toembak rantjoeng tingborelak di noe tjaang, kira wantji erang², boeloe topi tingkilitir kaanginan, noe leumpang siga ngarakeup,

doemeh kabeh mawa kĕpĕng. Teu sabaraha lilana poepoetjoek barisan geus nĕpi ka soekoe goenoeng lĕbah lĕgok, pandjangna kira² aja opat ratoes meter, ka roebakna panglĕga-lĕgana oge moal leuwih ti sakitoe. Dĕmi ka toengtoeng loear mentjos, goepit pisan lawangna kitoe kira² aja salapan poeloeh atawa saratoes langkah.

Barisan si Moendingjarah aja saratoes meter anggana ti si Megamĕndoeng, nĕmpatna tonggoheun lĕgok tea. Ti lĕbah dinja awas ka balad moesoeh. Sigana sanggeus kadeseh teh. Tĕwala ngĕridan deui, nambahan baladna. Koe taksiran balad Tĕwala harita moal koerang ti opat laksa, kabeh dikĕprik sina madjoe.

Barang nĕpi ka deukeut lĕgok, pradjoerit moesoeh rada ngarogo rek madjoe teh, nendjo si Megamĕndoeng geus taki-taki antara toedjoeh poeloeh metĕr ti maranehanana. Djalan heurin, da ngan salapan poeloeh langkah, kapaksa balad noe rea ngahunggeu. Ari noe disanghareupan djadi lawan, pradjoerit noe kamashoer di Koekoeana, noe dipake agoel koe sarerea, tamengdada nagara. Kawasna balad Tĕwala sĕber, njanghareupan lawan, djago kolot.

Teu lila tembong djendralna, djangkoeng gĕde, diroeboeng koe hoeloebalang noe sedjen. Taksiran koering moal saha eta noe djangkoeng gĕde teh tangtoe Tĕwala. Haok marentah, soepaja baladna madjoe. Brĕng madjoe rampak ka lawang lĕgok tea. Si Megamĕndoeng tjitjing teu obah. Barang moesoeh geus deukeut, gĕr soerak asa kaindit bari loempat ngatjoengkeun toembak moeroe moesoeh. Prok moesoeh lawan tĕpoeng, gĕr pĕrang tjampoeh, djodjoh saroea wanina, sigana pada teu eling. Noe kasamboet blagbloeg roeboeh, roepa² pĕtana, aja noe tidjĕngkang, noe ti-goeling, noe tisoeksroek, noe ngarĕmpĕjĕk. Noe taroeng beuki tjarang, noe ngagoler beuki loba patoelajah, moesoeh lawan toempang tindih. Rob deui si Megamĕndoeng bagian ka doea miloe tjampoeh. Leak-leak balad moesoeh tjarĕm geus gĕmpar djadi babatang. Si Megamĕndoeng ngan kari doea pĕrtiloena deui, moesoeh geus beak noe madjoe, nagĕn deui ngadago moesoeh nara-djang. Keur kitoe tembong sir Henry, katjiri koemisna. Alah atolana lain di kieuna, teu kasamboet waktoe tjampoeh.

Taneuh, djoekoet pinoeh koe gĕtih, kawas diampar koe maroes. Noe paĕh mah geus poegoeh deui bobolokot mandi gĕtih. Lamoen

neangan keur pisarateun pakarang di pangpëरणan noe bërësih, hënteu katjeretan gëti, tjadoe teuing bisa manggih. Leuwih ti opat reboe pradjoerit noe harita patoelajah di dinja. Injosi gantjang marentah, soepaja noe tatoe, teu pilih balad atawa moesoeh koedoe boeroe² dirawat sarta teu meunang dipaehan.

Rengse wae ngarawat noe tatoe, boeroedoel deui moesoeh, noe make boeloe² bodas, barisan pradjoerit ngora. Gok djeung si Megamëndoeng, dër deui pëरणan rame tjampoeh. Saban mënit noe paeh ratoesan, moesoeh lawan tinggoledag. Reok moesoeh madjoe, si Megamëndoeng barisanana bongbong, teu lila reok deui moesoeh kababad. Estoening pëरणan hebat patëlak moesoeh djeung lawan, wani saroea wanina, pëरणan pada bibilasan, silih soedok, silih toebles, silih sabët koe gobang. Ka hareup ngaheuneu moesoeh, ti gigir gëdjos disoedok koe toembak. Toembak potong tjoel dipitjeun, ganti ngamaenkeun gobang. Pradjoerit saroea rikatna, ngan si Megamëndoeng boeboehan meunang oemoer, meunang loeang, paham dina pëरणan, saorangan pangadjina aja doea-eun moesoeh. Moen teu kitoe, wah bëdah barisan Infadoes. Harita oge Injosi geus taki-taki, rek ngahajoekeun si Moendingjarah. Haok sir Henry sosoak madjoe nëngah bari moeih-moeih gobang di loehoer. Eta si Megamëndoeng ngadenge haok gëgëdoegna mani siga indit ngadjangkoengan baladna siga nambahan. Kabeh moesoeh noe naradjang pasti bobor karahajoean, ngoedoepoeng teu ëngap deui. Sor-sor si Megamëndoeng madjoe. Gëgëdoegna ngamoek ngoewak-ngawik ngentja-ngatoehoe bari ngangsgë madjoe, noe kasorang tangtoe rëbah.

„Bëner lalaki”, tjek Injosi, „meunang oerang kitoe galagatna mah. Tingali itoeh, wah bëdah moesoeh itoeh!”

Ënja, braj moesoeh patoeraj, moendoer-moendoer, boeriak pa-boerisat, brëng birät, bër dibërik koe si Megamëndoeng, bërësih teu aja noe ngari sahidji. Nëpi ka loehoer pasir eureun, sir Henry ngadjeleng hareupeun pradjoeritna. Asal tiloe reboe ajeuna ngan kari meureun gënëp ratoes mah, radjëg di loehoer pasir, awakna bobolokot koe gëti, geus poegoeh pakarangna mah teu koedoe ditjaritakeun. Ti lëbak leugeudeut balad Tëwala, rek ngaraponan noe keur ngaso di pasir: djëlëma gënëp ratoes rek ditëmpoeh koe moesoeh sakitoe nakleukna.

„Beu!” tjek hate, „balai.”

Dër angën ratoeg, gëtih asa ngagolak, awak ngagidir ambëk, mani hajang dioes bae sorangan ngamoek, njatjar moesoeh.

Apan koering teh kana gëloet, kana përang teh, lah pendekna ngan teu tjadoe. Da koering mah ngarah salamët, kadjeun teuing make „langkah sareboe” ti batan taroeng ngajonan anoe ngarah. Tapi harita mah doeka teuing, make ngagidir hajang madjoe përang, wawanen leber rarasaan teh. Ngareret ka Injosi, soegan teh tjara koering. Ieu mah teu regrog², nangtoeng sënan, hënteu reuwas, hënteu kaget, soemawonna miris atawa sieun tea teu katarata dina boedina.

„Oerang teh rek tjitjing bae, ngantëp?” omong koering.

„Ih, moal ënja,” djawab Injosi, „ajeuna saatna noe sae, toeh geuning!”

Sabot keur njarita si Megamëndoeng geus dër deui amprok djeung moesoeh. Tjoeng Injosi ngatjoengkeun pëdangna, koeliwing deui ka handap. Gër soerak asa kaindit, brëng pradjoerit loempat moeroe moesoeh.

Doeka toeloejna mah koering teu bisa njaritakeun, poëk deudeuleuan, dedengean asa torek. Sora pakarang, sora djëlëma noe ngadjërit, noe sosoak, noe soerak teu poegoeh kadengena. Koering teh teu pati ingët taksiran, noe karasa ngan madjoe tëroes-tëroes, ari ingët geus di pasir, toekangeun koering sir Henry nangtoeng. Koering nanjakeun, koemaha noe matak geus tjlok di dinja. Koe sir Henry ditjaritakeun, jen si Moendingdjarah ngamoek, ngabërëg moesoeh nëpi ka pasir, ti tonggoh dibërëg koe si Megamëndoeng. Diangsëg ti kentja ti katoehoe, moesoeh sëber meureun, da tëroes moendoer, toeloej birat, ninggalkeun bangke djeung babandan. Ajeuna si Moendingdjarah geus ngahidji djeung si Megamëndoeng.

Toeloejna përang taja reureuhna, hebat alah batan noe ënggeus-ënggeus. Infadoes ënja disëboet këkëntong teh, dimana noe rame tjampoeuh manehna aja di dinja, miloe ngamoek bari ngahatean baladna. Pradjoerit tambah wanina, neuleu gëgëdoegna bëntëng. Sir Henry pohara dipikagilana, saban madjoe nëngah, moesoeh njingraj, geus euweuh noe wani ngadeukeutan.

Tapi sakitoe barëdas djeung waranina teh mehmehan kawalahan, nadah moesoeh rea teuing. Gër moesoeh soerak geus teu kadenge daratan: „Tëwala! Tëwala! Tëwala madjoe!” Djolag² ma-

djoe, tēroes soesoembar nangtang sir Henry: „Mana djëlēma bo-
das noe maehan anak? Hajoh lawan ieu aing!” Bělēwēr maleng-
peng koe gobang. Gëndjreng keuna kana tameng moesoehna. Doe-
roegdoeg moeroe, djēbet tameng sir Henry dikadek satakēr tanaga,
nēpi ka ngadjengdjehe. Barang rek dipindo, ēr soerak ti kentja
ti katoehoe. Barisan noe dipapantjenan ngadodoho tea, datang
meudjeuhna pisan waktoena. Samaroekna moesoeh balad Injosi
teh ngan eta-etana noe aja di pasir, si Moendingdjarah djeung
si Megamēdoeng, teu njahoēun bakal datang noe leuwih loba,
nampol ti kentja-katoehoe. Moesoeh teu meunang papan, ripoeh,
moendoer koesoet, toengtoengna boeriak paboerisat, birat, han-
tēm diobrot dibērik balad Injosi, nēpi ka bērēsihna di pangpērangan
teu aja hidji moesoeh noe nangtoeng.

Tobat, kētir ningal saidēr-idēr pasir boleger beureum koe gētih,
bangke pasoesoen tindih, pakarang noe hade keneh noe potong
pasolengkrah, tameng balatak teu poegoeh bilanganana.

Infadoes njarita ka pradjoeritna bari ngabēbēr raheut dina leu-
ngeunna: „Noehoen arandika geus bisa ngagoengkeun ngaran
„barisan”. Koe anak-intjoe oerang di ahir tangtoe didjieun pao-
mongan.” Malik ka sir Henry: „Parantos lami abdi djadi pradjoerit,
sēring ningal pēpērangan, nanging hoeloebalang noe sapērtos
gamparan nēmbe mēndak ajeuna.”

Si Megamēdoeng ngan kari salapan poeloeh lima deui, koe
Infadoes noe sakitoe teh diparentah ngarawat sakoer anoe tatoe.
Djol oetoesan ti Injosi, ngala Infadoes, sir Henry djeung koering.
Gantjangna koering djeung batoer-batoer nēpoengan Injosi. Ma-
nehna njarita rek tēroes ka Loe, moen beunang rek nangkēp
Tēwala.

Koering keur leumpang ret ka pasir deui, teu djaoeh ti oeroet
koering nangtoeng, bēt aja kapten Goed keur dioek, gigireunana
aja pradjoerit moesoeh ngagoler, disangka majit, da ngadjoprak
teu oesik².

„Raheut moal salah toeh,” tjarek sir Henry.

Koredjat noe ngagoler teh hoedang, djoeng nangtoeng kop kana
toembak, gētjrok kapten ditoembak, blak nangkarak. Bērēbēt sir
Henry loempat moeroe, ditoetoerkeun koe koering djeung Infadoes.
Oerang Koekoeana mindo deui noembak satakēr tanaga sarta

omongna: „Tah rasakeun pamalës aing!” Geus kitoe bërëngbëng loempat, mëlëtëng ka lëbak.

Goed ngadjoprak teu oesik², sora toembak doeakalianana kadenge gëtjrokna. Disangka geus djadi majit, barang beh beungeut-na geus pias. Ari dirampa ngarenghap keneh sarta toeloej beunta sakeudeung, omongna: „Oentoeng make badjoe këre, teu teurak toembak teh.” Reup deui peureum, ngomongna koewas-koewës, teu poegoeh kadengena, ngalehleh kapaehan. Geuwat badjoena koe koering diboeka, awakna kbe sir Henry disasar bisi aja raheut. Oentoeng teu bohak-bohak atjan, ngan bitisna dëwang mani boehahang, taksiran ka sabët gobang ti toekang. Hidëng toekang tjikrak geus djol aja noe njampeurkeun. Goed digotong dina-tjikrak dibawa ka dajeh.

Di katja² dajeh kapala pradjoerit noe ngadjaga mere hormat tjara ka radja, sarta ngalaporkeun Tëwala djeung pangiringna aja di djëro dajeh, teu bisa bidjil, sabab saboedeur dajeh geus katingkër koe balad Injosi. Noeroetkeun tjarita noe ngadjaga, Tëwala geus teu oentoepan ngalawan, pradjoerit anoe bela toemoetoer saeutik pisan, di ngalawanna oge ngan rek ngarah paeh, lantaran ëmboeng sërah bongkokan.

Bagdja katjida, lantaran aja parentah Injosi, ngoetoes pradjoerit pirang² riab ka mana², ngoetarakeun saha² noe taloek, datang sërah bongkokan, baris dihampoera, moal dihoekoem, moal dipaehan.

Heuleut satëngah djam ti waktoe datang ka lëbah katja², oenggal djalan, oenggal lawang geus ngëmplong ka karaton keur Injosi sabaladna. Nadjan geus euweuh pikarisieun, ati² mah taja gorengna, nja eta ngadjaga bisi, përdjagaan ditohagaan.

Sapandjang djalan kentja-katoehoe regreg² pradjoerit bojongan sababaraha lapis, narangtoengna kabeh toengkoel sëmoe aloem, pakarangna digolerkeun dina taneuh hareupeunana. Waktoe Injosi ngaliwat ngan hoeloebalangna noe ngahormat, sërdadoena mah teu meunang, da hënteu njëkël pakarang, geus disaroeakeun djeung bangke. Teu sabraha lilana djol ka lawang karaton, soep ka aloen², tjombrek tiiseun, teu aja djëlëma ngoelamprëng. Di hareupeun lawang ka padalëman tjoenggëlik Tëwala dioek dina korsi so-rangan, noe ngabatoeran ngan Gagoel andeprook di handap.

Bët ngahëlas koering ningal Tëwala, dioek ngahëloek toemoeng-

koel, gobang djeung tameng ngagoler gigireunana. Oeroet agoeng digoenggoeng koe sanagara, diroeboeng para pangagoeng, kawasa moerba wisesa, koe sapoë ragrag pisan. Isoek² marentah balad laksaan, ari ajeuna pasosore teu sapotong-potong atjan baladna noe ngabelaan. Anoe loedeung ngabarëngan ngan nini² saoerang, indoeng koekoetna. Eusi karaton noe mangratoes-ratoes, teu aja saoerang-oerang atjan noe wani deukeut. Pisakoemahaen teuing nalangsana, teu boga batoer ngomong² atjan. Karoenja. Ajeuna meureun karasa, koemaha njërina nbe ragrag tina daradjat noe pangloehoerna ninggang kana daradjat noe panghandap-handapna. Meureun karasaen, koemaha rasana djëlëma noe pada ninggalkeun koe sanak kadang sarta mitra dina keur meunang toenggara.

Antara lima poeloeh langkah deui ka manehna, iringan Injosi eureun. Ari Injosi djeung koering sababatoeran diiring koe sawatara kapëtëngan, tëroes ngadeukeutan Tëwala. Euleuh Gagoel soengoetna lain lawaneun, moek, njarekan, njindiran sagala aja. Ari Tëwala, tjëngkat dangah, beungeut këroeng këtjoet, nahan amarah, panonna moentjërëng ka Injosi, basana: „Wilodjëng rawoeh, Sang Radja. Kieu moelang tarimana djëlëma noe diweureuseubeuhan, ngitjoek² balad batoer, diwoedjoekan mambrih biloek ngabarëloet. Noehoen. Bade koemaha nja pangërsa?”

„Sapërtos andjeun ka bapa kaoela, noe dirëboet karadjaanana,” djawab Injosi teu koerang teu leuwih.

„Sae. Tapi kaoela hajang nembongkeun pëtana kaoela adjal, soepaja sampean ingët, ëngke dimana mangsana giliran sampean datang. Srangenge soeroep barëng djeung gëtih, bentang kaoela ge moesna barëng djeung kaoela. Ajeuna geus nëpi ka djangdji kaoela koedoe nëmahan pati, rido pisan. Tapi pada² adjal, kaoela hajang tjara pradjoërit, patina lantaran përang. Ditëda sih koerniana radja, kërsa ngidinan, sabab kasëboet dina hoekoem adat Koekoeana, toeroenan radja teu meunang dipaehan, lamoen taja idin radja. Pilawaneun meunang milih sasoe kana, nëpi ka kasamboetna. Ieu panoehoen teu kenging ditolak.”

„Idin,” djawab Injosi. „Mangga geura milih pilawaneun, ngan kaoela pribadi teu meunang dipilih, sabab radja teu meunang gëloet, taroengna ngan di pangpërang.”

Tëwala ngalirik ka rioengan koering, karasa sakeudeung mëlongna ka koering. Koering geus miris, koemaha nja pipëtaen,

lamoen kapilih. Diadoe djeung djëlëma tetekadan, toer leuwih gëde, leuwih bédas, ti mana pibisaeun meunang. Lamoen daek ngajonan teh, saroea djeung njerenkeun oemoer. Koe sabab eta gilig dina hate, lamoen kapilih rek ditolak, kadjeun disëboet koe-maha, tjek wiwilanganana kadjeun teuing nëpi ka ditoendoengna ti Koekoeana oge.

Pok Tëwala ngomong njanghareup ka sir Henry: „Koemaha sampean kërsa njampoernakeun damël? Atawa mënding disëboet djëlëma këtjing, njingtjiringik leutik boerih?”

„Oelah!” tjek Injosi, „sampean oelah milih eta.”

„Naha oelah, teu wanieun?” omong Tëwala.

Sir Henry moedigdig, rëj beureum, omongna: „Hajoh, sina njahoëun, ieu wanieun-hënteuna.”

„Ja Robbi,” tjarek koering, „oelah, oelah dilawan, saha noe rek njëboetkeun djëlëma këtjing, teu ngalawan ge, kapan tadi oge dina pangpëranan geus kasaksi koe sarerea. Teu goena nembongkeun wawanen di dieu.”

„Hajang njaho, sakoemaha djadjatenna,” tembalna. „Hajoe, ka-oela geus sadia.” Toeloej madjoe ka hareup, gobangna didjoeng-djoengkeun.

Injosi moeroe njampeurkeun, njëkël kana leungeun sir Henry, mondah, soepaja oelah ngalajanan Tëwala: „Adoeh, djoeragan! sing emoet oelah loeloeasan, ngabelakeun naon? Lah, koemaha teuing para mitra, oepami andjeun kataradjang apës.”

„Doakeun anggoer sing oenggoel, Injosi, lain ngahalangan,” tembalna.

„Ari teu kenging dipëgatan mah, teu sawios. Na aja wawanen Moal teu hebat tandinganana. Tëwala! Gadjah geus sadia, ngadago sampean.”

Radja dongkol njakakak, hij bët karareueung, ngadenge seuri noe sakarat awal. Tameng geus ditjékël, gobangna didjingdjing. srog patangtoeng-tangtoeng adoe hareupan, silih tilik moesoeh djeung lawan. Djangkoeng saroea, gëde saroea, sëgoet saroea, dangdanan saroea. Nilik sare'atna estoe satanding pisan. Keur noe rësëp ngadoe djëlëma, moal salah matak rësëp.

Prak tatandang doeanana, pada ngamaenkeun gobang. Seot sir Henry naradjang, gobangna mani ngahioek, djëkoek kana taneuh, bis bae laboeh. Tëwala njingtjët bari ngaheumbatkeun

gobangna, gëpro kana tameng sir Henry. Sisi tameng sompad, tjongo gobang nodel pingping. Boerial gëtih. Waktoe Tëwala ngaheumbat, koering ngagëro bari peureum, paoer teu kadoega neuleu, panjana teh ari beunta sir Henry geus teu njawaan. Alah, tjapena ngarenghap mani sëksëkan alah batan nandjak, laladjo noe taroeng, ngadoe gobang. Silih sandër, silih sabët, silih heuneu, tapi euweuh noe kabeunangan, saroea rikatna. Saban gobang ninggang katadah koe tameng.

Pradjoerit noe ngadjaga geus poho di kawadjiban, katarik koe noe keur përang tandingan, barisan bëntjar, rob ngarogrog, ngalingkoeng, magër pakalangan. Saban gobang ngahioek, djëlëbet kana tameng, pradjoerit tinggarëro.

Kapten Goed ngahenen dina tjikrak teu ingët². Lantaran pradjoerit katjida gandengna, njah manehna beunta, toeloëj hoedang moentang ka koering, soekoena noe raheut disangkeh. Dasar sër-dadoe sakitoe ripoeh teh, neuleu batoer keur taroeng, ngahatean: „Tah kitoeh! Bënër! Awas! Aloes!”

Hioek gobang Tëwala, djëbet kana tameng sir Henry mani ngaboerinjaj. Kolepat gobang sir Henry. Djëkek kana tameng Tëwala. Tameng rantas, tëmboes kana badjoe kërena lëbah taktak. Tëwala ngagëro bawaning njëri djeung ambëk, gëtih ngaboerial tina taktak. Ngëdjat ngawahan. Seot naradjang, bëlëtek, gondjrang. Sir Henry gobangna kari sapotong, pipina baloboran gëtih. Djlëng doeanana pada ngëdjat, soepaja meunang papan. Sëwoek deui Tëwala naradjang, gobangna ngahiëng. Reup koering peureum, teu kadoega ningal. Napas eureun sakeudeung. Ari braj beunta deui, ngambëkan renghap-randjoeg, tameng sir Henry ngagoler dina taneuh. Loeng tameng, loeng gobang, gaproek galöngan, papoekët silih hompet. Goerindjal Tëwala meunang pëta; igeug-igeug, gëboet sir Henry dibeubutkeun, Tëwala kabawa tibeubut. Tëwala hajang lësot, sir Henry pageuh ngadëngkek, goeloetoeke gegerelengan. Tëwala pageuh njëkël gobangna, paparahna rek narok sirah sir Henry. Ari ieu geus njaboet badi rek nëwëk moesoehna. Mani tingsereset paoer koering mah ningalna.

„Rëboet gobangna! Tah gobang rëboet!” sora kapten ngagorowok.

Noe gëloet tëroes gegerelengan, tapi sir Henry oentoeng, bari papoekët bisa ngarëboet gobang Tëwala. Goerindjal, djlëng loen-

tjat; moesoehna deui nja kitoe, serepet mēsāt badi. Seot djēkek kana dada sir Henry, teu teurak badi teh, katahan koe badjoe kēre. Barang disabēt koe sir Henry, teu keuna, ditjingtjētkeun bari ngēdjat.

Tēwala ngadodoho, sir Henry taki-taki, gobang ditjēkēl koe doea leungeun, diatjoengkeun. Sēwoek Tēwala lēmpēng pisan kana dada sir Henry nēwēk koe badi. Badi nēpi gobang ninggang.

Gēro pradjoerit reboean ngagoak maratan lēmah. Sirah Tēwala ngagēlētjēng, gēboet ngagoēloetoe koe nēpi ka deukeut soekoe Injosi. Tina beuheung Tēwala njēbrot gētih tjara tjai tina angsret mantjēr. Galeong gēbloeg badanna tigoeling. Djarigdjeug sir Henry, gēbloeg deui ngadjopak deukeut majit moesoehna. Gantjang pada moeroe sarta dibanjoe. Roeboehna toeloej kalēngēr teh bawaning koe tjape, pēgat napas djeung loba teuing gētih bidjil tina pingping tina pipi.

Wantji harieum beungeut koering njampeurkeun sirah Tēwala, intēn noe dina tarangna ditjokot, dibikeun ka Injosi bari njarita:

„Anggo ieu intēn, Sang Radja Koekoeana, radja anoe kagoengan lak lantaran toeroenan sarēng lantaran oenggoel djoerit.”

Rap intēn tanda karadjaan, minangka makoetana, koe Injosi dipake. Geus kitoe ngong biantara tjara noe ngadalangkeun ka oenggoelanana pēpērangan. Edas teuing koe beres, aloes, karareuna basana, hese ditoeroetanana. Maksoedna mah kieu pokna teh: „Tah, ajeuna hoeroe-hara ēnggeus pepes, boektina oerang noe meunang. Tadi isoek rēboen² ratoe dolim teh geus goegah, nganggo² samagrēng kapradjoeritan, diraksoekan kēre beusi, kērsana rek mapag pērang. Wadyabalana noe bela rejek nojek, ngoelang² toembak, menta dipadjoekeun pērang. Hoeloebalang geus sadia, ngan ngantos timbalan ratoe. Kabēh pada soeka seuri, oedjoeb bakal oenggoel djoerit, ngandēlkeun loba bilangan, doea laksa lipēt doea. Lēbak, djoerang, lēgok lamping kabēh katoetoep koe boeloe topina, lir sajang katoetoep koe djangdjang manoe koe noe boga inja. Tameng haroes ditabeuh marēngan soerak, goembira hajang geura proeng, taroeng ngadoe kadigdjakan. Kabēh rek ngahoeap kami, matak anoe gagah rongkah maroeroe patarik-tarik, arek ngarah pati kami. Madjarkeun teh kami djoerig njiliwoeri, ēnggeus paeh wani datang, wani njeun hoeroe-hara, ngagoejoerkeun sanagara.

Tidinja kami ngagëbos, mëtoe bajoe handaroean, tarik alah batan barat. Moesoeh kami disapoe lëdis bërsih, tjara mega ngadingding di awang² didoepak koe angin gëde njingraj toeloej moesna pisan, leungit angkeub djadi lenglang.

Mana noe gagah përkosa, noe wani ngalawan kami? Mana noe tadi wani koekoeboek, wani soesoembar njatjampah teh? Toembak diajoen dioendi, dioelang diamang-amang, dipake ngantjam kami. Mana djëlëmana? Geus euweuh, geus ngagoler, badanna djadi babatang, djadi parab sato hewan, noë tinggal anak rabina, nanggoeng kanjërianana.

Ari kami, Radja, sapërti manoeek garoeda noe datang kana sajangna, tas hibër ngidër boeana. Hiap maraneh sakabeh geura anoet, ngioehan handapeun kami. Maneh oelah leutik ati, oelah sieun, oelah reuwas, kami noe baris ngaoeban. Ajeuna waktoena oerang meunang bagdja. Nagara katoet eusina kami noe boga, istri geulis milik kami.

Mangsa keueung djeung toenggara ajeuna geus sirna rërëp, kaganti koe mangsa hegar, moesim bidjil këkëmbangan. Kadjahatan, kagorengan, lakoe doersila dibasmi. Boemi langit reudjeung bentang djadi saksi, jen ratoe dolim geus moesna ti alam doenja, toempoer djeung anak-anakna."

Djëp Injosi repeh, ër wadyabala noe aja di dinja saer manoeek: „Goestil Radjal”

Kawas noe noedjoem, bët kadjadian omong koering ka oetoesan Tëwala, basa memeh proeng përang. Heuleut opat poeloech dalapan djam sirah Tëwala ngagoeloetoeck di lawang.

IV. KAPTEN GOED PAJAH.

Saboebarna përang sir Henry djeung kapten dipajang, dibawa ka padalëman, teu woedoe ripoeh doeanana oge, tina bangët tjape djeung rea teuing gëtih noe ka loear. Ari koering mah boeboehan paranti ngarasa tjape teh, katoeroeg-toeroeg awak hampang, da teu lintoeh, dina përang hënteu tatoe teu raheut, djadi teu sakoemaha ripoehna. Tapi sapeuting eta teu sare sakërëdjëp-kërëdjëp atjan, oeroet hoentoe singa tea karasa deui djeung sirah asa beurat, riuet mani ëngab-ëngaban. Taksiran geuneuk lëbah oeroet pamëpëg teh, da ari katjabak njëri. Ari ras kadinja mani asa pangtjilaka-tjilakana hiroep di alam doenja teh koering tiloean. Tapi

asa mending keneh, ari dibandingkeun djeung pradjoerit noe reboe-reboe mah, ngadjaloprak di taneuh moal hoedang deui, toetoeplalakonna di doenja, padahal isoek² teh djagdjang waringkas.

Oentoeng Nji Polata aja, teu daek djaoeh. Ti waktoe ditoe-loengan rek dipaehan tea, toeloej bela djadi poerah ngalaladenan, pangpangna gētenna teh ka kapten. Harita ngabantoean ngalaan badjoe kēre. Leuh, lamoen seug teu make noe kitoe, lapoer meureun sobat koering doeana kasamboet dina pērang tjampoeh. Teu djaoeh ti sangkaan, nadjan pakarang hēnteu toemama, badan mah tangtoe eumeur di djēro, barang diboeka teh sir Henry djeung kapten sakoeliah badanna eumeur gareuneuk. Nji Polata geuwat ninjoe baloer, seungit nakēr. Katjida toeloengna baloer teh, boektina sanggeus dibaloeran ngarasa rērēp. Nja karasa keneh njēri awak eumeur tea mah, tapi teu aja pikasalēmpangeun. Atoeh sakitoe ripoehna las koe oebar sakali, tangtoe wae kanjēri teh moal oedjoeg² lēs moesna. Ari noe dipake kapaoer raheut kapten dina bitis djēro pisan djeung raheut sir Henry dina pipi, dēwang tapak gobang Tēwala. Hadena bae kapten teh bisa dodokoran, parobot sadia dina pētina oebar-oebaran tea. Mimiti raheut sir Henry, beunang ngoembah bērēsih teh, rētrēt dikapoet rapat pisan, ledak-ledak koe salēp, soepaja oelah katoempangan, oelah djiih. Beunang ngoebaran dibēbēr koe lamak saaja-aja, tjaretjet disosoēh. Beres sir Henry, toeloej ngome raheut sorangan, dilalajanan koe koering. Sabot koering ngome raheut, Nji Polata teu tjitjing, ngagolakkeun laoek, njeun kaldoe. Geus ngoejoep kaldoe toeloej bae ngēdēng, da teu aja napsae kana dahar, komo sir Henry mah djeung teu bisa ngangah² atjan deui. Kawas noe ngahadja ngandih, padahal kabēnēran bae, pastina Tēwala djeung anakna koedoe paeh koe sir Henry; na ari ajeuna ēnggonna dikēdēngan pisan. Panjana teh reup peureum toeloej sare, horeng peureum noetoe paningal bae, ngararasakeun kanjēri, ari pikir mah ngagolang, ngeling² noe geus kasorang, loba pikabaloeseunana. Tetela teu sarena teh, da saban oesik ngaharēgoeng.

Di sakoeriling boengking raong sora awewe noe tjeurik, noe sasambat, meureun anoe njeungtjeurikan salakina, atawa bapana atawa doeloerna, barajana noe kasamboet di pangpērang. Pantēs peuting eta rame koe noe tjeurik teh, sabab leuwih ti doea wēlas reboe pradjoerit noe tjarēm, padahal pērang ngan sapoē

ti isoek nēpi ka boerit. Koering oge miloe nalangsa, miloe njēri, mangnjērikeun ka noe ditinggal maot. Beuki peuting anoe tjeurik beuki laoen-beuki laoen, toengtoengna rēp djēmpe. Ngagajoeh ka tēngah peuting kadenge keneh aja anoe ngabangingik, tjeurik sēmoe njēri-njēri teuing. Ieu oge lila² mah djēp repeh. Isoekna meunang bedja, aja noe tjeurik ngabangingik nēpi ka tēngah peuting teh di imah Gagoel. Noe tjeurikna oge moal saha deui meureun, nja eta nini² njeungtjeurikan asoehanana kasoran.

Wantji soeboeh, geus deukeut ka beurang, eta bae geus rame hajam kongkorongok, koering kakara bisa ngalēnjap. Ari reup ari dēr ngimpi, ngimpi pērang tjampoeh rame, bawaning pikir bangēt pinoeh koe hal pērang, sare oge mani kaimpi-impikēun. Hoedang² geus beurang, karasa saloear badan djeung saboekoe-boekoe njarēri, lēsoe teu aja tanaga. Kamari mah teu ngarasa sakoemaha ripoehna soteh baal keneh meureun. Tapi sakitoe teh kaitoeng pangdjagdagna dibandingkeun djeung batoer mah. Kapten Goed goeling-gasahan, panas njēbret djeung sasar sagala, estoening matak ngahēlas. Oho-oho batoek, gēdjlok gētih lalambaran, saban batoek ngoetahkeun gētih. Lah, koering geus samar rampa, ngoebaran teu bisa, watir beak karēp, hajang noeloengan natakoe. Sirahna hantēm dikopjok koe tjai koe Polata. Saloear badanna dibaloeran deui koe baloer noe seungit tea. Ari sir Henry aja meueusan, ti batan kapten mah. Ngadjēlēpēng bae repeh, ngan panonna meusmeus ret ka noe ah-ēh goeling-gasahan, katara katrēsnaanana.

Kira² poekoel dalapan djol Infadoes ngalajad. Pokna mah manehna oge sapeuting eta teu sare sakērdjēp, sabab tēroes ngabēlēdig noe kalaboer, naloek-naloekkeun, nangkēpan sesana balad Tēwala. Para pangagoeng kabeh geus soemērah ka Sang Radja Injosi. Ka sir Henry ngahormatna Infadoes geus leuwih² ti ka naon. Sakabeh oerang Koekoeana tjēnah, nganggapna ka sir Henry teh alah batan ka radja, kabeh pada serab, pada sieun tapi pada rēsēp, kasēboet wēdi asih tea; dianggapna lain djēlēma sawadjarna, tapi manoesa noe mahaagoeng, soesoeroepan hiang batara. Satadina panjangkana djēlēma Radja Tēwala teh panggagahna pangrongkahna, moal aja noe bisa ngelehkeun, ahir² koe sir Henry beuheungna sapat sapisan. Ieu teh pohara dipikahebatna koe djēlēma. Infadoes datangna teh mawa bedja pikaboengaheun,

nganoehoenkeun kana pitoeloeng koering sarerea, ngalëm kana kaoenggoelan sir Henry, tapi pasëmonna toeloej mësoem, bangët handjakal omongna, njampak koering sabatoer-batoer keur ripoeh, komo kapten Goed sare'atna pikasalëmpangeun pisan. Koe sabab eta tambah-tambah toemarimana; nganoehoenkeun, nëda pangak-sama djeung pamoedjina sababaraha tëlëboeg.

„Ajeuna,” tjek koering, „Injosi geus kawasa djadi radja, beunang ngodjajan ti laoetan gëtih.”

„Soemoehoen, lërës pisan sapilahir, nanging adat watëk oerang Koekoeana hatena timbrëng, soeka bëtah, ngarasa gënah toemaminah, oepami sakapeung-kapeungeun aja gëtih bidjil, lantaran ngabën pakarang. Anoe maot lërës seueur, nanging ëngke oge kagëntosan deui, margi awewe mah hënteu tjotjeng, sarëng baroedak djaradi kolot, laoen-laoen baranahan, nagara kërëta rakardja deui.”

Kabeurangnakeun dilajad koe Injosi. Datangna make pakean karadjaan, legegna taja pisan toemaroempangna, estoe soeroep angkoeh radja, diiring koe kapëtëngan. Ras ingët waktöe di Doerban, aja djëlëma manjang-moenjoeng, oemasrog ngasorkeun maneh, hajang didjieun boedjang. Ari gok deui, noedjoe koering sarerea keur ripoeh, noe bareto djadi koetiplak teh geus djadi radja, noe mahakawasa di Koekoeana. Sihoreng ari milik djëlëma bët tjara kintjir, keur apës aja di handap, keur moedjoer aja di loehoer, nja eta atoeh laoet oge aja soeroed aja pasang, dihin pinasti anjar pinanggih, milik teu pahili-hili, bagdja teu paala-ala.

Barang djol Injosi ka panto, rarëngkëng-rarëngkëng oge koering nangtoeng ngahormat: „Wilöedjëng rawoeh Sang ratöe, Maharadja Koekoeana.”

„Lërës,” djawabna, „roemaos djadi radja didamël koe andjeun wilöean.”

Injosi njaritakeun hal nagara meh saroea djeung Infadoes, ngan ditambahan koe rek pesta. Omongna rek mintonkeun maneh ka rajatna. Koering nanjakeun, nini Gagoel rek dikoemahakeun.

Djawabna: „Wah, nini² djahat, teu aja deui bagianana kadjabti ti diteukteuk beuheungna sarëng moerid-moeridna bade dibasmi. Parantos teu meudjehna hiroep keneh, parantos lami teuing koe-mëlëndangna di doenja, doegi ka teu aja djëlëma noe tërängeun

di oemoerna. Kawoewoehan parantos seueur teuing djëlëma noe diwarah djahat, djadi hama ka nagara."

„Naha hënteu lëbar koe kanjahona?" tjek koering. „Ngaleungitkeun elmoe gampil, teu sësah sapërtos ngoempoelkeunana."

„Soemoehoen," djawab Injosi, „sarëng noe tërängeun kana rasiah Goenoeng Tiloe, moeng eta-etana."

„Noe tërängeun kana ënggon intën oge ngan eta, sanes? Oelah lali kana djangdji, djadi eta nini² saena mah oelah waka dipaehan."

„Teu pisan² lëpat. Saniskantën djangdji diemoetkeun pisan."

Geus kitoe Injosi amitan, koering njampeurkeun kapten Goed, kasampak geus teu ingët-ingët. Satëroesna dina djëro opat lima peuting pajah katjida. Taksiran lamoen teu digoegoeloeng, dibelaan koe Nji Polata, doeka teuing.

Di sakoeliah doenja meureun ti baheula nëpi ka djaga oge awewe mah anggër bae awewe, nadjan koelitna koemaha bae oge. Heran koering mah lain meumeueusan koe noe geulis hideung roepa. Énja disëboet hideung soteh dibandingkeun djeung koelit oerang Eropa, da ari lëstrëng mah hënteu, kapan tjeuk koering geuning barang mimiti amprok djeung Oembapa, koelitna miang², djadi siga pakoelitan oerang Hindia noe kaloembrahan. Beurang-peuting mantëp oemadëp taja mëlengna, satjabak-tjabakna estoening titih djeung rintih. Kawasna awewe noe meunang pangadjaran ngoeroes noe gëring di roemah sakit moal leuwih ti Nji Polata, hemanna rintihna, singërna ngarasanan noe gëring pajah. Koering djeung sir Henry geus djagdjad mah rek njëlangan, tapi Polata teu mikeun, madjarkeun teh noe gëring bisi maroedah, bisi ngadjak njarita, katoeroeg-toeroeg koering bisi karoegrug tjënah. Niat njëlangan teh bawaning karoenja ka manehna; beungeutna sëpa, kararanjos, panonna geus djarëro, tjëlong; awakna noe asal boeleud ngareusi teh djadi langkonjang, lëndjang koeroe, lantaran tjape, koerang sare, koerang dahar.

Ningal sareatna koe koering geus disamarkeun bisa mënjat deui noe gëring teh, tapi Polata mah keukeuh bae, moal tjënah, moal katoetoeloejan, ëngke oge tjageur deui. Bët ënja, eta boedak teh seukeut rasana. Kalah koe goemati noe ngamemenan, beurang-peuting teu këndat oebar, dioejoepan tjisoesoe beunang njampoeran naon mah, da eta rasana ngeunah tiis, djeung koering oge tereh djagdjad teh nginoeman eta.

Tiloe ratoes metër kira² di sakoeriling boengking noe gëring sēpi djēmpling, sabab radja geus marentah parindah ka sakoer noe deukeut ka dinja, soepaja noe gëring timbrëng, oelah kagandengan. Dina hidji peuting koering neang ka pangkeng Polata, da noe gëring teh dibawa ka dinja. Damar ngatëng dina lante, Polata teu tembong. Lënjap teh hate, njëblak toeloej ratoeg, tjipanon teu katahan njoeroetjoed, panjana teh noe gëring geus djadi majit, ngadjëlëpëng teu oesik². Koering ngadeukeutan bari sēsëgroek. Barang arek dëkoe, arek ngarampa, ssst ... ssst ... ssst ... ti gireun sirah noe gëring. Höreng Polata bari ngatjoengkeun tjoe-roek. Koering nanja haharewosan. Djawab Polata: „Salamët, panasna tadi endjing² rërëp, ladjëng reup koelëm, djēmpling teu lilir-lilir. Abdi teu tiasa ingkah da ieu leungeun ditjandak, bade dilesotkeun sieun goegah.”

Koering teu ngomong, ngan tjoeroetjoed bae tjipanon teu kampeuh, njoesoetan tjipanon bari ngoesapan sirah Polata. Leos bae indit deui njoesoetan tjipanon. Wëlas koe noe gëring, kagagas koe satiana Polata nëpi ka kitoe. Tatjan poegoeh manggih deui noe boemela sakitoe djodjohna ka noe teu hir teu walahir, teu sabangsa-bangsa atjan. Ti isok djëpoet nëpi ka tëngah peuting ngadjëdjëtrëng dioek, ngadohotan noe gëring keur sare tibra. Teu katjipta koe koering mah koemaha pirasaeunana. Liwat tëngah peuting kapten Goed lilir, leungeun Polata dilesotkeun, menta tjai hajang nginoem. Polata inditna ti tëmplat dioekna dipajang, liwat saking matak karoenjana, anggahotana kakoe, bawaning tjangkeul meureun.

Sagala-gala oge koedoe ninggang mangsana tea, tjara kapten Goed ninggang kana mangsana koedoe tjageur, nja tjageur, tapi ari kasakit teh basana datang lir kilat, ari indit koendang iteuk. Djadi kapten oge tjageurna teu dadaksakalā, tapi saban poë mardjoe kana tjageur, tambah poë, tambah tanaga, toengtoengna bisa hoedang, bisa roemingkang deui.

Waktoe kapten keur mamajoe, koering ngawangkong tiloan bari ngadagoan tempo dahar. Djëdjër tjarita teu patok, biasa tea bae atjlok-atjlokan, bras kana njaritakeun kasakit, kana gëring, kana oebar.-oebaran, toeloejna kana njaritakeun boemelana Nji Polata. Koe sir Henry gëmët pisan didongengkeunana tina kagëtenanana, kasabaranana, ah pendekna sagala kahadeanana teu aja noe ka-

liwat, komo eta mah dioek 18 djam teu ingkah² nēpi ka rarēng-kēng anggahota, inditna oge koedoe dipajang. Badanna asal ling-sig djadi koeroe ngadjangdjawing. Barang sir Henry eureun njarita, ngēnjot padoedan eureun soteh, kapten indit noengtoen koering, pokna: „Ka dieu pangdjoeroebasaankeun, bisi teu kahartieun koe Polata.” Padahal teu make djoeroebasa oge moal boeroeng ngartieun, da eta loba karēp djeung pamenta kapten basa keur gēring anoe teu diomongkeun, ngan oekoer koenjēm atawa harēgoeng, koe Polata kaharti, tatjan aja sakali bae mentjog panalarna. Kapten ngomongna menta didjoeroebasaan teh doema-reuda, panonna rambisak. Polata disampeurkeun teh keur digawe, njadiakeun keur dahar tēngah poë.

„Polata, ka dieu sakeudeung,” tjek koering, „ieu Bogēwan — koe oerang Koekoeana kapten teh disarēroetna Bogēwan, hartina noe herang panonna — boga pitjaritaeun saeutik.”

Sot pagaweanana, toeloej njampeurkeun bari kalamas-kelemes, tembalna: „Bade naon?” Make kalamas-kelemes, kawas tēroes rasa.

Kapten Goed ka koering: „Tjarioskeun, koering beak-beak nja tarima, roemaos ditoemboe oemoer. Tjatjak oepami teu dibelaan koe manehna, pangintēn moal tiasa mēnjat deui. Koe margi eta satoetoep oemoer moal poho² ka manehna.”

Kabeh koe koering ditēpikeun ka Polata. Manehna reup beureum beungeutna, toengkoel neuleu ka handap, indoeng soekoena noe katoehoe dioejēk-oiejēk kana taneuh tjara noe rek njieun logak. Lēbah ngadenge koe kapten dipikaeling, didjieun katineung satoengtoeng hiroep, daoen tjeulina mani eutjeuj. Njeh imoet, ret ka koering, meureun lamoen pok mah, naha make disaoerkeun. Dilak ka kapten imoet bari ngegél biwir, siga noe ngananaha ngomong kitoe. Ret kana leungeunna ret kana pagaweanana, pok ngomong bari toengkoel loenggak-linggēk, dibarēngan koe awakna hēnteu tjitjing:

„Poegoeh abdi noe kahoetangan pati tea mah koe andjeunna. Sapapaosna oge abdi mah moal hilap².”

Beukī tembong geulisna manisna Polata, eta geulisna teh deui tēroes ka ati-atina. Bēt kitoe ari awewe, abong² hatena madēp ka dinja, leungit bae noe sedjen mah. Kapan noe noeloengan manehna teh lain kapten bae, koering djeung sir Henry oge miloe

hese tjape, malah sir Henry mah leuwih ti batoer. Toembak noe rek dipake maehan manehna teh djédakna kana dada sir Henry kapan. Tapi nja eta atoech dasar awewe, kitoe bae meureun awewe mah kabeh oge, ras ingët ka djénatna indoeng si Harry, teu beda nja kitoe pisan. Koering sieun karerab koe Polata djeung kapten Goed, da eta sorot panonna geus beda ti biasa, geuwat bae ngëdjat, teu përéloe make djoeroebasa tjarita silih asih mah, da tara rea oetjap asana. Djeung eta deui ari oerang laoet teh sok leumpeuh joeni, babari kapintjoet koe istri, kapten Goed oge nja kitoe.

Sapamanggih koering di doenja ngan aja doea përkara noe tara beunang dihalangan: kahidji, oerang Soeloe kana diadoe, boh gëloet, boh përang; kadoea, oerang laoet birahi ka istri.

Heuleut sawatara poë ti waktoe ngawangkong tea, waktoe koering djadi djoeroebasa kapten, koering tiloean geus tjageur ënjaan, awak geus poelih lingsig deui, ngan sir Henry boga tjeda dina pipi, kapten Goed dina bitisna. Teu woedoe maratih oebar oerang Koekoeana teh.

Geus teu aja noe djadi halangan, Radja ngembarkeun parentah baris magëlaran. Dina poë noe geus ditangtoekeun lapang boeroean karaton geus sësëk djëdjël koe pradjoerit. Barisan si Megamëndoeng anoe ngan kari saeutik deui pisan didjieun panghareupna. Lolongkrang têngah, minangka balena atawa pasebanana, djaman Tëwala mah paranti maehan, manahoreng geus matoeh lëbah dinja, da aja tjirina, djeung dikeusik koe keusik lëmboet. Ajeuna pinoeh koe para gëgëden djeung hoeloebalang. Di Koekoeana mah menak teh kabeh gëde-leutik djadi hoeloebalang, nagara teh diparentah koe maliter. Panglinggihan Radja make papajon, sae langgong djieun dadakan, noe sedjen mah ngabëtrak bae di noe panas. Salse magëlaran, para kapala kabeh geys ngabakti ka Radja, timbalan Radja oendang² anjar geus diembarkeun, para menak toeloej mengled. Sor ka hareup si Megamëndoeng. Dëng dipoedji beak², soepaja djadi tjonto ka noe sedjen. Kabeh pradjoeritna pada nampa gandjaran sarta harita keneh kabeh diangkat djadi hoeloebalang sarta kapapantjenan koedoe ngabangoen deui barisan si Megamëndoeng anjar, pradjoeritna milih djadjaka noe mareudjehuna. Toetoep eta ganti deui koe barisan sedjen anoe meunang poedjian djeung gandjaran.

Saban-saban Radja toetoepe moedji, gër soerak, toetoepe ngadjangdjikeun gandjaran, gër soerak. Geus kitoe pradjoerit beres deui, kabeh hoeloebalangna geus ngahidji djeung barisanana, narangtoeng di satempat-tempatna. Radja ngembarkeun deui parentah, jen koering tiloean satoengtoeng aja di nagara Koekoeana, teu meunang aja noe wani-wani ngaganggoe, malah koedoe didama-dama, dihormat saperti ka radja-radja, sarta naon sapamentana sakoer noe kadada kadoega sarta aja saratna koedoe ditédonan. Saha-saha noe wani ngarèmpak timbalan Radja bakal dihoekoem pati.

„Koem!” djawab wadyabala, meunang tiloe kali, gër soerak.

Ajeuna leugeudeut si Megamendoeng, barisan opsir woengkoel, da kabeh pradjoerit geus didjoengdjoeng kaloenggoehanana, ngabakti ka Radja, téroes balik, ditema koe noe sedjen, pëtana nja tjara noe ti heula bae nëpi ka boedalna kabeh. Sewaka boebar harita.

Sorena minangka ngadeuheus ka Radja, ënjaan ajeuna mah djadina radja teh da geus diistrenan di nagara, koering tiloean ka karaton. Babakoena rek nanjakeun rasiagna pëpëndëman intën Nabi Soelaeman tea, meureun Injosi geus meunang laporan përkara eta.

„Para mitra,” djawabna, „përkawis pëpëndëman intën Nabi Soelaeman parantos kenging rasiagna. Ajana jaktos di ditoe di goeha di Goenoeng Tiloe. Tah, Polata teh bade didamël wadal eta. Djabi ti goeha intën aja deui goeha pasetran radja², tangtos ëngke katingali lajon Tëwala oge di dinja. Di goeha pasetran teh aja deui kamar rasiagh. Anoe tërang kana ieu kamar rasiagh moeng nini Gagoel sarëng Tëwala; ieu parantos teu aja, kantoen eta nini². Djabi ti eta teu aja noe tërang, naon eusina.

Di dieu aja dongeng. Kieu dongengna: djaman baheula, parantos sababaraha toeroenan doegi ka ajeuna, aja oerang koelit poetih saoerang bisa salamët ngaliwat Goenoeng Sjeba, tëras ditoedoehkeun sarëng dianteur koe awewe ka kamar rasiagh di pasetran tea. Boes lëbët ka kamar, kageteun ningal noe hoeroeng-herang ngalajah. Enggalna dikoempoelkeun, maksadna bade diringkid, nanging teu hasil maksadna, da awewe noe nganganteur tea hianat, ngadjailan, dongkap ka wangsoel lengoh, tiasa wangsoel deui oge

parantos oentoeng. Koe radja teras ditoendoeng sina wangsoel deui ka poentjak goenoeng Sjeba."

„Apan majitna kapëndak koe oerang di goeha geuning," tjek koering.

„Soemoehoen, nja eta roepina. Oepami oerang tiasa lëbët ka kamar rasiah tea, moal lëpat intën teh tangtos kapëndak."

„Apan aja tawisna, jen intën teh tangtos aja di dinja," walon koering, „eta tah intën noe dianggo teh na ti mana, oepami sanes ti dinja."

„Tiasa djadi lërës ti dinja, sarëng oepami jaktos aja di dinja, mangga bae tjandak, bade sakoemaha kërsa, ari parantos iklas mah bade ngantoenkeun, parantos teu bëtah aja di dieu."

Geuwat ditempas koe koering bisi toetoeloejan njarita pinalang-saeun: „Koe kieu-koe kieu oge hajang tërang heula."

„Aja noe pinganteureun, anggoëun toedoech djalan, apan nini Gagoel tea."

„Koemaha oepami teu poeroeneun?" walon koering.

Injosi mërëngoet: „Gampil teu daekeun mah, bade dipaehan bae. Ajeuna oge dihiroepan soteh nja eta soepados nganteur ka goenoeng. Oepami keukeuh teu daekeun, teu goena dihiroepan."

Gantjangna Gagoel disaoer, teu lila djëboel dibejeng koe goelang² doeaan. Euleuh, eta nini² teh sapandjang leumpang teu repeh soengoetna njarekan ka goelang², djeung pok deui-pok deui menta dilesotkeun, tajohna teu toeman disaoer koe Radja make koedoe digoesoer koe goelang². Nëpi ka hareupeun koering kaka dilesotkeun koe noe njarëkëlan. Pëndëlik-pëndëlik teh matana samata heulang bae, moerëlëng ka Injosi, toeloej ngomong:

„Rek naon Injosi, njaloekan kami? Ati², oelah rek wani² njabak kami, bisi dipaehan. Njaho kasakten kami?"

„Make babasan ngomong teh, ninil" tjek goelang².

„Alah, make pipiloeun ngagogog, sia andjing!" tembal nini² teh.

Goelang² njëngir seuri teu soraan, bari pëpëta rek ngagalito, sigana teu njëri hate ditjarekan teh.

Injosi ngageuwat nempas: „Meugeus, ëntong loba omong, adjag bikang, kasakten nanahaon dipake njingsieunan teh. Moen boga oge djadjaten Tëwala moal sapat beuheungna."

„Heueuh rek naon kami ditjaloekan teh?" tembalna.

Injosi: „Kami toedohkeun ka kamar rasiah, ěnggon batoe noe harerang.”

Gagoel: „Heuheuj deuh, koetan palaj oeninga kamar rasiah. Moal dibedjakeun koe kami. Lian ti kami euweuh noe njaho. Keun eta setan bodas teh sina marantog lengoh.”

Injosi: „Dengekeun Gagoel, kami Radja rek mĕtakeun akal tarekah pikeun maksa anoe ěmboeng, soepaja daek, maksa anoe kĕmba, soepaja ngoetjap.”

Gagoel: „Rek koemaha tjing? Weu, poegoeh Radja teh kawasa, tepi eta kakawasaan teh tatjan poegĕeh mahi ka nini² pantar kieu. Maroekan kakawasaan teh beunang dipake maksa awewe, soepaja balaka noe saĕnjana? ěĕĕh, abong² boedak kamari-ieu teu njaho di tjĕdo.”

Serepet Injosi mĕsat pĕdang, hioek-boerinjaj — hioek-boerinjaj pĕdang diolinkeun loehoereun sirah Gagoel. Djĕrit nini tĕh ngo-tjeak: „Ieung! Ieung! Eling Injosi!” Ngomongna bari morongkol

Injosi: „Kaharti Gagoel? Lamoen keukeuh kĕmba, baha tjarita, nĕrangkeun noe saĕnjana, ieu pĕdang moal ka mana njabĕtna, tangtoe beuheung nini sakĕdep netra ge pĕgat.”

Gagoel: „Ambeu-ambeu, rek maehan. Moal wani maneh teh Injosi, maehan kami. Njaho, saha kami teh? Kami teh ieu, njaho bapa maneh, njaho aki maneh, njaho boejoet maneh njaho bapana boejoet maneh. Waktoe ieu nagara anjar keneh, kami geus aja di dieu. Tjing sakoemaha loehoerna oemoer kami? ěngke, djaga dina mangsa ieu nagara geus kolot, kami aja keneh di dieu. Lamoen teu keuna koe balai, kami moal paeh. Djĕlĕma mah moal aja noe wani maehan ka kami.”

Injosi: „Hĕh, raraan teh djadi naon. Deuleu ieu, Gagoel!” Pĕdangna noe diloegas ti tadi keneh diamangkeun. „Naon, mangkĕloek teu poegoeh⁶ bangoen kitoe, geus taja kagadoer, teu roepa, teu boeok, teu hoentoe, rek aja noe ngambeuan? Nja djiga kitoe patoet oge, lamoen teu boga hate djahat djeung mata heulang mah, koe kami tangtoe dihormat, diadjenan. Ari ieu naon, oelon² sagala kadjahatan, djadi rĕrĕgĕd doenja woengkoel, djadi panghalang rahmat salamĕt anoe rek toemoeroen ka manoesa. Lain geus bosĕn hiroep teh? Kami Gagoel, noe wani maehan teh!”

Gagoel: „Ambeu², orok beureum kongkorongok. Abong² baoc keneh djaringao teu njaho di ata-oetoe. Lain noe ngora bae deuleu,

noe hajang hiroep teh kolot ge saroea bae. Noe ngora loba kasoeka, kahajang, boga katjinta djeung rasa. Kolot mah geus teu boga rarasaan, teu boga katjinta, euweuh karësëp. Lamoen neuleu kagorengan, kadjahatan djëlëma di alam doenja, ngan seuri gawena. Aja ketah karësëpna kana seuneu panas, angin ngeunah, kasieunna koe tiris djeung poëk, heuheuheuheuh heuheuj deuh."

Gereleng nini² teh goegoelitikan djeung seuri hahaj-heuheuj teu repeh, kawas-kawas kasoeroepan.

Injosi ngasoepkeun pëdangna kana sarangkana bari ngomong sorangan: „Lëbar kagëtihan•koe noe kitoe." Top kana toembak tjëblok, djoeng nangtoeng, njëntak ka Gagoel: „Tjitjing! deuleu ieuh!"

Tadi mah diamang-amang koe pëdang, nini² teh ngan oekoer reuwas, lain sieun sigana, beda pisan djeung diamang-amang koe toembak. Barang ret kana toembak gek dioek, toeloej ngagibrig bawaning sieun; atoech djëlëma lilineun kataradjang ngadegdeg sieun, nja ngagibrig. Kahartina koe koering noe matak tagreg bae diantjam koe pëdang mah, lantaran lain adat oerang Koe-koeana maehan koe pëdang, tapi koe toembak, geuning barang diamang-amang koe toembak mah kitoe boektina.

Tjek Injosi: „Daek atawa ëmboeng, noedoeheun goeha rasiah teh? Lamoen ëmboeng, paeh sia ajeunal"

Gagoel: „Mangga-mangga, ngan oelah dipaehan bae. Saha² noe maehan nini, moal djamoega satoetoepe oemoerna."

Golepak deui Gagoel toeloej gegerelengan. Mënëran keur nangkarak datang tjongo toembak kana dadana, koelitna katodel, raheut saeutik.

„Modar sia ajeuna mah!" tjek Injosi.

Gagoel: „Ampoen! ampoen! mangga, bade miwarang naon? Asal dihiroepan bae sarëng dipaparin nëda."

Injosi: „Heug! tapi isoekan koedoe indit djeung Mang Infadoes ngiring saderek kami, eta tiloean. Tapi ingët nja, lamoen ngalëdjokeun, toeloes dipanggang koe toembak teh."

Gagoel: „Moal-moal, nini mah tara tjidra kana djangdji. Baheula goeha eta teh geus ditoedoeheun ka oerang koelit poetih saerang koe aweue oerang dieu, ngaranna Gagoel. Boa eta aweue teh ieu koering. Eta lalaki keuna koe tjetjoba, tjilaka."

„Bohong!" tjek koering, „kapan eta mah kadjadianana baheula,

geus gënëp atawa toedjoech toeroenan nëpi ka ajeuna." Geus sapirang-pirang lilana kakara koering miloe nembrong ngomong sakitoe, ti tadi mah nanggap bae.

Gagoel: „Pangintën, pangintën lërës kitoe, koering noe lëpat. Lah, poegoeh oge ari geus kolot mah pohoan. Pangintën nini koering noe ngadongengkeun teh ka koering, ari ngaranna awewe tea mah, lërës Gagoel, sangaran sarëng koering.”

XVI. GOEHA PASETRAN.

Heuleut tiloe poë ti waktoe Gagoel rek ditoebles koe toembak tea, koering tiloean kaopat Nji Polata djeung aleutan noe nganteur geus nëpi ka lëmboer di soekoe goenoeng noe didjoegdjoeg. Nëpi ka dinja teh geus poëk, toeloj ngarërëb. Nini Gagoel sadjadjalan ngoetroek bae koetoe-gëndëng, sakitoe dingeunahkeun minangkana, da ngan manehna sorangan anoe ditandoe, batoer mah badarat bae leumpang geus tiloe poë teh.

Isoekna, isoek² tetela katingalna Goenoeng Tiloe teh, poentjakna rantjoeng siga moenara ngarendeng, njolotjos sareukeut noendjoe langit biroe. Seuseukeutna herang bodas ririakan, saldjo kapojanan isoek²; ka handapna ngalamoek paoel, siga gërëndjoel gëgërëhilan. Ret ka beulah katoehoe, ngëndat siga pita bodas, djalan Soelaeman nonggoh. Kira² lima mel ti pangrërëban, lës bae noe ngëndat bodas teu tembong teu aja tëroesna. Tjënah, lëbah dinja toengtoengna. Geus tarapti brëng deui indit, djalan geus mimiti rada nandjak, radjeun manggih poedoenan, tapi lolobana tandjakan, ngan nandjakna majat. Ngadeukeutkeun kana goeha djalan rada rata, koering tiloean ngagidig leumpang teh, ngadoedoe kira² meunang satëngah djam, noe ngagotong Gagoel djeung noe marawa bëbëkan tinggaleun djaoeh. Nini Gagoel tjëloek²: „Euj! djëlëma bodas! Naha ninggalkeun? Hajang tjilaka?” Heuheuj seuri geus tjëloek² teh. Alah tobat, eta ngadenge seurina bët singsariak koekoerajeun. Meunang doea tiloe kali tjëloek-tjëloekna nini² teh, tapi diantëp bae teu diwaro. Eta koe matak sëbël seurina, hahaj-heuheuj tjara noe eusleum, djeung matak moeringkak boeloe poendoek deui.

Teu koengsi lila gok manggih — naon atoech ngaranna, disëboet lombang, da djëro; disëboet soemoer, da lëga — noe gë-

rëwong tjara kawah, djërona meureun aja 300 kaki mah, koe-rilingna kira² satengah mel, koe taksiran moal koerang ti 900 metër.

„Tjing oeroet naon iueh?” tjek koering ka noe doeaan.

„Doeka,” djawabna bari gogodëg.

„Iih,” tjek koering, „koetan teu atjan ningali tambang intën di Këmbërli. Moal lëpat deui ieu djoengkrang teh tambang intën Nabi Soelaeman tea. Geura ieu tingali, taneuh noe noempoek sisi djalan teh sami sarëng itoe toëh, noe tembong dina gawirna djoe-rang. Tah deui ieu oeroet djambangan, sisi-sisina nganggo papan, tah geuning ieu oeroetna. Ieu djambangan paranti ngoembah intën.”

Ieu djoerang dina gambar beunang Don Silpestra tea disëboetna soemoer. Ti lëbah dieu djalan teh njagak doea, mapaj sisi djoerang, djalan pasaka dibabatoe, koe batoe gëblegan parasagi beunang natah, maksoedna meureun soepaja soemoer oelah oeroeg djeung djadi panahan oeroeg ti gawir loehoer. Tëroes madjoe, panasaran koe noe tingbëlëgbëg sisi gawir. Ari geus deukeut beh teh artja tiloe sagëde-gëde nanahaon. „Taksiran nja ieu noe disëboet „Emb-bah Mënëng” koe oerang Koekoeana teh,” tjek koering tiloean. Geus deukeut pisan mah tetela artja batoe. Di têngah artja awewe ditarandjang, dihapit koe artja lalaki kentja-katahoe, anggangna aja opat poeloh lengkah. Pangawakanana artja noe awewe po-hara tégëpna, handjakal beungeutna geus roeksak, tapi ari keu-reutanana mah aloes. Meureun artja noe geulis eta teh. Ari lala-kina, ih doeanana oge teu aja piliheun, beungeutna pikagilaen, matak sieun, komo noe beulah katoehoe, mani siga indit-inditan rek ngërëkëb, mata bolotot narongtot. Anoe kentja siga loenggoeh, tapi baeud, baeudna toekang hianat, ngadodoho ti bongohna. Djangkoengna tina sirah nëpi kana soekoe tiloe poeloh kaki.

Sabot keur ngalëlékan pasëmonna artja, bët djol pikir pana-saran, hajang njaho saha noe boga djieun. Ras ingët kana tjarita djaman Nabi Soelaeman aja goesti sësëmbahan, nja eta dewi Astoret, goesti oerang Zidonia; Sanghijang Kamos pangeran oerang Moabit; Sanghijang Milkom atawa Sanghijang Amon sësëmbahan oerang Mësir djaman baheula. Heug koering njaritakeun eta.

„Hih,” tjeuk sir Henry, „Astoret teh Astarte, Astar, Istor sami bae, Batari kageulisan, indoeng. Koe djëlëma noe moehit ka Dewi

Asmara, nja geulis diartjakeunana; oepami koe noe moehit ka Soenan Amboe, artjana artja noe geulis njoesoean boedak, atana-pi anoe geulis tandoekan tjara sapi, sasmitana baranahan. Toeh geuning loehoereun palipisanana aja noe njëndol, tandoek tadina mah moal lèpat. Roepina ieu artja² teh kenging oerang Poenisia, noe nambang intèn di dieu. Nanging walahoealam ketah."

Kapten Goed rek miloe njarita, kaboeroe djol manten Infadoes, toeloej bakti ka Ĕmbah Mënëng. Geus kitoe nanjakeun rek tēroes ka goeha pasetran atawa rek ngadagoan heula djëlëma moerak békël. Tjek Gagoel, lamoen rek tēroes hajoe. Ingëtan teh da isoek keneh, kakara poekoel sapoeloh liwat, hajang tēroes harita, ngarah bisa balik beurang keneh, moeroe ka pamondokan moal boeriteun. Goeha teh tangtoe deukeut ti dinja, moal sabaraha djërona, lawangna tembong mëlëwong, kira² lima poeloh meter toekangeun artja. Polata sina moengkoes bëbëkëlan djeung misahkeun tjai sawatara botol.

Gagoel bidjil tina tandoe, toeloej leumpang tokroh² koendang iteuk kana lawang goeha. Di hareupeun lawang pisan manehna eureun, sarta ngagëroan koering tiloan, pokna: „Ingkoeboe, Bogëwan sarëng Makoemazan — sësëboetan oerang Koekoeana ka sir Henry, kapten Goed djeung ka koering — parantos sajagi? Timbalan Radja koering koedoe noedoehkeun ënggon ngoempoelkeun batoe noe araloes harerang ka arandjeun. Hihi-hihih — heuheuj deuh!"

„Sadia, hajoe." djawab koering.

„Mangga atoe. Moal sieun ëngke ningali noe di djëro goeha? Maneh deui, Infadoes, noe hianat ka doenoengan, kadoega neulen?"

Infadoes këroeng, toeloej ngomong: „Moal kami mah, moal miloe asoep, euweuh përlöena. Tapi ingët Gagoel, eta soengoet oelah ngërëwih bae djeung poma² sing iatna, sabab lamoen eta noe dianteur koe maneh tjetjel botjel, ramboetna salambar, gëtihna satetes, beuheung maneh pigantieunana. Kadenge?"

„Poegoeh wae kadenge mah, Infadoes," djawabna. „Heuheuheuheuj, ëntong ngantjam oedjang, kami njaho ka maneh teh ti barang boeroesoet, djëlëma kalah ka omong. Tapi oelah salëmpang, oelah mëläng, oelah sieun. Lah kami teh geus ngawoelaan sababaraha radja, mimitina kami noeroet ka radja, ahirna radja

noe noeroet kana parentah kami. Heuheuheuheuj, maneh moal ngarti, oedjang, geus hoeisan ge boedak keneh.

Mangga atoech, ieu damarna seungeut."

„Rek miloe Polata?" tjek kapten Goed dina basa Koekoeana. Kalah koe tjampoer oenggal poë, kapten timoe sakëtjap-këtjapeun basa Koekoeana. Babakoena ari njarita ka Polata maksakeun maneh, dibelaan bëlong-bëtong tjampoer djeung basa Inggris.

„Koemaha sieun abdi mah," walon Polata.

„Keun wae sieun mah. Eta wae simboet boentëlan bëkël ka dieukeun atoech, tjek kapten."

„Ah, teu sawios, Bogëwan, keun bae koe abdi dibantoen," walon Polata.

Kapten: „Har, kapan sieun, moal miloe."

Polata: „Ah, bade ngiring bae, alim dikantoen."

Kapten: „Hajoe atoech."

Tjek koering dina hate: „Tah kieuna, ari geus tël djeung awewe teh sok matak hese. Lamoen parëng salamët teh ngalalakon, koemaha pitoengtoengeunana eta kapten djeung Polata?"

Gagoel boes ka noe mëlëwong tea, ditoetoerkeun koe opatan ngaleut, da djalanna heurin, saekoer mahi keur ngarendeng doeaan, kitoe ge teu laloeasa. Beuki djëro beuki poëk. Bënëer tjek nji Polata, sieun, koering ge rada² kadatangan koe sieun teh. Djeung eta make aja noe tingkoeloeproek, këkëpëk, hioek tjënah loehoereun sirah.

„Oedoeh, naon gëplak teh kana tarang?" tjek kapten.

„Lalaj!" tembal koering.

„Ka dieu!" tjek Gagoel.

Atoeh asoep kakara teu njaho di djalan mangkaning poëk mongkleng boeta radjin, madjoe salengkah-salengkah teh ditjap-tjapa heula. Ari gëro Gagoel geus djaoeh.

„Naha damar dipareuman?" tjek koering.

„Pareum koe lalaj," tembal Gagoel, „ka dieu atoech, seungeutkeun deui."

Kawasna nini² teh ngadagoan, da sorana anggër lëbah dinja bae. Leumpang digantjangan meueusan, kabënëran anoe ditintjak teh rata bae noe geus kasorang mah, teu aja bëndjal-bëndjoel geusan titadjong, noe matak rada loedeung ngagantjangan leumpang.

„Itoe naon ramang² siga tjaang?" tjek koering.

Tembong aja noe tjaang² mah leumpang gantjang, langkah dipandjangan, djol nēpi ka noe lēga djeung langgong, lalangitna siga barēdjad, tina tjēlah-tjēlahna asoep tjahaja ka djēro, djadi lēbah dinja tjaang meueusan. Mapaj ka pandjangna goeha radjēg pilar boeud barodas ngēplak, gēdena teu rata aja noe gēde aja noe leutik, sapoeloh kaki koerilingna noe leutik teh. Loehoerna nja kitoe² teu saroea, aja noe ngabēlēgbēg djangkoeng kabina-bina, kira² dalapan poeloh kaki. Noe parēndek keneh, koe kira² likoeran kaki loehoerna, katembong tjongona seukeut tjara aseupan. Kana lēbah seuseukeutna pisan njaj ti loeh²er aja noe ninggang, njaktjolak ninggang noe seukeutna pisan. Heuleut doea tiloe mēnit tjlak deui sakētjolak. Tjloektjolak tjai ti loehoer teh lain lēbah dinja bae. Mana² noe katjaktjalkan lain lēgok, tapi moendjoekoel beuki loehoer. Hawa karasana di goeha teh tiis, lamoen rada lila tjitjing di dinja meureun ngarasa tiris. Sagala noe aja di dinja baseuh saloearna. Pilar-pilar tea oge baseuh saloearna, tjai noe njaktjolak kana tjongona teh, lantaran tēroes teu eureun² pasoesoel-soesoel ka handapna mah ngotjor, tapi kēndor katjida pisan. Rēsēp keneh, panasaran keneh hajang nēlēk², hajang ngoebēk saidēr-idērna goeha, djeung koemaha pangna aja tjahaja asoep ka dinja, aah nini Gagoel ngageugeuwat, ngadjak ka toengtoengna. Beh deui manggih lawang, tapi aneh ieu mah lawang pasagi, ti loehoerna rata tjara panto imah, lawang loear mah ti loehoerna dikēlēwoengkeun.

Gagoel: „Hojong ningali pasetran?” Nanjana kawas noe njinsieunan.

Kapten Goed: „Nam, ka mana bae oge, moal boeroeng ditoe-toerkeun.”

Sir Koertis: „Mangga toean Koeatērmin ti pajoen.”

Kapten: „Mangga ka itoeh, itoe nini² bisi leungit.”

„Bisa bae, ngahajōh-hajōh ka batoer, da noengtoen noe anom,” walon koering.

Kapten: „Ha-ha-ha-ha, naha los ka dinja?”

Eleh deet, roemasa djadi panganteur, djoeng koering ti heula noetoerkeun sora iteuk kētroek-kētroek. Damar teu diseungeut, keur ēngke tjek Gagoel. Leumpang teh di noe mērdong deui bae, ngan oentoeng teu lila, kira² meunang lima poeloh langkah, djol ka kamar lēga, pandjangna opat poeloh kaki, roebakna tiloe poeloh kaki, loehoerna sakitoe deui. Ieu mah tetela djieun djēlēma.

Di dieu mah rada poëk, teu tjaang tjara di goeha noe tadi. Barang boes ka dinja noe pangheulana katingal medja batoe, ngëmbat sapandjang kamar rada beh sisi. Di toengtoengna aja artja boçdas, gëde pisan; kabehdieuna aja deui noe siga kitoe barodas sababaraha hidji. Lëbah têngah² medja aja noe siga tjandoekoel hideung². Geus rada lila meueusan panon djadi biasa di noe poëk, awas ka sagala noe aja di dinja.

Sasarina soep ka dieu-soep ka ditoe oge koering teh bët tara oedjoeg² dër ratoeg angën, tooer njordtjod, tjara harita, kana tahajoel, kana djoerig nanaön da koering teh teu përtjaja. Tapi na harita mah alah tobat waeh, doeka teuing, da boeloe poendoek mani asa ngawidwid, birit kokoplokan. Lamoen teu ditjékëlan pageuh koe sir Henry, geus bëlënjëng loempat bidjil deui meureun. Adoeh tobat, mani poho di kaera. Barang sir Henry geus biasa di noe poëk, kakara awas kana kaajaan di dinja, toeloej ngesang, bidjil kesang badag, kesang lëmboet; kesang tina tarangna lain disoesoet, tapi ditawoe dikepretkeun. Kapten Goed koekoeloetoe, koetoe gëndëng, wangwengwong sorangan. Polata ngadegdeg saloe ar awakna, montel pageuh ka kapten. Koe kapten disangkeh tjangkengna pageuh. Anoe ngeunah seuseurian nini Gagoel, akëj-akëjan, heuheuj deui-heuheuj deui, njeungseurikeun koering sarerea.

Deukeut toengtoeng medja batoe tea beulah ti dieu aja rorongkong, hiiij ari ingët ka dinja koedoe bae ngabirigidig, pandjangna lima wëlas kaki. Leungeunna noe kentja moentang kana soekoe medja tjara pëta noe rek nangtoeng, leungeun katoehoena ngajoengkeun toembak kawas noe rek noëblës, tonggongna mëlëngkoeng. Eta rorongkong teh sabeuleugeundjeurna oge koelitan, noe tembong toelang beuheung lëbah poendoek, sirahna ngoelahek kana dada, hiiij polona siga ëmbol-ëmbolan. Padahal naon meureun, da pirakoe aja keneh poloan mah. Kongkolak panonna tjëkong, karosong, ari tjaheumna tembong, tjalangap siga rek ngomong. Saban² ret ka dinja, rëj soerser, teu poegoeh rarasaan.

„Itoe naon barodas, ngoerilingan medja?” tjek kapten.

„Ari eta tah noe hideung?” tjek sir Henry bari ditoendjoek.

Nini Gagoel ngaheuheuj deui seuri, omongna: „Ka dieu Ingkoeboe, noe gagah përkosa di pangpëरण, tingali ieu anoe kadeseh përang koe andjeun.”

Sir Henry badjoena ditarik koe nini² teh, sina deukeut kana medja, lëbah noe hideung² tea. Gëro sir Henry bawaning kaget djeung reuwas, ngodjengkang deui moendoer. Majit Tëwala noe disampeurkeun teh, didioekkeun sina njanghoendjar lambar, ngalahoen sirahna deukeut toeoer. Beuheungna geus kalimpoetan koe noe bodas herang, njaktjlakan ti loehoer, ngalembereh kana taktakna, toeloej ngoetjoer ka handap mapaj awak Tëwala noe boeligir, teu kasangsangan papakean saëwir, nëpi kana medja tjai teh soep kana liang, doeka ka mana toeloejna. Saban këtjlak tjai noe ragrag ti loehoer mawa kapoer. Kapoerna tinggaleun lëbah noe katinggang, ari tjaina tëroes ngotjor. Djadi sakoer noe kaktjlaktjlakan lila² kalampoed koe kapoer, tjara majit² noe aja di dinja. Djoemlahna majit noe geus kalampoed aja toedjoeh likoer nëpi ka bapa Injosi. Oepama hidji radja marentahna digitik-ratakeun lima wëlas taoen bae, eta pasetran teh geus aja opat abad lilana. Pasetran noe sedjen, salian ti tēmpat radja², kawasna teu aja, da teu meunang bedja, toeroeg² sakanjaho waktue di Koekoeana majit noe sedjen salian ti radja, boh menak boh koering, dibarawa ka leuweung, diparabkeun ka sato galak djeung ka manoeek noe beuki bangke. Doeka matoeh doeka hēnteu tēmpat pamitjeunan majit teh, salah koering hēnteu tatanja. Majit pradjoerit anoe mangreboe-reboe saēntas pērang tea doeka ka mana digarotongganana, da tetela teu aja di oeroet pangpērang mah. Lamoen diantēp di oeroet pērang tea, weu tada teuing mabēkna, njamboeang ka mana², dajueh Loe moal koeat ditjitjingan.

Anoe teu kaharti koe koering, naha bēt goeha eta noe dipake pasetran majit para radja teh. Naha soepaja oelah aja djëlēma noe wani asoep kitoe, soegan! Majit² sina naroenggoean pēpēndēman soegan.

XVII. PEPENDĒMAN.

Sabot koering sarerea tingharoelēng, mikiran kaajaan di dinja bari mērangan kasieun, nini Gagoel teu tjitjing, tjat oenggah kana medja, toeloej ngadeukeutan majit Tëwala, ngok majit teh ditjioem, siga noe trēsna kabina-bina. Tidinja kabeh dipapaj dibawa njarita, tjara noe sono, nini papanggih djeung anak-intjoena. Geus kapapaj kabeh pek sidēkoe dina medja teh, pok ngadoa, beungeutna bangēt mēsoem, sēmoe noe nalangsa katjida, djēp repeh.

„Ajeuna Gagoel,” tjek koering, „meudjehna oerang ka kamar pëpëndëman tea.” Ngomong teh lalaoenan, teu wani bédas, doeka teuing da sarerea ngomong teh teu aja noe wani tarik, malah ari padeukeut mah haharewosan. Gagoel ngageuwat toeroen, top deui kana iteukna noe ditoenda, disarandekeun kana medja.

„Naha moal sieun?” omongna bari mëlóng ka koering.

„Toedoehkeun djalanna, ka mana?” tembal koering.

„Mangga,” djawabna, toeloej leumpang ongko², lëbah toekangeun majit noe gëde tea, manehna eureun, pok deui ngomong: „Ieu kamar teh, mangga geura lëbët, ieu damarna mangga geura seungeut.”

Soet damar diseungeut, braj tjaang meueusan, tapi teu ningal djalan, lian ti noe mëlëwong oeroet asoep.

„Ka mana djalan?” tjek koering.

„Ieu ka dieu,” djawab Gagoel, heuheuj seuri.

„Oelah ngaheureujan, nini,” tjek koering rada ambëk.

„Hënteu, keur naon ngaheureujan, tingali ieu,” omongna.

Gëroet batoe noe di hareupeun teh ngadjoengdjoeng. Panto batoe teh lain leutik² batoe, loehoerna sapoeloh kaki, roebakna lima kaki. Pang bisana ngadjoengdjoeng, tangtoe make parabot di beulah djëro, ngan koemaha-koemahana rasiah ngadjalankeunana parabot soepaja panto bisa ngadjoengdjoeng teu kanja-hoan. Teu woedoe lila ngadagoan panto eureun madjoena teh. Lawang geus moeka, nadjan ënja oge poëk mërëdong, pëpëndëman intën bakal kagoear. Masaalah, hawa doenja lain deui, ingët kana wasiat Don Silpestra, bakal djadi djëlëma noe pangbeungharna di sadoenja, angën ratoeg, saloear awak ngadak² ngadegdeg; ras deui koemaha moen ngan tjarita woengkoel aja pëpëndëman di dinja teh, angën beuki rosa kékëtëganana. Tje soekoe kana lëbah oeroet panto, ngadoa, moegi² wasiat teh saënjana, oelah bohong.

Gagoel nangtoeng di lawang omongna: „Mangga lëbët oerang bentang, nanging dangoekeun heula pihatoerna ieu nini². Batoe² noe sarae, noe harerang itoe di goeha, asalna kenging ngali ti djëro djoerang noe ditoenggoean koe Ęmbah Mënëng. Ti pangalian diakoetan disimpën di dieu, doeka saha noe boga gawena, nini oge sakieu nja kakolotan hënteu tërang. Ngan sakali-kalina aja noe bisa nintjak ka dieu, tapi teu hasil maksoedna, balik lengoh.

Di sakoeliah Koekoeana kolot-boedak pada njaho, jen di dieu aja pëpëndëman, geus mangälam-alam lawasna, dongeng toeroen-toemoeroen ti karoehoen, ngan teu aja noe tërang përenahna lëbah mana, soemawontën kana rasiah panto mah. Kalërësan dina hidji dintën aja oerang koelit poetih, oerang bentang eta oge manawi, dongkap ka nagara ieu, djaman radja itoe." Gagoel noendjoek radja noe kalima. „Radja ngakoena ka semah teu kintën saena, siang-wëngi tatamoe dihormat, didama-dama. Hidji mangsa tatamoe teh ka dieu disarëngan koe awewe saerang. Kapëndak rasiahna panto teh, braj moeka tjara ajeuna. Boes arasoep, tëras batoe² noe harerang teh dikoempoelkeun diwadahan kana kantong koelit ëmbe, bantoenna awewe noe ngiring, wadah sangoe. Nalika bidjil oerang bentang teh top deui hidji ngabantoen batoe herang, agëng nakër, tëras dikeupeul." Gagoel eureun njaritana.

„Geus kitoe koemaha?" tjek koering. „Dikoemahakeun Don Silpestra teh?"

„Geuning njaho ngaranna!" omong nini² songong pisan bari mërong. „Teu aja noe bisa njaritakeun koemaha-koemahana ka djadian harita eta di djëro. Kantong noe pinoeh teh këlëwëng dibabetkeun, dërëgdëg loempat ka loear, noe dibawa ngan hidji, noe dikeukeupeul tea. Eta batoe ditjandak koe radja, ti harita tëroes toeroen-toemoeroen djadi anggoan radja Koekoeana. Geuning koe andjeun, Makoemazan, batoena tina taar Tëwala ditjandak, dipasihkeun ka Injosi."

Koering nanja bari noendjoek ka djëro: „Ti harita geus aja deui noe asoep ka dinja?"

Gagoel: „Teu aja. Noe oeninga kana rasiah panto ngan radja sarëng awewe pangiring tea. Satërasna oenggal radja parantos moekakeun panto ieu, nanging teu aja noe tëras lëbët, margi di dieu aja kapërtjajaan kieu: saha² noe asoep ka goeha pëpëndëman, bakal pondok oemoer, sasasih kadoeana hos." Heuheuj seuri, mata heulangna mëndëlik ka koering. Rëj koering ngarasa tiis, ngalieus teu hajang neuleu beungeutna, sieun.

„Mangga oerang lëbët. Oepami lërës omong nini, ëngke koe andjeun kapëndak koelit ëmbe teh ngagoler. Lërës-hënteuna, noe lëbët ka dieu bakal pondok oemoer, koemaha ëngke boektina."

Heuheuj deui seuri, naha aja seuri matak rehe, matak koekoe-rajeun. Top damar, soep ka djëro, këtroe² iteukna. Tëroes tërang

bae koering mah sieun rek noetoerkeun ka djero teh, lain sieun koe poëk sieun koe nini², sieun goehira.

„Lah, naha sieun² teuing koe nini² kitoe éloek teh! Hiap ka dieu toetoerkeun,” tjek kapten Goed. Nji Polata ngadegdeg saloeur awakna, miloe sieun, ninggalkeun maneh teu loedeung. Koe kapten dikaleng tjangkengna, toeloej leumpang barëng, ditoetoerkeun koe koering djeung sir Henry.

Lëbah di noe goepit, nini Gagoel eureun, noedoehkeun batoe² noe ngagaloler, pokna: „Tingali eta batoe balatak, nandakeun noe di dieu roesoeh dibërëg moesoeh, noe bisa moeka panto rasiah.”

Sisi djalan kentja-katoehoe rea batoe parasagi beunang natahan pagoletak, aja noe soesoen² sababaraha toempoekan. Noe aneh aja djolang djeung parobot nembok, sakaroepa djeung noe loembrah diparake djaman ajeuna.

Polata geus teu koekat madjoe, pokna leuleus saloeur awak, taja tangan pangawasa. Gek dioek dina toempoekan batoe noe handap. Moal téroes miloe tjënah, rek ngadagoan bae di dinja. Simboetna djeung bëbëkëlan tea koe koering sok diteundeun gigi-reunana. Tjek koering: „Heueuh, dagoan bae di dieu bari ngareureuh, tah simboet manehna djeung bëbëkëlan.” „Mangga,” walonna.

Koering tiloean téroes noetoerkeun Gagoel. Kira² meunang lima wëlas langkah mah madjoe teh ti lëbah Polata eureun, beh manggih panto kai, dioekir aloes pisan. Panto teh engab satëngah moeka, kawas oeroet noe bidjil roesoeh, teu kaberoe atawa poho noetoepekeun panto. Dina bangbaroengna aja kantong koelit, siga pinoeh dieusi batoe laleutik. Bisa djadi moekana panto teh kadoepak kantong, waktoe dipangpengkeun koe noe mawana.

Heuheuj deui nini Gagoel, noedoehkeun kantong: „Tah, naon? Lëpat sanggëm nini? Eta kantong teh eusina djabi ti intën, botol tjai hidji. Geura mangga boeka.”

Kantong teh didjoengdjoengkeun koe kapten Goed. „Alah beurat, pinoeh koe intën iueh.”

„Téroes,” tjek sir Henry, „kadieu keun tah damar teh nini!”

Lampoe diapëng-apëng koe sir Henry, manahoreng koering teh geus aja di tëngah² pëpëndëman Nabi Soelaeman tea. Eta kamar pandjangna, roebakna, loehoerna saroea pada sapoeloh kaki, la-

langitna dikëlëwoengkeun, dipake paneundeunan gading, noe pa-randjang djeung araloes, gading pilihan woengkoel, reana moal koerang ti lima ratoes leundjeur. Taksiran gading ti dinja, noe didamël korsi karadjaan koe Nabi Soelaeman teh. Paingan di sakoeliah djagat teu aja bangsana.

Di sisi bilik aja pëti galëde pisan, ditjet beureum.

„Dinja meureun intën teh,” tjek koering, „tjing damaran!”

Pek koe sir Henry didamaran. Toetoep pëti teh geus bobo, malah aja noe gorowong. Noe gorowong koe koering dikodok, dirarampa, bët lain intën eusina. Heng ngarawoe saeutik, ari dilikan deukeut damar, bët oeng emas; bangoenna teu saroepea djeung doeit ajeuna; tjapna aksara Ibrani.

„Ah, moal lengoh oerang balik teh. Sabraha reboe eusina ieu hidji pëti teh? Mangkaning aja dalapan wëlas kabehna. Taksiran ieu doeit paranti majar koelian djeung majar harga noe dibeuli,” tjek koering.

Kapten Goed: „Ngan sakieu-kieuna kitoe pëpëndëman Nabi Soelaeman teh? Geuning intën mah teu aja deui, ngan itoe wae sakantong.”

Nini Gagoel: „Eta di djoeroe, di noe rada poëk, palaj batoe herang mah. Aja tiloe pëti di dinja, noe doea ditoetoep keneh, noe sapëti parantos moeka.”

Koering teu koeat nahan, nanjakeun koemaha noe matak manehna têngët njahona, ongkoh teu aja noe asoep deui ka dinja, sadjaba ti Don Silpestra.

Nini Gagoel: „Hiiiih, koetan oerang bentang teu oeninga, sok aja djëlëma noe pandjang oemoerna djeung pandjang ingëtanana.”

„Tjing damaran ka djoeroe,” tjek koering.

„Geuning ieu aja deui pangkeng!” tjek sir Henry.

Koering djeung kapten njampeurkeun. Ari gok, olohok mata-simeuteun, bëngong ningal noe roehaj, kasorotan tjahaja damar, tingärënjaj tingboerisat. Napas ngarandëg sakëdapan, barang rada lëlër, toeloj koering dongko, pek ngarawoe hajang njidikkeun, woer dipoeragkeun. Tetela, teu sak deui intën, renghap napas koering. „Toeloes oerang djadi noe pangbeunghar-beungharna di sadoenja teh,” tjek koering ka kapten.

„Koemaha pimawaeunana ieu,” tjek sir Henry.

Damar mëlëdoeg haseupna, tjaangna teu sabaraha, diteundeun

dina lante. Koering tiloean patangtoeng-tangtoeng, silih pëlông teu bisa ngomong, tjara noe leungit pikiran, rarasaan teu poegoeh, banggreung-banggreung lain, naon da teu aja noe matak banggreung. Angën ratoeg, pikir kaweur, rarasaan salin. Lah, doeka teuing koemaha atoech harita teh, teu bisa njaritakeunana. Kakara koe ningal kana doenja brana djeung arta, tatjan poegoeh kapibanda, hate geus tagajoer, pikir sangsi sëlång-sëling. Pamangan loba bedjana, noe miskin ngadak² beunghar sok nirtja kahajangna djeung lakoe lampahna, malahanan aja noe toeloej owah sapisan atawa hëg sëk, hos paeh, teu tahan njannga hawa doenja. Hate koering keur pinoeh koe pikir goreng, asa pangmoeljana, asa pangkawasana aja di doenja, da pangbeunghar-beungharna tea, teu ingët jen harita aja di goeha, teu beda djeung bangsat rek mibanda doenja barana beunang hese batoer. Heuheuj di toekangeun nini Gagoel seuri, omongna: „Mangga sing warëg batoe harerang teh geura toeng, geura leueut ka dinjah.”

Hihih koering seuri, këj sir Henry, tjakakak kapten, tiloean agër-agëran, seuri koe nini² nitah nginoem, nitah ngadahar intën, bët asa kabina-bina.

Ingët kana kahesean, koemaha pimawaeunana oeang ëmas djeung intën sakitoe lobana, katoeroeg-toeroeg tas seuri, rarareret pararoëk djeung rada risi koe Gagoel, bisi koemaonan tea, angën lëlër, pikir bënër, pangatjian asa ngoempoel. Koe Nabi Soelaeman, koe Nabi Daoed, koe Don Silpestra, koe radja² Koe-koeana kakajaan pangadji mangjoeta-joeta dinar teu kaarah, boektina ngaboegbroeg bae di djëro goeha. Noe baris ngamilik djeung bisaeun makena, diparëngkeun koering djeung kapten djëlëmana.

„Itoe noe doea pëti deui, geura mangga boeka, seueur eusina. Mangga taroeang sing warëg,” omong nini Gagoel.

Mimitina moendoer-madjoe, rada teu want ngaroeksak tjapna, tapi didjoedjoeroeng koe nini² pok deui-pok deui nitah moeka, Lidjil. panasaran, toeloej dipaksa saakal-akal koe tiloean toeroeb pëti teh. Bëlëtek, korokok koplak, braj pëti teh katembong eusina, mëtët intën woengkoel. Sarerea ngarahoech lain koe tjape ngabongkar pëti, tapi eta kaget koe eusi pëti. Hidji deui panasaran. Ditaktrak-ditoktrok, digëdroeg-gëdroeg toeroebna, tetela teu pinoeh eusina. Sir Henry mangkoe batoe pasagi ti lawang, gëbro ditinggangkeun kana toeroeb pëti, broh ngan sakali pisan. Geus

kitoe mah gampang ngan kari njoengkal. Beh teh eusina ngan saparapat pëti, tapi badag kabeh, meureun meunang ngahadja milihan noe baradag woengkoel, pangleutikna doea poeloeh karat, noe laloetjoe mah noe sagëde-gëde ëndog djapati. Ngan handjakal sawareh sinarna sëmoe koneng, sinar ratnatjampaka djeung sinar api. Keur djongdjön rësëp ngilikan intën, dititimang ampëg-ampëgna, dëngék-dëngék ti lawang. Sarerea tjoeringhak, roeroet-reret, nini² teu aja.

„Beu, tjilaka!” tjek koering.

„Ëngke oelah roesoeh,” tjek sir Henry.

Kapten Goed: „Sada Polata tah, gëgëroan.” Woer intën tina leungeunna dikepeskeun dërëgdëg kana panto.

„Toeloeng! Bogëwan toeloeng!” Batoe njorosod.

Kapten Goed: „Toeh, da ënja Polata! Njingskah njai, njingskah!” Ngomongna bari moeroe. Gantjang ditoetoerkeun koe sir Henry djeung koering bari mawa damar. Ari tjoeng damar, gëbëg teh lain meumeueusan. Tobat Pangeran, panto batoe njorosod geus handap pisan. Polata gegerelengan goelët djeung nini². Kapten loentjat moeroe, Polata ngalehleh nangkarak. Geuwat koe kapten disangkeh beuheungna. Nini² ngarandang ka panto, sirahna geus montjor, tapi teu bisa tëroes bidjil, panto batoe kaboeroe ngagëntjet. Korokok, rëg panto eureun nëpi kana bangbaroengna, Gagoel pëdjët lëbah walikatna. Gagoel ngagërona ngan sakali, memeh aja sora ngorokok. Ieu kadjadian teh ngan didjëro sakitjeup.

Polata: „Adoeh, Bogëwan, abdi doegi ka djangdji.”

Kapten: „Naon njai, geulis, noe njëri.”

Polata: „Adoeh, Bogëwan, ieu tjangkeng sarëng beuteung d' tëwëk koe Gagoel. Èëh Bogëwan, abdi adjal di dieu.”

Sëgroek kapten sësëgroek, ngagalentor Nji Polata. Sir Henry rëmpih, tjipanonna rambisak, koering mah geus poegoeh deui, barang ningal gëtih boerah-bareh, bitisna Polata baloboran koe gëtih deui, geus tëg bae dipërgasa koe nini², dibongohan.

Pok deui Polata: „Èëh Bogëwan, toeloes abdi balik teh ajeuna. Gagoel bidjil tadi teh, balik deui ka panto, tatanggahan ka loehoer. Mimitina teu kaharti niatna, barang panto batoe njorosod kakara kadjoedi rek ngërëm oerang. Gagoel ngëdjat ka loear, koe koering ditarik ka djëro — Polata eureun sakeudeung njaritana — dipëgatan hareupeunana Gëdjos teh peso seukeut kana

• tjangkeng koering poho Gagoel dirontok
rek dirēboet pesona Gēdjos deui leungeun kentjana nodjos.
Bogēwan, Bogēwan naha ieu teh pararoëk?

Kapten: „Ieu njai, apan ieu teu djaoeh.” Sēgroek deui mani
ngagoekgoek, njoeoh gigireun Polata, bari njēkēlan leungeunna.

Polata: „Bogēwan, Bogēwan, ari Makoemazan aja?”

Kapten: „A a ja tah deu eu eu keut.”

„Ieu, Polata, apan deukeut,” tjek koering.

„Makoemazan, kērēsa nēpikeun ka Bogēwan, da Bogēwan mah
teu pati ngartoseun kana sānggēm abdi?”

„Heug, Polata, pok rek wasiat naon?”

„Saoerkeun Makoemazan, ka andjeunna, abdi teh tjinta ka an-
djeunna anoe taja papadana. Ajeuna abdi bade adjal soeka lilah
pisan, margi abdi tērang, tinimbang lara nandangan soengkawa
salalawasna mēnding nēmahan pati sakali. Makoemazan, geuning
bēt kieu raosna, ari djadi djalma hina. Roemaos, roemaos pisan
abdi teh hina, da poegoeh kieu sipatna. Nanging Makoemazan
tjinta mah hēnteu kapēgatan koe sipat laip, keukeuh mēngpēng
teu kening diampeuh. Ti barang gok ningal rarajna, hate hēnteu
kapalingan, andjeunna pamēgēt kasep, parangina manis, pasēmōn
djalma njaahan. Emoet waktos ditarandjang ngigēl pajoeneun an-
djeunna, asa kaboer pangatjian, asa nintjak asa hēnteu, tina isin
sakalangkoeng, ngigēl teh asa teu eling, raraosan teu kantēnan.
Barang abdi ditjēpēng koe panangan andjeunna, rēj siak saliring
diri, hate soemeredet. Lah Makoemazan, meureun oeninga, raosna
tjinta. Aeh, andjeun mah pamēgēt, moal oeninga raosna katjintaan
istri ka noe djadi boeah kalboe. Ieu dina djero hate asa aja manoe
bēger, disada taja reureuhna, gawena kakalajangan, nilik pang-
ēunteupanana, rek eunteup inggis koe bisi, bioer deui hihibēran.
Lah, Makoemazan, beurang moal ngahidji djeung peuting, tjara
abdi djeung andjeunna, noe bodas sarēng noe hideung, teu oemoem
bisa ngadjodo, geuning saer Makoemazan. Titingalan tereh salin,
raraan tereh robah, nanging ati pageuh meulit ka andjeunna.
Tjarek wiwilanganana moen hiroep reboean taoen, moal loesoeh
moal loentoer, tjeeh moal geseh², katjintaan ka andjeunna. Saoer-
keun Makoemazan, tibēlat sarēng kabeurat hate abdi ka andjeunna
teu aja keur ngabandingkeun. Ajeuna hēnteu laksana, abdi ka-
boedjēng koe adjal, moegi² diparēngkeun ēngke di bentang pa-

těpang. Sanadjan aja di mana, abdi moal wěleh ngiring. Adoeh* Makoemazan, gđe keneh kapanasaran abdi teh, tatjan poeas koe-mawoela ka andjeunna. Saoerkeun, abdi bade ngaleupaskeun njawa, teu aja noe dipikaemoet lian ti salira andjeunna. Toeh Makoemazan parantos reupreupan bade poěk. Saoerkeun abdi beurat ka andjeunna, sakitoe bae ěntong pandjang². Amit abdi bade wangsoel sarěng něda pangapoentěn ka sadaja anoe kahesean koe abdi. Bogěwan, parantos teu aja karaosna naon² ajeuna mah, teu aja noe njěri teu aja noe karasa, ngan ieu bae napas sěsěk. Tah kitoe tanggeuj, ambeh awas patingal panoengtoengan. Bogěwan, Bogěwan, ěmh Bogěwan."

Polata repeh, toeloej ngahandjoe lěs njawana geus lastari.

Sěgroek deui kapten, sěsěgroek kanjěnjěrian, beungeut majit mani baseuh koe tjipanonna, sasambatna matak watir, koemapang teu repeh njěboet Polata. Koering djeung sir Henry kagagas, miloe sědih.

Barang kapten geus repeh, ngan kari sisidoeunana, sir Henry něpak taktakna: „Goed, Goed, sing ingět ieu."

Kapten: „Na da ingět ieu oge."

Sir Henry: „Heueuh, oerang teh oelah katoengkoel koe noe geus maot."

Kapten: „Naha, naon, teu kaharti?"

Sir Henry: „Oerang sarerea moal lila bakal noetoerkeun manehna. Kapan oerang teh diroelang kerepes, tah koe nini² setan."

Samemeh sir Henry njarita kitoe, ěnjaan koering mah teu ingět keur dikěrěm di djěro goeha, pikir katoengkoel koe watir ka Polata, karoenja koe kapten, kanjěnjěrian ditinggal koe kakasihna.

„Ari geus kieu, koemaha ieu!" tjek koering ngomong sorangan.

Sir Henry: „Ieu damar tereh pareum, minjakna ngan saeutik deui."

Koering ngodjengkang ka panto batoe, sisina kentja-katoehoe lěbah wawatonna disasar, wěleh teu manggih nanaon. Di handap lapoer, teu aja nanaon. Gagoel ti sěmět walikat ka loehoer mani hepe kagěntjet batoe. Noe ngorokok tadi teh Běněr tjeuk sir Henry moal kapanggih ti djěro paranti moeka djeung noetoepekeun panto teh, tangtoe ajana di loear. Lamoen aja di djěro mah moal ěnja Gagoel maksa bidjil ngarandang. Ririwana meu-

reun soeka seuri neuleukeun koering kakërëm di dinja, sina paeh langlajeuseun atawa maehan maneh lantaran aral. Meureun oerang Portëgis poerat-perotna bidjil teh sieun kaboeroe karingkëb, didjailan koe noe nganteurna.

„Tjing, oerang balik deui ka goeha intën,” tjek sir Henry.

Simboet Polata ditilëpan dibawa koe kapten. Bëkël tea dibagi-bagi rek dimahikeun keur opat poëeun. Tidinja majit Polata dibënërkeun, sok digolerkeun di handap, ditambëlaan koe batoe noe noempoek tea. Geus beres kakara ditinggalkeun, minangka dikoeboer di dinja. Panto kai noe dioekir tea ditoetoepekeun. Kapten Goed miloe ka ditoe-ka dieu teh teu ngomong², papalaweungan, ingëtanana tatjan koempoel. Sigana manehna mah paeh oge di dinja atoh.

„Poekoel sabaraha ieu teh, toean Koeatërmin?” tjek sir Henry.

„Taboeh gënëp,” djawab koering, „tadi lëbët teh taboeh sawëlas, djadi parantos toedjoeh djam.”

Sir Henry: „Oerang barangdahar heula, tamba lapar. Kade tjai, oelah dihamboer, dipake ngoembah leungeun, bisi teu mahi.”

Barangdahar oge, ah, tamba lapar teh lain bobodoan, soepaja beuteung oelah tingsalingit teuing bae.

„Ëmh,” tjek koering, kakara kaharti ajeuna nini² setan teh omongna, nitah sing seubeuh nginoem djeung ngadahar intën ka oerang.”

Sir Henry: „Oerangna lalawora, kalah diseungseurikeun.”

Koering ngadjawab: „Lah, soemoehoen, kadoehoeng tara ti heula tea, padahal oerang teh pada tërang, Gagoel nini² djahat, naha bët hënteu iatna. Përtjaja teuing kana omongna moal bohong.”

Sir Henry: „Eta oge hënteu tjidra kana djangdjina mah, ngan rek bageur, moal djail hënteu djangdji.”

Koering: „Soemoehoen, moen salamët tea mah manehna bisa balik ka dajeh, moal eleh padoe. Ieu wae Infadoes arëp-arëpeun tëmën, wajah kieu tatjan aja ëmboes² pangintën dina pikirna. Boa njoesoel nareangan.”

Sir Henry: „Wah, njoesoel ka mana. Kapan teu tërängeun-tërängeun atjan lëbah mana oerang teh. Di tërängeunana oge aja di dieu, moal bisa ngaroadjadkeun panto batoe karang teuas noe kandëlna lima kaki. Pantona oge moal kapëndak-pëndak atjan. Ajeuna mah parantos boentoe lakoe, toena akal, teu aja deui ka-

djabi oerang pasrah soemërah ka noe Mahakawasa, Goesti anoe sipat Rahman Rahim. Kareaanana djëlëma kaleuwihan njiar kajaan, toengtoengna sok tjilaka. Lalakon oerang ajeuna ngan djadi panambah anoe geus tjarilaka ti heula."

Damar mëlëmpëm, minjakna dina botol geus saat. Gading, ëmas, intën djoemlah kabeh pangadji joetaan roepia teu matak boengah. Tiloean dioek dina pëti oeang ëmas, pahareup-hareup teu lemek teu njarek, boedi këtjoet, pasëmon noe beak dengkak. Pës damar pareum, reup poëk. Lëbah damar tembong noe ngëlëmëng beureum sagëde moentjang.

XVIII. BEAK PANGHARËPAN.

Lës deui noe ngëlëmëng beureum teh leungit. Ëmh, na aja poëk ratoening poëk, poëk tëroes kana hate-hate. Djëmpe mani asa tarorek tina djëmpling-djëmplingna. Rarasaan, pipikiran doeka teuing teu bisa njaritakeun, ngan bisa njëboetkeun nalangsa, sëdih prihatin, pendekna tamat kanjërian hate koe bongan sorangan, kadëdëmës kana intën, ahirna diroeang kerepes. Di djëro goe-noeng, diringkëb koe batoe lain bongkar-bongkareun, sina saampar samak djeung ënggon majit, poëk mongkleng tiis djëmpling, teu aja pangharëpan kana bisa bidjil deui, pamoestoengan sagala sëpi. Bari njoeroetjoed tjipanon soemërah raga djeung njawa ka Goesti noe Mahaagoeng, sirah rieht asa dipaseuk, lëng-lëng lieur, lës bae teu ingët. Doeka kapaehan, doeka sare keur teu ingët teh, ari ingët deui sirah asa bareurat, beuheung njëri sabeulah. Toeloej koering ngaloengsar, njangsaja kana pëti, lënggoet noendoetan, reup sare. Kira² tëngah peuting lilir deui, tëroes njaring nëpi ka isoek, teu daek ngalënjap deui, tapi ngahenen bae njaring oge hënteu hoedang, pëureum poëk, beunta poëk saroea bae. Kaajaan batoer ti barang pës damar, doeka teuing koemaha, da teu kadenge teu kadeuleu. Koe rarasaan geus deukeut ka isoek, ngalamoen. Doenja brana sasat noe dikeukeupan di dinja, lamoen didoeitkeun mahi keur njeun armada kapal wadja sapoeratina, armada noe panggëdena, pangsampoernana. Tapi moen bisa bidjil teh moal lëbar mikeun, kop bae saha noe daek. Lamoen aja noe noekeuran koe kadaharan djeung tjai inoemeun, kop bae kabeh oge. Lamoen aja noe haat, daekeun mondokkeun oemoer, hajang

geura eureun ngarasa toegēnah, oelah lila ngarasa keueung djeung lara, wani moeroehan koe kabeh pēpēndēman noe kapanggih di-dinja. Rada poho kana sieun, kana keueung koe ngalamoen teh.
 .Antekna beunang tisoesoet tidoengdoeng, beunang doeg hoeloe pēt njawa, geus kapanggih tanpa goena.

Keur antēng ngalamoen, teu ingēt ka batoer, ngadenge sir Henry ngagēroan kapten Goed, mani njēblak, pokna: „Goed, Goed!”
 „Hēmh,” tembalna.

„Kērekan aja sabaraha siki deui?”

„Ēngke, dalapan siki deui.”

„Tjing kērekkeun hidji, poekoel sabaraha ieu teh?”

Tret hidji dikērekkeun, dipake ngadamaran erlodji. Mimitina roetjang-ritjēng serab koe katja erlodji, ari kajoe-api ngan kari sapotong deui, kakara tetela poekoel lima. Di loear meureun padjar geus hibar, di lēmboer soekoe goenoeng meureun geus ramang², tjarangtjang tihang. Angin isoek ngahiliwir, nēbak mega noe ngaroengroem goenoeng. Teu poegoeh² ngawawaas maneh, mapantēs kaajaan di loear.

„Tjing mangga oerang sasarap tamba lapar,” tjek koering.

„Keur naon teuing,” djawab kapten, „mēnding ge tereh hos djeung kieu mah.”

Sir Henry: „Ih, satoengtoeng hiroep keneh mah oerang teh oelah wēleh ihtiar. Ari hasil-hēnteuna mah koemaha Noe Maparin.”

Batoer geus am mah, nja kapten oge miloe, tapi moal boa teu pisan mirasa. Tjek sir Henry, hajang njaho gēgēroan deukeut panto, soegan bae aja djēlēma noe ngadenge, noe aja di loearun panto. Toeloej kapten njasar bilik, nēpi kana panto kai, sorana bae ngarēket sada diboekakeun, soksoksrok gēsrok, soksoksrok gēsrok sora sapatoena. Gēro sorana tjēloek-tjēloek, teu njana kapten bisa ngagorowok sakitoe tarikna, tajohna boeboehan toeman di laōet tadina. Tapi onggeng-onggengan satakēr tanaga oge teu aja pedahna. Tjape gogorowokan, sadana bae nginoem, meureun toehoereun tikoro. Teu lila bēt sēsēgroek, kasēlang-sēlang koe ngotjomong aral. Pantēsna bae tjeurikna teh deukeut majit Polata. Ari koering tjara boedak inghak-inghakan, njoeoh kana taktak sir Henry. Ēnja oemoer mah koering teh saloehoereunana, tapi lēbah bēbēnēran, katēgēran hate djeung wawanen imbang-im-

banganana koering ka sir Henry saroea djeung boedak ka bapana. Pikeun ngalélémoe hate, koering dipangdongengkeun sababaraha tjarita, lalakon anoe sangsara, noe kaképoeng koe balai djeung rea-rea deui noe sabangsa djeung lalakon anoe keur dilampahan; ahirna kabeh noe boga lalakon salamët, meunang pitoeloeng. Tapi dongengna kabeh nambag, teu aja noe teurak kana ati koering noe keur poëk. Dipangdongengkeun teh ngan oekoer repeh teu nginghak, repeh soteh lain lëlër koe dongeng, biasa bae kapan noe tjeurik sok repeh koe maneh teu dioepahan oge. Eureun nginghak loehlah, hoemandeuar aral. Tajohna kanjahoan mangdongengkeun hënteu teurak, pok njarita: „Sakoer noe hiroep toengtoengna paeh. Oerang oge djëlëma, toeroenan noe sok paeh, nja paeh toengtoengna. Noe malarat masakat panganggeusanana paeh; noe beurat beunghar soegih moekti pasti kadatangan pati; noe bodo, noe pintër, noe hina, noe moelja, noe djahat, noe bageur, pendekna noe koemaha-koemaha oge sipating djëlëma mah kabeh oge moal aja noe mëgar, oemoerna aja anggeusna nja eta paeh tea. Paeh hiroep oerang aja noe moerba-wisesa. Lamoen hiroep kawasa oerang, kabëbëro loslos ka dieu, ngadon diroeang kerepes, eleh koe nini² roeroentoeck djëlëma. Oerang moal kalëdjokeun, lamoen hënteu kagëlo koe batoe, tah ieu eusi pëti. Noe matak tjek koering mah, naha make sieun paeh; totonggengan ëmboeng, geus nëpl kana waktoena mah tangtoe datang adjalna. Ëmboeng oerang teh tangtoe dipaksana, mënding sadrah. Soegan bae ari sadrah mah rada ngeunah. Djeung bedjana ari maot langlajuseun mah teu njëri tjënah. Bareto ge teu niat arek hiroep asana, naha ari geus hiroep, bët ëmboeng ënggeusan. Hajoe oerang ngadoa ka Goesti noe ngadamël boemi alam, oerang masrahkeun diri sakoedjoer, da Andjeunna noe kagoengan.”

Pek koering noeroetan ngadoa ka Goesti Allah. Wah, teu bisa hoesoe, ingëtan noe teu pararoegoeh bae ranjong, nembrong² kana hate. Ngadoa rek antëng nakër, teu kanjahoan aprak-aprakan ngalamoen. Gaoek beuteung, toeloj moerël. Eureun bae ngadoa teh, lain ngadoa ketah ngalamoen, ngadoa mah ngan mimitina. Tjoepoe-tjapa kana bëbëkëlan, am deui tamba peurih, rot nginoem saeutik. Keur njojokan botol, srëk kana hate, asa aja noe asoep, djol pikiran heran koe hawa di dinja, toeloj ngomong:

„Aneh ieu hawa di dieu, sakoeriling boengking boeni, tapi hawa asa bërèsih bae, padahal oerang di dieu teh sakieu lilana.”

„Ja, Robbi,” tjek kapten — koe poëk-poëkna djeung pikiran keur mangpaoeng, kapten Goed ngadeukeutan teu kanjahoan — „énja bae bët hënteu kapikir. Lamoen hënteu aja hawa bisa asoep bidjil, oerang teh geus gëmpar koe eungap, sakoerang-koerangna napas beuki lila beuki sësëk. Tjing oerang teangan, lëbah mana aja djalan hawa.”

Prak sarerea pada njasar, madjoe ngagengsor. Tjangkeul ngagengsor esod-esodan, bari tjingogo, sakapeung ngorondang, teu wani nangtoeng mah sieun laboeh. Sakitoe ati² katjida oejoep-ajap teh, tapi teu boeroeng bae gëdoeg deui-gëdoeg deui tidadalagor, sirah, sikoe, toeoer mah geus teu poegoeh bilanganana. Meunang sadjam leuwih soesoer-sasar teu papanggih, djaba ti ngabirigidig njabak beungeut majit Polata. Beak pangharëpan kana salamët teh, dioek bae ngaloengsar sisi bilik. Sir Henry ngarahoe, hoemandeuar. Kakara harita sir Henry hoemandeuar. Noe koesrak-kosrek keneh sorana ngan kapten.

„Koeatërmin! ka dieu,” pokna, „tjing ieu jeh, lëbah dieu, karasa aja angin?”

„Tjiik,” tjek koering. „Ih, énja karasa tiis ieu.”

„Tjik reungeukeun! Tah, bloek-bloek-bloek, nja?”

Ti sëmët sir Henry ngadongeng, njarita teh tilocean geus teu make anggah-oenggoeh, pada tjonggah teu asa djeung djiga.

„Énja sadana, kawas kosong di handapna. Tjing eundeuk² deui, Ih, énja, sidik bloekbloekan. Tjing isër, ngadjaran. Ah, sidik.”

* Goed: „Damaran!”

Tret koe koering didamaran koe kërëkan, noe dieundeuk-eundeuk teh dipodjok, lëbah noe njangkewok. Batoena hënteu rapët pisan kana laute, têngah-têngahna make geulang beusi. Geulangna ditjoba ditarik-tarik, tapi pageuh.

Kapten: „Tjing laan heula sakeudeung eta saboek teh, keur narik ieu.”

„Heh,” tjek koering.

Saboek ditjorokkeun kana geulang, tëroes ditarik. Rëk-rëk gëlëtoek deui batoe teh ninggang ocroetna, ditoetoerkeun koe awahan sora ngagëlëndroeng.

„Tjing koe koering soegan.”

Oegët-oegët teu toeloej, beak manten tanagana. Ari rek ditarik koe doeaan hese, da di sompod pisan.

Kapten: „Tjing Koertis, da bėdas, soegan beunang.”

„Damaran atoeh,” djawabna.

Koering djeung kapten keur tjektjok djeung doegang-doeging pili gėnti teh, sir Henry djongdjon bae dioek ngadjogo, njarande kana pėti. Geus ditjaangan kakara hoedang, njampeurkeun koering. Kėk saboe teh ditjėkėl koe doea leungeun.

„Ke,” tjėnah, „ambeh pageuh djeung bisi pėgat koelitna, oerang beulitkeun. Bantoean narikna. Ieu ti dieu, Koeatėrmin ti kentja, Goed ti katoehoe. Hajoe! hidji-doea-tiloe!” Rrrėt-rrrėt, gėroeoet. „Halik-halik-halik!” Goebrag batoe toetoe liang ngagėblag. Heok angin ti handap. Tjoeng koe koering didamaran. Beh teh tangga geuning, hambal-hambalan, batoe woengkoel katembongna mah.

„Koemaha ajeuna?” omong kapten.

„Toeroen ka inja,” djawab sir Henry, tapi ke, bėkėl teh lain aja keneh djeung tjai? Tjing Koeatėrmin bawa, bisi bae pėrėloe ėngke.”

Karandang koering njokot bėkėl djeung botol tjai. Arek indit deui ingėt kana intėn tea, ingėtan teh soegan bae bisa salamėt bidjil, meureun aja gawena. Mawa sasakoe mah moal matak koemaha soegan. Kawantoe djėlėma waloerat koering mah, njaho di hese ngala doeit, ngarasa kasoehanana djėlėma teu boga. Rawoe² tina pėti noe kahidji, boesboes kana sakoe mėrėkis kentjakatoehoe, sakoe tjalana dieusian doeanana. Simboet Polata dibawa deui dipake ngagembol, ieu mah tina pėti noe katiloe noe barada tea. Tjek dina hate, ah sakieu oge loba. Kapten teu kadenge-denge, taksiran keur amitan ka Nji Polata.

„Para mitra!” tjek koering, „naha moal marawa intėn saeutik mah? Koering mah ėnggeus njakoean ieu.”

„Alah, Koeatėrmin, keun bae noe kitoe mah, mawa badan oge geus riba. Keun bae ėntong karooh,” tjarek sir Henry.

Gantjang boes kana liang mapaj ka handap, pangheulana sir Henry, ditoetoeurkeun koe kapten, koering pangpandeurina. Ngarajap ka handap teh tjara baroedak kakara bisa ngarandang toeroen ka golodog. Sir Henry toeroenna bari milang hambalan. Barang milangna nėpi ka lima wėlas, toeloej eureun, heug njarita:

„Geus nēpi ka taneuh ieu. Aja djalan kawasna mah. Hiap bae ka dieu toetoerkeun.”

„Ke dagoan,” tjeuk koering. Ari nēpi kana taneuh tret kajoe-api, bēt djalan teh matak bingoeng, noe mana noe koedoe disorang, da ka kentja aja, ka katoehoe aja. Djadi djalan noe kaloehoer teh, noe bieu diliwatan beunang disēboet simpangan. Tiloean silih tanja oge teu poegoeh, da saroea pada teu njaho, ka manā pi-braseunana. Arek los ka kentja, boa djalan noe ka katoehoe noe pisalamēteun tea mah. Rek ka katoehoe nja kitoe deui, sieun noe ka kentja noe matak salamēt tea mah. Tret deui koering ngērek-keun kajoe-api, goer pēs katēbak angin ti beulah kentja.

„Hiiih,” tjeuk koering, „lapoer bae hidji.”

„Ih, teu lapoer, malah oentoeng,” omong kapten. „Oerang djadi njaho datangna angin. Ka dieu bae, hajoe, oerang ka kentja, da angin ti dinja djolna, apan angin mah ti loear ka djēro, tara ti djēro ka loear.”

Teu pandjang padoe, ditoeroet bae kapten teh. Leumpang ngararampa bilik torowongan, saban langkah ditjatjapa heula koe soekoe. Kira meunang saparapat djam oetag-atog kitoe, djlog ka djalan tjakak, tēroes ka noe kentja; manggih deui simpangan, tēroes ngentja, kitoe bae meunang sababaraha simpangan, nēpi ka toengtoeng mah hēnteu, padahal leumpang teh geus sababraha djam; karasa leungeun pareureus, njarēri; soekoe, toeuer nja kitoe. Gembolan intēn dibeubeutkeun koe ambēk.

„Naon tah” tjeuk sir Henry.

Geuwat ditembalan koe koering: „Gembolan moerag.” Da sieun diwēwēleh, dinanaha, tjokot deui gembolan teh. Djeung tjeuk hate, mēnding paeh beunghar, ti batan paeh malarat. Atoh nakēr barang kapten ngadjak eureun teh.

Sir Henry. „Naha eureun di dieu?”

Kapten: „Ieu ngeunah, djalan parapatan.”

Sir Henry: „Naon ngeunahna?”

Kapten: „Ih, ari aja opat mah, oerang boga padjoeun hidji sewang keur kaloeat, paeh teh moal patoempoek.”

Koering mah teu pipiloeun ngomong, gek bae dioek, soekoe dilondjorkeun, blak nangkarak, ngēdēng dianggēl koe boentēlan.

Sir Henry: „Koeatērmin! beh mana?”

Koering: „Ieu, di dieu.”

Kapten: „Sada ngagoler? Hěnteu koea-kieu mah?”

Koering: „Hěnteu, ngan tjape djeung njarėri tooer. Repeh, sada tjai ngotjor tah. Tjing reungeukeun, ěnja?”

Kapten: „ěnja, beulah dieu sadana.”

Sir Henry: „Goed! Goed!”

Kapten: „Ieu!”

Sir Henry: „Geuning geus djaoeh! Ke, dagoan! Oelah ninggalkeun.”

Kětjėboer! Gėro kapten. Sir Henry: „Goed! Goed! Tah mana ge

Kapten: „Ieu moentang kana batoe! Alah! leueur! Kade tah di sisi. Tjik tarik jeh, hese handjat.”

Geuwat diboeroe koe sir Henry, sagantjang-gantjangna di noe poėk. Salamėt, kapten geus handjat, papakeanana djibrėg kabeh, dioek sisi tjai bari ngarahoe, omongna: „Lah, bis bae tikėlėbėk, moen teu moentang kana batoe meureun palid. Na ari kosewad, kětjėboer ka tjai. Djeung tarik deui tjaina.”

Sir Henry: „Keun wae, da geus salamėt ajeuna mah.”

Koering djeung sir Henry ngoembah leungeun, toeloej sibeungeut. Rėgot² nginoem disioekan koe leungeun, ni‘mat pisan, keur halabhab manggih tjai tiis, mani sėmoe amis karasana. Moal salah herangna, meureun ngagėnjas moen katembong mah. Geus aso indit deui, tapi teu wani mapaj sisi tjai sieun tjilaka, balik deui ka oeroet, nėpi kana simpangan, boes ka dinja sir Henry ti heula. Rada oge heran geus lila pisan kakarajapan ngararampa torowongan teu manggih simpangan.

Gėdoek koering nadjong kapten: „Iih, maaf.” Ari kapten ka sir Henry ngagėtroekna.

„Koemaha ieu teh?” tjek koering.

Djawab sir Henry: „Poegoeh boentoe djalanna. Tjing oerang rarampa deui, kentja-katoehoe ajeuna mah mapajna.”

„Ieu geuning rada beh handap, paingan tadi kaliwat, rada dėpėk liangna,” omong koering. Heug koering dongko, aboes ka noe ngolowongna. „Itoe naon, siga tjaang? Tjing tėmpo, ěnja tjahaja, lain?”

Sarerea pada mėlong ka noe ditoedoehkeun koe koering.

Sir Henry: „Oerang sampeurkeun bae ajeuna mah. Nam Koea-tėrmin ti heula.”

Kapten: „Soegan bae ěnja tjaang ti loear.”

Toeloej didjoegdjoeg bari dongko, da liangna dĕpĕk. Noe di-tintjak djeung noe dirarampa lain batoe ajeuna mah, tapi taneuh, beda srĕkna djeung tadi, toeroeg² aambeuan beda djeung keur di djĕro batoe karang. Liang beuki dĕpĕk, nĕpi ka kapaksa koedoe ngarandang, tĕroes bae ngarandang oge, lah tjangkeulna mah geus teu koedoe ditjaritakeun. Djaba ti dĕpĕk teh liang beuki goepit, tapi tĕroes bae, sabab tjaang beuki tetela, aambeuan asa beuki sĕgĕr. Geus teu bisa ngarandang, ngadapang ngalangsoed. Toengtoengna blos bidjil saerang-saerang, darioek di hareupeun liang dina djoekoet baseuh koe iboen. Bentang baranang di langit, teu pati bengras tingkarĕtipna geus rek kalindih koe tjahaja beurang, da isoek² harita, satĕngah gĕnĕp.

Alah, sĕblak, renghap teh koe soeka, barang hol sirah nonghol tina liang, ningal bentang baranang di langit, toeloej ngagorowok teu diniatan: „Salamĕt! salamĕt! salamĕt!”

Lila koering moedji soekoer ka noe Agoeng, noe sipat Rahman djeung Rahim. Moedji hĕnteu kĕdal kana biwir, da rek ngomong teu bisa pok, piomongeun ngagarĕndok dina tikaro. Batoer noe doeaan nja kitoe. Koering geus beunta, sir Henry mah peureum keneh.

Teu lila poentjak goenoeng tembong kapojonan, tĕgĕs silih deuleu beungeut, masa aloh, roeroepaan teu poegoeh bangoen, beungeut kanjos djeung pias, panon djarĕro tjarĕlong, koemis djembros, pipi djambrong, boeok gimbal pinoeh koe kokotor. Lah, papakean mah geus teu poegoeh roepa. Meh doea poĕ doea peuting oebĕk-oebĕkan di djĕro goenoeng teh, asoep poekoel sawĕlas beurang, bidjil deui satĕngah gĕnĕp isoek² kaheuleutan doea peuting. Njaho beurang njaho peuting soteh koe erlodji, da poĕkna mah saroea beurang djeung peuting teh. Tiloe poeloeh lima djam hiroep tjara noe lolong, tjoepoe-tjapa, oejoep-ajap, oetag-atog, sagala dirarampa, diambeuan. Mangĕjoehankeun ka noe lolong, asal beunta, bisa hiroep lila, hĕnteu aral nandangan sangsara doenja. Koemaha teuing pirasaeunana saĕndĕng-ĕndĕng poĕk mongkleng. Ngasaan doea peuting sapoĕ teh, tobat teu hajang doea kali.

Poĕ beuki beurang beuki tjaang, koering ĕnggeus kapojanan. Rarat-reret lamping sakberiling boengking. Barang awas ka noe

ngabëlégédég tiloe di kadjaoehan di loehoer gawir, teu samar jen koering aja di dasar djoerang tambang intèn tea. Tina geus lila teuing dioek djoeng nangtoeng, adoeh rarëngkëngna, toelang² sandi njarëri, tjangkeng asa potong, leungeun pareurih lain di kieuna. Tingdjaligroeg leumpang lalaoenan, mapaj sisi gawir, geus bala koe toetoewoehan laleutik djeung djoedjoekoetan, gawirna nja kitoë, malah make aja tatangkalanana. Lëbah noe kaoentoep beunang dioenggahan, ngarajap ka loehoer. Leuwih sadjam ngarajap dina gawir oenggah ka loehoer. Nëpi teh ka loehoer blang bae alam doenja asa lëga deui, asa djadi djëlëma deui, sampoerna kasalamëtan teh. Infadoes djeung sabatoerna geus tembong, pi-roenan seuneuna ngarëboel keneh. Barang geus deukeut, kira² saratoes metër deui ka manehna, digëroan koe koering: „Infadoes! Infadoes! ieu sobat daratang!”

Infadoes tjoeringhak, ngagëro bari oendoer-oendoeran, panonna molotot mërong, dërëgdëg loempat moeroe, gabroeg kana toeoer sir Henry: „Adoeh, Gamparan teu njana teuing! Jaktos ieu teh Ingkoeboe?”

„Na saha atoeh,” djawab sir Henry.

Infadoes rambisak tjipanonan bawaning soeka, ngabageakeun koering tiloean.

XIX. PATOERAJ DJEUNG INJOSI.

Sanggeus ngaso doea poë-doea peuting di pangrërëban riri-oengan djeung Infadoes, koering tiloean katarik koe panasaran toeroen deui kana djoerang tea, rek njidikkeun liang oeroet bidjil. Tapi lapoer teu kapanggih, sabab liang teh manahoreng loba, oeroet bidjil poho deui, pahili djeung noe sedjen. Ari tapak geus leungit kahoedjanan, da sabot di dinja doea peutinganana hoedjan. Rek asoep deui ka djëro tina salah sahidji liang, taja pëtana, sir Henry teu niateun; koering sieun sasab, héug wae teu bisa bidjil deui; kapten Goed teu peroeneun. Diteangan soteh liang oeroet bidjil tea, lain arek asoep deui ka djëro, ngan rek ditjirian, keur pangling- ngeling. Geus teu kapanggih mah, balik deui bæ ka loehoer, mapaj deui gawir. Di hareupeun artja badami, rek neangan rasiahna panto batoe ti pasetran ka ënggon intèn tea. Gantjangna sadia damar, boes deui tiloean ka noe mëlëwong toe-

• kangeun artja. Nēpi ka lēbah medja batoe tea teu wēleh poepoe-ringkakan. Hantēm dioebēk gēmēt pisan, bilik batoe disasar, ditoktrokan, di handap digēbrigan, ditendjragan, tapi wēleh teu kapanggih kontjina rasiah. Barēng djeung adjalna Gagoel panto noetoepeureunan nēpi ka djaga, nēpi ka kiamah moal aja noe bisa moeka. Doeka soegan, lamoen eta goenoeng dirēmpoekeun koe dinamit, kakara doenja brana noe di dinja karawat koe djēlēma. Toengtoengna bosēn lila² di goeha, baridjil deui bae ka loear. Isoekna boedal, moelang ka dajeh. Beubeunangan ti djēro goeha teh ngan bawa koefing tea bae, kitoe ge loba soedana, tajohna maroeragan di djalan sabot dongko, sabot ngarandang, njiriktjlikan tina sakoe, tina boentēlan. Sesana aja tiloe poeloeh hidji noe barodagna, beuratna moal koerang ti 200 karat, noe lalautikna mah teu dibilang, leukleuk. Eta intēn noe sakitoe, oepama didoeitkeun matak beunghar, nadjan teu djadi meleoner oge, ari kaasoep golongan noe beunghar mah tangtoe.

Waas ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut, maroedoen ti Goenoeng Tiloe, tas ngagoeur pēpēndēman. Sanadjan koering tiloean salamēt, tapi hēnteu soeka gērah, ngan boengah djēroning ati, ngoetjap soekoer ka Pangeran. Tandoe Gagoel balik kosong; toean kapten lieuk deui-lieuk deui tibēlat koe noe geus nilar, tinggaleun di djēro goeha, dipērgasa nini Gagoel. Boeok-boeok tjētoek dawoek, robahna dadaksakala, koe lalakon doea peuting mopoek di djēro liang.

Barang nēpi ka sisi dajeh, njampak Injosi mapagkeun, diiring para gēgēden. Sabot ditinggalkeun njaba sapoeloeh poē teh Injosi teu tjtjng, gawena magēlaran, ngatoer² nagara djeung mēpēk deui pradjoerit, lantaran wadybala Koekoeana loba rontjongna koe pērang tea. Nja kēsit Injosi digawena, ti sadēg djadi radja teu aja poē noe kapitjeun. Tapakna katjiri, nagara mingkin beres, noe poegoeh mah dajehna tambah rarēsik.

Di karaton koering ditanggap tjarita, lalakon ka goeha. Injosi sarēgēp pisan ngabandoenganana. Dina lēbah Gagoel ditjaritakeun maot, Injosi ngahoelēng sakeudeung.

„Tjing Indoena sēpoe ka dieu,” basana — Indoena teh menak agoeng di Koekoeana — „Andjeun parantos sēpoe, manawi oeninga hal nini doekoen.”

„Bo, Goesti, abdi dalëm teh dilahirkeun sadintën reudjeung sarëng ejang soewargi.”

Injosi: „Tah, meureun oeninga keur anom ka nini Gagoel.”

„Goesti, tërang mah tërang abdi dalëm ka eta nini².”

Injosi: „Koemaha, ngora tjara mamang?”

Indoena: „Anoemawi Goesti, ti saemoet parantos kitoe roepina, teu bentën sarëng ajeuna. Malah sanggëm poen aki djënatna, roepina parantos kitoe, këlang kantoen toelang sarëng koelit, boe-oekna tjërëwing. Djaman poen aki tjarang² bae mah aja keneh boeoekean tjariosna, hënteu sapërtoes ajeuna doegoel pisan. Ti baheula kasohor dipikarisi, dipikasioeun, wireh seueur pangawëroehna, soemoehoen dawoeh.”

Injosi: „Teu aja ajeuna mah, parantos paeh.”

Indoena: „Salamët Goesti, nagara teh teu aja eta mah.”

„Injosi: „Parantos mamang, naroskeun sakitoe bae.”

Indoena: „Tigas dawoeh, amit moendoer.”

Injosi: „Mangga.” Malik ka koering njaritana. „Tah, kadarangoe koe sadaja kitoe papajan eta nini² teh. Oentoeng oerang salamët, ti ajeuna ka pajoen moal aja deui toekang goehira. Mangga la-djëngkeun deui tjarios.”

Koering noeloejkeun tjarita nëpi ka tamatna bidjil tina liang tea. Beubeunangan tina goeha ditembongkeun, malah ditawarkeun bisi Injosi kabitaeun, tapi teu daekeun njokot saese-ese atjan. Tidinja boebaran, koering toeloej ka patamon.

Sabot aja di Loe sënang-sënang bae, gawe teh ngan ngawang-kong djeung lantrak-lintrik, dahar leueut disoewoek nëpi ka lintoeh. Dëmi kapten Goed saënggeusna ditinggalkeun maot koe Nji Polata, robah adatna, djadi loenggoeh, kagërahna leungit samasakali, seurina tara njakakak. Lamoen manggih pikaseurieun, ngan oekoer imoet. Bongoh ti bätöer, sok ngalangeu kawas noe djaoeh panineungan.

Ngadago-dago soegan aja bedja, laratan adi sir Henry tea, teu aja bae, koering amitan ka Injosi, hajang moelang deui ka Doerban.

„Di dieu geus lila, kang poeta,” tjek koering, „ajeuna tjoendoek ka woekoe, ninggang mangsana, oerang teh koedoe patoeraj. Moega² noe di dieu sing toeloej-toemoeloej pinaringan rahmat salamët, nagara kërta rahardja. Koe kahajang ëmang isoekan

soeboeh² mangkat teh, nĕda didjadjapkeun koe pradjoerit saaleutan mah."

Raj Injosi pias, toeloej ngĕloek meungpeun koe leungeun doe-
anana, meunang sadjongdjongan. Koering tiloean repeh. Njah
tjĕngkat, toeloej ngadjawab: „Adoeh Ama, bangĕt poetra nja na-
langsa, ngoeping kasaoeran Ama kitoe. Na koe naon bĕt tega
bade ngantoenkeun. Naon kalĕpatan ka salira, Ingkoeboe, Ma-
koemazan sarĕng Bogĕwan. Waktos hoeroc-hara pĕrang dibelaan,
ari ajeuna parantos ngahĕnang-ngahĕning, naha bĕt bade dikan-
toen. Naha hojong naon? Hojong kagoengan istri? Mangga geura
milih sakahojong, tinangtos diajoenkeun. Hojong kagoengan ban-
djar karang, mangga geura milih, lĕbah mana noe kamanah. Ho-
jong boemi, kantoen miwarang, bahan aja, rahajat aja. Hojong
irgon², sakoemaha pamoendoet ditĕdoenan. Boeboeronan? Sanes
seueur gadjah, oentjal koemĕlĕndang di leuweung djadjahan Koe-
koeana? Oepami bale pĕrang, wadyabala sajagi, kantoen nga-
hajoekeun. Mangga sadaja-daja njanggakeun."

„Injosi," djawab koering, „lain eta noe diharĕp, ama hĕnteu
hajang noe kitoe, ngan hajang moelang ka bale geusan ngadjadi."

„Kahartos ajeuna mah," walon Injosi, „geuning bĕt langkoeng
asih kana batoe herang ti batan ka mitra. Batoe noe harerang
parantos kenging, ladjĕng hojong moelih ka Natal sarĕng tĕras
balajar. Oepami eta batoe parantos digingsirkeun, tangtos Ama
djadi soegih. Kitoe manawi kahojong teh, sapĕrtos oerang koelit
poetih noe sanes bae teu bentĕn. Moega² eta batoe noe harerang
djĕung sakoer noe nareanganana disapa oelah djamoega. Ti sĕ-
mĕt ajeuna ka hareup, saha noe wani loemanto ka goeha posetran,
oelah sambat kaniaja pĕgat njawana. Sakitoe sanggĕm
poetra. Ari parantos teu kenging dipoentangan mah, hĕnteu bade
mapalangan. Bade maroelih ngantoen para mitra noe di dieu, soe-
mangga."

Leungeunna koe koering ditjĕkĕl sarta diwalon:

„Injosi, oelah arek salah paham. Kieu geura rĕgĕpkeun. Bareto
teh waktos datang ka dieu, hidĕp teh hina laip, da sipatna djadi
boedjang, ari ajeuna rek ditinggalkeun teh geus djadi radja, moelja
toer kawasa. Teu matak kamĕmĕlangan ditinggalkeun oge, sagala
salieuk beh. Lamoen boga pikir rek moelang tarima, lampahkeun
djangdji tea, djadi radja koedoe adil, pageuh njĕkĕl kĕtjap, tĕ-

gēsna tigin kana djangdji djeung sing njaah ka njawa djëlëma. Sing ingët deui Injosi, waktöe hidëp ngantjlang di nagara deungeun, tjampoer djeung roepa² bangsa, geuning hate teu wëleh ngait hajang moelang ka lëmah tjai asal, oeroet oelin djaman keur boedak. Ama oge moal bina, da oerang pada djëlëma. Djeung deui hidëp ge njaho, ieu ngalalakon teh aja noe disoesoel-soesoel, ditëangan. Marga eta moega hidëp oelah leutik hate, pedah arek ditinggalkeun djeung oelah boga pikir teungteuingeun, lantaran lalakon ama tjan toetöeg."

„Lërës pisan, saöer Ama Makoemazan teu aja lëpatna. Lir oepami noe hibër di awang², moal ënja napak lëmah. Bangsa koelit poetih moal rësëp, moal soegëma tjampoer gaoel sarëng bangsa djëlëma hideung, boemen² di kampoengna. Ajeuna bade maksa arangkat ngantöen, teu tiasa moentangan, moeng bati nalangsa, hate asa karareueung, margi tangtos ëngke ka pajoen moal ngoeping wartos-wartosna atjan, sami bae sarëng dikantöen poepoes. Margi eta moegi kërsa ngadangoekeun ieu pihatoer sarëng, kërsa nëpiköen ka para saderek Ama.

„Kahidji. Ti sëmët ajeuna ka pajoen teu kenging aja djëlëma bodas asoep ka nagara Koekoeana. Oepami aja noe maksa asoep, tangtos dipaksa dioesir. Toeang poetra teu rësëp ka soedagar noe mawa bëdil sarëng inoeman këräs. Pradjoerit di dieu pakarangna tjoeköep koe toembak tjara karoehoenna, nginoemna tjai. Toeang poetra teu rësëp ka djëlëma noe sok ngadoa mawa binih djëdjërih. Oerang dieu noe wani ngalanggar larangan, moal diantëp, tangtos diragrangan hoekoeman.

„Kadoea. Dilarang djëlëma neangan batöe noe harerang. Oepami aja noe koemawani, tangtos digëmpoer nadjan sabaraha seuerna oge, goehana disina rëmpoe, liang² direumpeukan, soemoerna dioeroegan. Ieu larangan sami bae keur semah, keur oerang priboemi. Moeng sakantja Ama tilöean di dieu teu aja larangan.

„Katiloe. Bade diembarkeun ka soeklakna ka sikloekna, djëdjënëngan noe tiloe, nja eta Ingkoeboe, Makoemazan sarëng Bogëwan bade digëntos koe Këlopa, disamikeun sarëng radja² noe parantos poepoes. Saha² noe wantöen njëbat² djënëngan noe tiloe baris dihoekoem pati. Ieu teh minangka pangeling-ngeling.

Samemeh tjipanon bidjil sapërtos ti sotja istri, mangga geura djalëngkar. Moegi² wilöedjëng sapapaosna. Anoe bakal ngiring,

•njarëngan teu aja noe kapërtjantën, kadjabi ieu poen paman, mang Infadoes, mangkoeboemi di dieu, diiring koe pradjoerit saaleutan. Sarëng ëntong ngalangkoeng djalan kapoengkoer, noe kasorang koe oerang tea, tarahal teuing, aja deui djalan noe sanes, hënteu sa-koemaha waloeratna. Ieu mang Infadoes tërängeun.

Èngke oepami parantos tamat lalakon, tjalik sënang² di boemi, meureun emoet kana waktos oerang përang tjampoeh mërangan ratoe dolim.

Wilodjëng djëngkar, Ingkoeboe, Makoemazan, Bogëwan. Hatoer sewoe² kawilodjëngan keur sapapaosna, margi oerang teh moal patëpang deui. Ieu dintën panoengtoengan oerang patingali raraj."

Djoeng Injosi nangtoeng, toeloej mëlong ka sarerea, roep meungpeun, basana: „Mangga geura arangkat, lah teu kiat ningal."

Pok deui koering tiloean amitan: „Amit, Injosi, Radja Koe-koeana noe kawasa, didoakeun moega² ginandjar kasalamëtan sapapandjangna." Toeloej indit balik ka patamon. Sadatang-datang beberes.

Poë isoezna wantji djanari bring koering indit, dibarëngan koe Infadoes, sobat mëdok, diiring koe barisan si Megamëndoeng. Sakitoe peuting keneh, djaoeh kana beurang, tapi sapandjang djalan geus nojek djëlëma awewe-lalaki, malah bedjana lolobana mah sapeupeuting djëlëma teh teu sarare, sieun tinggaleun laladjo anoe rek moelang. Saban liwat lalaki ngahormat tjara ka radja, ari awewena ngadaroakeun soepaja salamët. Djalan noe kasorang ti boeroean keneh nëpi ka watës dajeh tjara diampar koe kë-këmbangan. Ieu teh pagawean awewe. Sigana njieunna pëta kitoe estoe bidjil tina ati wëning, lain gawe pangalapan, da roemasana geus didjait tina balai, awewe teu meunang dipaehan, didjieun wadal. Dihënteu-hënteu oge pikir ngangrës sadjëroning leumpang teh, katjida kasoeatna mah eta koe djalan diawoeran këmbang, nariatna awewe sorangan, teu aja noe marentah, teu aja noe ngabadamian.

Barang nëpi ka toengtoeng dajeh, manggih pikaseurieun, ngeunah nakër. Torodjol landjang geulis, keur meudjehna, kira oemoer toedjoeh wëlas dalapan wëlas taoen kitoe, loempat njampeurkeun, sok ngabaktikeun këmbang bakoeng sakeupeulan ka kapten Goed, sarta aja pamentana.

„Hajang naon?” tjek kapten.

„Gambaran,” omong nji landjang, „abdi teh lalakon opat dinten ti lëmboer, ngahadja dongkap ka dieu, hajang ningal sampean gambaran. Tjing sing hawatos, abdi panasaran, paparin ningal, soepados éngke tiasa njarioskeun ka anak-intjoe.”

„Alah, masing rek dihoekoem gantoeng oge moal,” tembal kapten. Sir Henry: „Ih, oelah kitoe Goed, karoenja.”

Kapten: „Ah, émboeng! Naon, teu poepoegoeh, era.”

Tapi kalah koe pada ngeukeuhan, toengtoengna noeroet. Goeriwël-goeriwël tjalana digelengkeun nēpi kana toeoer. Gēr awewe sakoer noe marēgat sisi djalan rame saloesoerakan, komo nji landjang tea mah mani adjret-adjretan bawaning soeka. Nēpi ka loear dajeh, sapanjang loba keneh djëlēma noe marēgat mah sisi djalan, kapten bitisna djadi tongtonan.

Geus djaoeh ti dajeh mimiti tiiseun. Infadoes njarita bari leumpang, njaritakeun djaba ti djalan Nabi Soelaeman teh, aja deui djalan gēde noe tēroes ka goenoeng, brasna ka tēgal siawat-awat tea, tapi samemeh nēpi ka dinja ngaliwat heula tanah lendo, rea tjai, soeboer toetoewoehanana. Sawatara taoen ka toekang — tjek Infadoes — aja toekang moro rek ngalasan manoeek naam. Morona kadalon-dalon, aprak-aprakan ka sagara keusik, andjog ka tanah noe soeboer toetoewoehanana tea. Ajeuna koering didjadjapkeun teh rek ditoedoeheun ka dinja.

Dina peuting kaopat nēpi ka poentjak goenoeng, watēs nagara Koekoeana. Isoekna isoek² geus nēpi ka sisi gawir. Ti lēbah dinja kira² doea poeloeh lima mel kalereun poentjak Goenoeng Sjeḅa, noe kaliwat bareto, ngēmplong ka sagara keusik tea beulah kalerana. Infadoes njampeurkeun, pok ngomong bari doemareuda: „Moeng dongkap ka dieu tiasa djadjap teh.” Toeloej koering andoem salam. Karasa beuratna rek patoeraj djeung sobat dalit. Kapten Goed mere tasma ka Infadoes, tanda pangeling-ngeling. Rap harita keneh dipake, tina atoh boga tanda-mata ti sobat.

Sanggeus barisan si Megamēndoeng mere hormat, koering tiloan sili gēnti tatabean djeung Infadoes, toeloej moedoen ninggalkeun noe ngadjadjapkeun. Ari poedoenanana, lah lain poedoenan heuheureujan, gawir loengkawing, tjadas teuas garoerawes. Toeroen teh ngarajap njanghareup ka tonggoh, soepaja leungeun bisa moentang djeung oelah lēwang ningal ka lēbak.

Dimana eureun kakara njanghareup ka lëbak, soekoe tingsereset paoer, ningal batoer noe ti heula toeroen; ari sorosod soekoena lënjap hate, da eta siga noe rek koleang ka lëbak, pantësna gëdjret, rëmoek pisan. Tapi salamët sarerea, teu aja kitoe-kieu. Wantji sareupna geus aja di noe datar. Ari direret oeroet moe-doen, ngadingding gawir loengkawing, djalan teh nandjeur sëlëke kana tjadas hiroep.

„Soegan moal aja deui di alam doenja mah ënggon bahja tjara di Koekoeana,” omong sir Henry.

„Ah, doeka teuing,” tembäl kapten, „da eta moen balik deui teh ka itoe, daek.”

Toeloejna biasa bae ngawangkong, pada njaritakeun rarasaan. Njarita teh ngarioeng doeroekan, bari sidoeroe. Timbangan koering mah sagala oge aja hikmatna, oenggal² tjojta aja goenana. Tapi sanadjan koering geus kolot, geus mindëng ngarandapan pakewoeh, ari ras kana waktöe përang geus di lingkoeng koe meesoeh djeung basa dikërëm di djëro goeha mah, teu wëleh birigidigan.

Isoekna toeloej deui, mimiti ngambah tëgal keusik, tapi teu matak salëmpang, da aja toedöeh djalan, tjai sadia mawa loba. Poë katiloena geus nëpi ka tanah noe soeboer tea, waktöe reup-reupan teh geus deukeut ka sisi tjai, sora waloengan tetela kadenge ngotjorna.

XX. AMPROK.

Biasana noe sok disëboet adjaib teh sakoer² noe teu kaharti atawa noe teu dinjanaan, bët kadjadian.

Koering leumpang miheulaan batoer, toeloej mapaj sisi waloengan madjoe ka hilir. Lëbah noe tanahna keusik, waloengan teh boentoe, teu aja toeloejna, doeka kadal-mëtëng soegan. Koering nangtoeng bari larak-lirik, teu aja naon², toeloej ngoeriling ngawas² ka noe djaoeh. Teu sakoemaha djaoehna ti koering siga aja pondok, kahalangan koe tatangkalan. Pek ditëgës-tëgës, tetela pondok aja pantoan. „Ënja imah kitoe?” omong koering dina hate.

Kabënëran braj pantona moeka, djol aja noe bidjil, koemisna hideung djalatreng, badjoena koelit ëmbe sigana, toeloej leumpang teu djëdjëg, soekoena djingkroeng sabeulah. Heg ngoesap beungeut, njamahan maneh, bisi deudeuleuan woengkoel, da moestail

aja paboeroe boeboeara di noe hara-haraeun. Keur ngawas-nga-
was, sir Henry djeung Goed njampeurkeun.

Tjek koering: „Tjing itoe awaskeun, ěnja djělěma atawa ngan
deudeuleuan koering bae?”

Toeloej koe noe doeaan ditěgěs-těgěs. Gěro noe boga pondok
teh djeung toeloej loempat maksoedna mah, djigroeg-djigroeg broe
ngaĵolor pisan. Ngan sadjelat sir Henry moeroe, rek noeloengan
noe laboeh. Ari gok gěro sir Henry: „Ja Allah! ieu geuning doe-
loer aing!” Toeloej digoeloeng, ditjeungtjeurikan.

Koering djeung Goed hěnteu tjahěeleun, gantjang njampeur-
keun. Tajohna kaget aja noe ngagěro, torodjol aja deui noe bidjil
ti pondok, mawa bědil loempat moeroe. Srog ka hareupeun koe-
ring, gěro deui manehna teh: „Ieung! Makoemazan! lali deui ka
abdi, Jim tea.” Ngomongna bari tjeurik ngarawoe kana soekoe.
„Roemaos abdi gadoeh dosa. Kapoengkoer sěrat pasihan teh itjal,
doeka lěbah mana moeragna, atoe hěnteu kasanggakeun ka doe-
noengan, malah hěnteu njanggěm² atjan, dititipan sěrat.”

Djawab koering: „Bagea Jim, soekoer kapanggih tjageur. Keun
bae soerat mah, da doenoengan maneh geus kapanggih.”

Katjaritakeun noe laboeh kalěngěr, noe digoeloeng koe sir Hen-
ry, geus patangtoeng-tangtoeng tas silih rangkoel.

Omong sir Henry: „Alah Djorěs! panjana teh maneh geus paeh.
Akang teh něpi ka ngaliwat itoe toeh, Goenoeng Soelaeman, maloe-
roeh maneh, tapi wěleh teu manggih bedja² atjan. Na teu njana
teuing, baris kapanggih di dieu, di ěnggon noe hara-haraeun,
djaoeh ka dieu-djaoeh ka dieu.”

„Maksoed mah koering oge rek ka ditoe, rek nandjak ngaliwat
eta, gěgěr pagoenoengan Sjeba, ngan orokaja soekoe tjilaka. Atoeh
teu bisa, balik pon nja kitoe, nja tjitjing bae di dieu, geus meh
doea taoen, kadoea “si Jim.”

Koering ngadeukeutan bari mere salam: „Hatoeran toean Ni-
pella. Emoet keneh ka koering?”

„Aeh, soemoehoen. Sanes toean Koeatěrmin ieu teh? Jaktos,
paninggaran noe kasohor tea. Aaeh, etah toean Goed sigana,
jaktos? Ke, naha ieu hělieur. Alah, tadina mah asa djadi djělěma
noenggělis hěroep di alam doenja teh. Teu njana teuing ajeuna
pinanggih bagdja.” Gabroeg ngarontok sir Henry, tjeurik sěsě-
groek kana dada sir Henry.

Peuting harita ngarērēb di pondok, batoer-batoer di loear mariroen seuneu. Nēpi ka liwat tēngah peuting ngarioeng sosoan. Djorēs. Koertis njaritakeun lalampahanana. Kieu ringkēsna: Kira² doea taoen ka toekang manehna indit ti Sitanda rek ka Goenoeng Soelaeman. Pērkarā soerat ti koering teu kasabit-sabit, da kakara njahoēun harita. Manehna teu koengsi ngaliwat pagoenoengan Sjeba, panoedoehan oerang Sitanda koedoe tēroes bae ngaler, nja datang ka lēbah dinja. Keur dioek di sisi waloengan noe tadi tea, ngadagoan si Jim ngala madoe teu kanjahoan aja batoe seukeut ngagolosor tina gawir, njabēt kana soekoena noe katoehoe. La moen nēnggēl ngagoeloetokna, meureun boeboek soekoena. Oentoeng ieu mah ngan oekoer raheut, tapi raheutna pohara. Eta teh kakara ngēndēk sapeuting di dinja, toeloej meunang tjilaka teh. Koe lantaran teu koeat loenta djaoeh, da toeloej tjatjad djadi pintjang geus tjageur oge, njaoeng² njeun pondok. Dahareun mah teu kakoerangan, da si Jim bisa moro. Papakeanana beak, diganti koe koelit.

„Tah kitoe.” tjek noe ngadongeng, „geus meh doea taoen nēpi ka ajeuna, njaoeng² di dieu noeroetan Robinson djeung si Djoe-maah. Raj beurang, reup peuting ngarēp² soegan aja oerang lēm-boer, noe loemanto ka dieu loepoet. Kamari mah tetekadan rek nitah si Jim ka Sitanda, menta toeloeng; isoekan piinditeunana. Ieu teh lahlahan, da biheung nēpi biheung moal si Jim ka Sitanda, didjoerengkeun soteh koe tina bangēt teu bētah aja di dieu, teu aja gawe, hiroep diparaban si Jim. Tajohna tēroes rasa, tara² ti sasari sareupna hajang bidjil ti pondok. Ēmh, Henry, roemasa bae disēboet goreng pikir oge, tjek tadi: meureun akang keur ngeunah² bae di nagara ngatjak ngēboer, ngaladjoer napsoe, naon, da sagala aja, salieuk beh, moal aja kahajang anoe hēnteu kasorang, ari seug doeloer nja tjatjad nja kasangsara, sasat kasingsal ti alam doenja. Koe sabab eta beak² menta dihampoera. Reboe² noehoen ka Robboelālamīn diparēng ditēpoengkeun deui djeung doeloer.”

Toetoepe Djorēs njarita, ditema koe sir Henry. Mimitina ngoepahan djeung pērkarā noe ēnggeus² njarek dipikir deui, boeroek² papan djati, djeung doeloer mah euweuh oeroetna. Geus kitoe njaritakeun lalakon koering tiloan gēmēt nēpi ka amprok harita.

Keur boekti koering nembongkeun intēn noe baradag.

„Djaba ti doeloer kapanggih teh, meunang bagdja deui, gēde boeroehna,” omong Djorēs.

Sir Henry seuri: „Hih, eta mah beubeunangan Koeatērmin djeung Goed, akang mah teu beubeunangan. Koe salamēt badan oge geus atoh. Djeung bareto waktōe rek indit geus njieun pērdjangdjian, akang moal karōoh koe beubeunangan salila ngalalana, gēde-leutik milik noe doeaan.”

Geus rineh koering njarita, intēn teh milik sarerea, nja eta koering tiloean, djadi rek dibagi rata bae, ditiloekeun. Lamoen sir Henry teu narima, bageanana rek dišerenkeun ka Djorēs, da ieu oge miloe hese tjape, malah nēpi ka meunang tjilaka, toeroeg² Djorēs lantaranana pang meunang intēn teh. Koe sarerea karēmpoegan. Geus toendoeh doeg sarare.

Lalampahan ti pondok Djorēs nēpi ka Sitanda ngaliwat tēgal si awat-awat tea, teu pērloe ditjaritakeun, da nja tjara basa keur madjoe tea bae ripoehna teh, komo ajeuna leumpang teu bisa gantjang, ma'loem barēng djeung noe ripoeh. Soekoe Djorēs teh tatjan tjageur pisan, pek dibawa leumpang sakitōe djaoehna, atōeh kantjeuh, bareuh deui. Tapi ka Sitanda teu boeroeng nēpi. Kasampak toetoendaan aja, euweuh noe tjtjeng. Kawasna noe dititah noenggoean teu pati atoh, koering datang deui teh, teu toeloes meunang warisan.

Heuleut gēnēp boelan ti waktōe indit ti Sitanda koering geus datang ka Berea, lēmboer deukeut Doerban. Koering toeloej andoem salam djeung sarerea, sabab koering toeloej matoeh di Berea.

Barang ieu karangan koe koering geus rek ditoetoep, di handapna rek noelis tamat, djol aja noe mawa soerat ti pos. Tjek dina hate moal salah soerat ti sir Henry. Ari breh tjapna rimbil sababaraha hidji, tetela ti sir Henry, ditanggalan 1 October 1884.

Eusina soerat: njaritakeun njoesoel soerat noe ti heula, ngabedjakeun salamēt geus nēpi ka Inggris. Ti kapal toeroen di palaboean Southemton. Ti palaboean tēroes bae moeroe ka imah, teu barasimpangan heula. Isoekna kapten Goed geus kasep deui. koemis, godeg djeung djanggot bērših dikoeroed. Pasesore pēlēsir ka taman, proekprok djeung sobat², kawawoehan, kabeh pada ngabageakeun, misono.

Bitis Goed didongengkeun ka sobat-sobatna koe sir Henry.

•Barang dongeng bitis aja dina soerat kabar, kapten ambĕk-ambĕkan, keuheuleun ka noe ngasoepkeunana.

Ari intĕn geus dibawa ka soedagar gĕde, soepaja dipangmilihkeun djeung dipangnaksirkeun. Anoe aloes katjida sorotna aja doea noe galĕde, tjĕnah saroea djeung intĕn Brasili. Pangangoeran eta intĕn teh kabeh ditawarkeun, ki soedagar kageteun, lantaran kakara aja noe rek ngadjoeal intĕn sakitoe lobana, basana saha noe pimeulieunana, pangadji joetaan. Hadena tjĕnah didjoealna koedoe ditoengtoet bae dina sataoen sawareh. Eta soedagar oge nawar pangadji saratoes dalapan poeloh reboe oekoa. Saeutik nakĕr noe ditawar sakitoe teh.

Dĕmi koering koedoe balik ka Inggris, pĕrloena tjĕnah doemeh Djorĕs geus didjangdjian, rek dibere sapĕrtiloe bagian tina intĕn tea, dina ngabagikeunana koedoe djonghok tiloeanana.

Kapten Goed saban poĕ gawena ngan ngasep, ngaginding djeung pĕlĕsir ka tĕmpat² noe sirna. Sok radjeun digondjak, soegan geus niat rimbitan. Djawabna tjan manggih noe tjara Polata mah nĕpi ka kiamah oge, moal boga pamadjikan. Madjarkeun teh nĕpi ka ajeuna tatjan manggih deui awewe, anoe katĕgĕpanana mapakan Polata, potonganana, patoetna, boedina, ngomongna, lĕmĕs hatena. Beuratna ka Polata teh ĕnjaan, njĕrĕp kana lĕlĕmboetanana.

Toengtoengna pok deui sir Henry, ngeukeuhan koering koedoe balik ka Inggris, da tjĕnah naon deui noe disiar, beunghar ĕnggeus, oemoer geus loehoer, noe dibelakeun anak sahidji keur sakola di Inggris. Deukeut sir Henry aja noe rek ngadjoeal pakarangan katoet imahna. Pok deui koering koedoe balik, soekoer² beh dieu-beh dieu.

Karangan lalakon tiloean koedoe dianggeuskeun.

Lamoen satampana soerat koering moelang, pidatangeun ka Inggris mĕnĕran Kerstmis, nja eta hari bĕsar wĕwĕtonna Nabi Isa, njampak sarerea aja. Djorĕs, Goed djeung anak koering.

Panoetoejna soerat, koering diarĕp-arĕp, nadjan ngan oekoer saĕlol.

Aeh, aja implik-implikna, njaritakeun gading gadjah, noe mah ehan Kipa, digantoengkeun di pĕrtĕngahan, loehoereun tandoek banteng, pamere koering. Geus diome mah tandoek teh aloes pisan,


herang tjénah. Gobang oeroet përang, noe dipake neukteuk beuheung Tëwala, digantoengkeun loehoereun medja toelisna. Karëpna sir Henry hajang mapaesan kamar-kamarna koe paparabotan ti Koekoeana. Simboet Polata, oeroet ngagegembol intën tea diomat-omat koedoe dibawa.

Dipikir-pikir koe koering, ënja përløe koering koedoe balik heula ka Inggris teh, djaba ti nëpoengan sobat djeung neang anak, sakalian bari rek njitak ieu karangan. Oeroesan njitakna djeung mariksana hajang oelah koe batoer. Harita teh, waktøe nampa soerat, poë Salasa, ari di Djoemaahnä aja kapal noe rek balajar, kaboeroe keneh koering noempang kana kapal eta moelang ka lëmah tjai.

TAMMAT.







MUSEUM
PERPU
Museum Dew